ТӨРЕШ АЛЛАНАЗАРОВ



# АЙДОС БАБА

*Пьесалар*

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
1992

www.ziyouz.com kutubxonasi

84 Кар 7 Алланазаров Т.
А 53 Айдос баба: *Пьесалар.* Нөкис — Қарақалпақстан, 1992. 140 б.

Искусство таныў илимлериниң кандидаты, белгили драматург Төреш Алланазаров көп санлы сахналық шығармалары арқалы китап оқыўшыларға ҳәм тамашагөйлерге кеңнен мәлим. Қолыңыздағы китапқа оның «Айдос баба», «Султан сүйегин қорламас» атлы пьесалары киргизилди. «Айдос баба» пьесасы «Бахытсызлар» романының мотивинде жазылған «Султан сүйегин қорламас» пьесасы, архив материаллары тийкарында жазылып, онда рус ҳаялының тәғдири, оның туўылған елине деген сағынышлы сезимлери, Бутаков экспедициясы себепли өз әрманына жетиўи сүўретленген.

А $\frac{4702270203-098}{М-357(04)92}$ 49—92

ISBN 5—8272—1228—8

© «Қарақалпақстан» баспасы 1992

www.ziyouz.com kutubxonasi

# АЙДОС БАБА

## ҮШ БӨЛИМЛИ ТАРИЙХЫЙ ТРАГЕДИЯ

*(Қарақалпақстан халық жазыўшысы Т. Қайыпбергеновтың «Бахытсызлар» романы тийкарында)*

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАТНАСЫЎШЫЛАР

| | |
|---|---|
| Доспан | Айдос аўылының падашысы. |
| Қумар, | Есенгелди маҳремниң қызы. Мыржықтың қалыңлығы. |
| Айдос бий, | Қолдаўлы урыўының бийи. |
| Жандулла гүрре. | Жетим жигит. |
| Бегис. | Айдостың үлкен иниси. |
| Мыржық. | Айдостың кишкене иниси. |
| 1-уры. | |
| 2-уры. | |
| Жақсылық ғарры, | Доспанның әкеси, соқыр. |
| Есенгелди маҳрем, | Маҳремликтен түскен, көше бийи. |
| Айтмурат қызыл бет | Қоңыратлы Төремурат ҳәкимниң нөкербасысы. |
| Әлий, | Айдос бийдиң атқосшысы. |
| Жаршы. | |
| Қәдирберген бий, | Қыят урыўының бийи. |

Массовкада аўыл адамлары, жетим балалар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# БИРИНШИ БӨЛИМ

## АРАЗЛАСЫЎ

### *БИРИНШИ КӨРИНИС*

*Автордан*: 1806-жыл даңғаралы «Айдос аўылы», усы аўылдың падашысы Доспан күндеги әдетинше таң-ала геўгимде шаңлаққа келип: — Малынды айда-а-а-а!!! — деп даўысының барынша сүрен салды. Тумлы-тустан мөңиреспп, шаңлақты басына көтерип, келген падасын топлап аўылдан шығып баратырғанда, Доспан өз аўылының келбетине сығаланып бир қарап еди, көз алдында шоқ жулдыздай елат турды. Бул аўыл араларынан қырынлаған адам зорға сыярлық қылып тигилген бес отаў, отызқырық жаман қара үйлерден, қамыс қақра, ылашықлардан, гәўмис тышқан инлерине мегзес болған жертөлелерден ибарат еди. Таң атса үш жүзлеген дүткиштен түтин көтериледи. Доспанды булардың ҳешқайсысы қызықтырмады, еки көзи сол бес отаў таманда болды. Күншығар шеткиси Айдостың ата мийрасы, оннан соңғысы мийманхана, ортаңғысы жатақхана, төртинши отаў тете иниси Бегиске, күнбатар шеткиси киши иниси Мыржыққа бағышлап тигилген еди. Түтин көтерилмегенине қарап «Айдос бий еле Хийўадан келмепти» — деп шамалады. *(Пауза)*

САХНА

*(Перде ашылады. Қамыслы көл көриниси. Шуўылдаған көл шаўқымы... Сахна ортасында диңгек, Доспан жуўырып келип диңгекке минеди... Сахна қараңғыланады).*

*Автордан*: Доспан усылайынша гүбирлениўи менен, узақлап кеткен паданың изинен қарады. Жазда өзи үйген бул диңгектиң басында турып, шеңгел тырнаған жиликлеринен сызатланған қанды қолы менен сыпырып жиберип, пададан көз айырмай, азғана ойланып турып қалады.

Усы мәҳәли «Көк өзек» таманнан бир жекке атлы пайда болды. Көк мақпалдан камзол кийип ат үстинде көгершиндей болып отырган бул атлы қыз еди. Ол кең жаўырынлы падашы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ның туў сыртынан бираз қарап турғаннан кейин, қундыз қыстырғышлы қызыл дегелейин басыңқырап кийип, алдына түскен майда бурымларын артына қайырып таслады да атын әстен айдап келип, өз ойы менен бәнт болып турған жигиттиң көзлерин басты. Доспан ойламаған бул ҳәдийседен ҳаўлығып, жығыла жазлап зорға қәддин тикледи ҳәм ири саўсақлары менен қол үстинен сыйпалап, нәзик сүйриктей бармақларындағы жүзиклеринен қыз қолы екенин сезип, бәккем басып қалды.

*(Сахнаға жарық бериледи. Диңгек үстинде Қумар, Доспанның көзин басып турады).*

Қ у м а р. *(Дәлкек қылып)* Айна ма, тарақ па?

Д о с п а н. *(Жалынышлы)* Жоқ, жибермей тур, өзим табаман.

Қ у м а р. Айна ма, тарақ па?

Д о с п а н. Айна.

Қ у м а р. Әне, айнаға қара. *(көзин әстен сыйпап жибереди).*

Д о с п а н. *(көзи қамасыңқырап барып)* О! Қумар, сенбе едиң?

Қ у м а р. *(сөзди бурып)* Өйбей балай! Мынаў диңгектен көл етеги ап-анық көринеди екен ғой.... Ат үстинде онша емес... *(пауза)*

Мойынла Доспан, албырадың ба, жоқ па? *(Қумардың жайдыр ала көзлери күлимлеп, уялшақ жигитке сүйеў қыла сөйледи).*

Д о с п а н. Атымды қалай билесең?

*Автордан!* Доспан бул қызды таныйтуғын еди, бирақ оның «падашы» демей, атын айтқаны айрықша қуўантып, ойында не барын умытты, алдында қыз емес, лаплаған қуяш турған яңлы, жүзин төмен алды. Усынша, сулыў, көрнекли қыз излеп келип, көзин басып ойнағанына өзин бахытлы сезди, жигитликтиң әлле қандай күши мойнын көтерип көз астынан сығалаўға мәжбүрледи. Қынша белин қызыл түрме менен бир қысым қылып буўған айдай жүзли, қаслары қәлем, оқ кирпикли бул сулыў, қарақалпақлардан ең биринши хан мәҳреми болып, ҳәзир бий дәрежесине түскен гарры Есенгелдиниң қызы Қумар сулыў еди. Доспан оның Мыржық палўан менен ат жарыстырып баратырғанын бир жола көрген.

Қ у м а р. Сендей жигитти билмеўге бола ма? Баяғыда Мыржық пенен өтип баратырып сени усы диңгекте көрип «аты ким» деп сораған ман. Доспан айтшы, берекет тап. Сен қай жерликсең? Аты-жолыңды азғана таныстыршы?...

Д о с п а н. *(Уялып өз өмир жолын еследи).* Әкем Жақ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сылық уллы Маман бийге атқосшы болып, ақыры оның қолынан қаза тапқан, Аманлық дегенниң жалғызы. Жас Айдос бий, Хорезмге келген жетим Жақсылықты атқосшы қылыўды гөзлеген, Хийўа тәрбиясын алған бул жас бийдиң ойынша әри дуўпыяз, әри дана, әри қарыўлы, әри шығысы да дәстиярлы болыўы керек екен. Оннан бул белгилердиң бәрин бирден таппай өз урыўласы Алий дегенди атқосшы қылып, Жақсылық-тың күшинен пайдаланған. Дийханы қылып жумсаған. Ол отыздан асқанда көзлери ләкет, бели қуныш бир қызды әперип, оны шаңырақ қылыпты. Соннан мен туўылғанман. Мен жаңа беске шыққанда елге тырыспай жайылып, анам қазаланады. Әкем бәрҳа жетелеп, азаннан кешке шекем кисиниң хызметин қылса да, бир рет ҳәм бахтына налынған емес. Базда мен анамды еслеп жыласам, аўылда өлим шықпаған бир үйдиң жоқлығын, базы үйлердиң босап қалғанын есине алып:

— Қой қозым, «бахытсызлар жылайды, әкеси менен қалған сен бахытлысаң» — дейтуғын еди, мен он екиге шыққанда әкем бас аўырыўға шатылып, еки көзден масыл болып қалды. Ол сонда да налынбады.

— Сен барсаң, бахтым бар қызым — деди ҳәм Айдосқа барып, маған падашылық жумыс әперди. Мен, мине соннан баслап аўылдың малын бағаман. Ҳақысына мал ийелери нәўбет пенен әкем екеўимизге өлмес аўқат напақа береди. Падашы болғалы да сегиз жыл болды.

Қ у м а р. *(ойланып қалады. Бирден бир гүмис теңгени Доспанның қолына услатады).* Мә, мынаны шай пулы қыларсаң. Айтқандай, бүгин бул жағадан Мыржық өтпеди ме?

Д о с п а н. Көре алмадым.

Қ у м а р. Ал, яқшы Доспан... Саў бол, мен кеттим... *(Диңгектен секирип түсип, қамшысын былғаў менен шаўып кетеди. Доспан түс көрген секилленип алақанындағы гүмис теңгеге бир, қыздың изинен бир қараў менен лал болып турып қалады. Сахна қараңғыланады, авансценаға прожектор жақтысы бириледи).*

*Автордан*: Айдос бий елден өндирилген салғыртты Хийўаға апарып тапсырыўға кеткеннен үш айда оралып жаңа киятырған еди. Ол оғыры ашыўлы. Тосыннан диңгектиң үстинде зиңкийип турған Доспанды узақтан көрип гилт тоқтап, азғана ашыўы



www.ziyouz.com kutubxonasi

тарқалып, жол азабын умытты. Атын байлады да өзин билдирмей Доспанның қасына келди ҳәм оның кейнине сер салып бақты.
*(Сахна жақтыланады, Доспан ҳәм Айдос көринеди).*

Айдос. Ҳәй зиңкийген ағаш, анаў албаслы ким? Керекли нәрсе екен. Әттең, сулыў қатын байының маңлайына шыққан шүйел. Ҳәй неге жуўап бермейсең, ким өзи *(Доспан өтирик дәлил таба алмай ким екенин айтып қойды).*

Доспан. Есенгелди маҳремниң қызы Қумар сулыў, бий баба. Алжыған ғарры! Улы турып, қызын атқа миндирип қойғанына қара.

Доспан Ҳәй! Ҳәй гәл! Гәл деймен Тоқымбет тақыўа менен Халмурат шанаштың қасқа қашары қақшыйысып қашып баратырысына қара. Мен ҳәзир бий баба! *(Кетеди, сахна қараңғыланады. Авансценада прожектор жақтысы).*

*Автордан:* Айдос өзиниң бийорың сөйлеп, надан алдында әззилигин көрсеткенине пәнт жегендей, қамшысын атының саўрысына шырп еттирип, бирден жүрип кетти.

— Айдос ҳәзир огада ашыўлы, орасаң ойлы.

— Айдос бий болып атқа мингенде әкеси көп ғаррыларды жыйнап пәтиясын алған еди. Олардың қыйлы-қыйлы кеңеслерин ядында қалғаны мыналар болды: «Басшы көп сөйлемесе иши толы сырлы сандыққа усайды. Ҳәммениң оны ашқысы келеди. Ашпырмасаң абрай да әниўайылықта сенде».

— Тап усы кеңеске әмел қылғаны себепли ме онда булжымас бир минез қәлиплести. Көп сөйлемейди, кеўлинде қатламқатлам қанша сыр жатырғанын өзгелер түўе, иниллерине де, атқосшысы Әлийге де туйдырмайды.

Усы сапары, Хийўадан шыққан пәтте, өз-өзинен бир сарсылды дейсең қоя бер. Ханның сарайына толып тасып киресең босанып шыққанда таяқ тийген буралқы ийттей қалжаўрап шығасаң, деп сарсылды. Отыз жылдан аслам ханга салық тасыған Айдостың атын ертлеп, Хийўаның жолын ақтабан қылған атқосшысы ҳәр сапары оның я жүзинен я көзлеринен я отырысынан, я қамшы услаўынан ханға иренжигенин билсе де бүйтип тоңқылдағанын ҳеш еситпеген еди. Ҳайран болды.

Айдос бий алыстағы шоқ қамыслыққа кирип кетиўден Жандулла гүрре менен он-онбир жаслар шамасында бир бала Доспанды излеп минберге келди.

Айдос аўылының жетимлеринен онлағаны жәмлесип, шеттеги төлелердиң биринде жасайтуғын еди. Олар ҳәр күни еки бала болып Доспанның изинен көлге келип, сыйырларды саўып сүт әкетер еди. Ҳәзирги Доспанды излеп келип турғанлар да сол жетимлердиң басшылары. Ҳәр қайсысында жуптан аўыз қабақ бар. Доспанның иши қым етти.

*(Сахна жарықланады. Даладан Доспан жүўырып келип, Жандулланы көрип гилт тоқтайды).*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Доспан. Жандулла, бүгиннен баслап бул әдетти таслаңлар. *(Жандулланың тар маңлайы жыйырылып, қойыў қара қаслары бир жерге үйилди).*

Жандулла. Не ушын?

Доспан. Солай.

Жандулла. Ҳә, билдик. Айдос бий қасында гирттай гидирип сөйлескенге, қәпелимде көзиңди май байлапты.

Доспан. Сизлер сонда қайда едиңлер?

Жандулла. Бизлерди көрсе, сени жазықлы қылар деп анаў бүкке жасырынған едик.

Доспан. Ал, енди Жандулла, балаларға айтып бар. Баққан сыйырларымның ийелерине енди қылаплық қылмайман.

Жандулла. Усыдан бос қайтарсаң, аман жүрмен деме. Жыйналып келип он еки мүшеңди он екиге пуштарлатаман. Ойлан, соқыр әкең жылап қалады.

Доспан. Өзлериңиз билиңлер. *(Жандулла гүррс ертип келген баласының қуйрығына бөрденек берип, алдына салды да қайтты. Доспан таралып кеткен падасын топлап суўатқа қайырыўға айланысты).*

## *ЕКИНШИ КӨРИНИС.*

*Автордан*: Айдос бийге дәрек гүмбирлеген бес отаўдың алды. Ерте азанғы мәҳәл. Бегис түргелип кийиниўге қолайласып атыр еди. Мыржық та турды. Олар жаңа от жағып атырғанда, қоңсылас аўылдан биреў сып етип кирип, еки уры айдап келгенин хабарлайды. Бегис те, Мыржық та Айдоссыз даў шешпейтуғын еди, бир-бирине жалтақласты. Әжағасының жоқлығын айтып қайтарыў екеўине де биртүрли көринди. Сонда да сыпайылық сақлап, ҳақыйқатлықты айтыўға туўра келди.

Жолбарыстың үлкени де, ортаншысы да, кишкенеси де бәри бир жолбарыс емес пе? — деди урыларды айдап келген киси. Асығыс едим. Ат та өзимдики емес. Қылмысларын айтайын, биреўиниң жазасы аўыр. Хийўа жақтан зорға таўып әкелген бир сабаў пахтамды урлады, екиншиси қаўыныңды урлады. Екеўин де тутып: қоса айдап келдим.

Еки туўыснан және бирине бири, қарасып «не қыламыз» дегендей ым қағысты.

Бегис. Қәне урыларды көрейин, — деп шығыўға қолайласты. Жасы үлкенниң сөзин сындырып көрмеген Мыржық та қосыла шықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## САХНА

Перде ашылады. Бес отаў алдындағы майданша көринеди. Шала-пула кийинген кисилер, қатын-бала-шағалар топарласқан. Бир арқанга қосақланып, бир-бирине сүйенисип турган урылар көз астыларынан сығалайды, бири неликтен де жымыйып күледи.

Бегис. *(топланған аламан, урыларга көз жиберип бир шолып шығып)*. Хош, гүнакарлар мыналар ма?

1-уры. Сизлер әдил жаза бере аласызлар ма? Үлкен бий қайда?

*(Мыржықты ашыў қысып, сөйлеген урының ийегиниң астына барып-ақ қалды).*

Мыржық. Өзиң урыдан келип, ғыжақ бересең-а? Сен не урладың?

1-уры. Урлағаным бир қаўын!

Бегис. Заңғар, урлықты сен емес, биз еслегендей бақырасаң-а! Ал сен не?

2-уры. Бир сабаў пахта *(Мыржық, Бегис өзлерин шетке алады, сахна гүңгиртлеседи).*

*Автордан*: Еки туўысқан урыларды әкелген кисини жетелеп бир шетке шығарады. Өз-ара мәсләҳәт салады. Жагдайларды анықлады. Қаўын урысына бурыннан соңғы жаза бир шаппат. Пахта урысын қалай жазалаў керек? Көп жагдайда Айдос бий сыйыр урлағанды жети күн шыбынға байлатар еди.

Бир сабаў пахтаның баҳасы бир сыйыр. Бир сабаў пахта ийирилип тоқылса бир көйлек-иштан ямаса бир көрпеге астар болады. Соның ушын да, ол уры бир ҳәпте шыбынға байланыўы менен нан, суў бергизбеске ылайық. Олар бираз ойласып қайсысына қандай жаза бериўди келисипти. Майдан қайта айналганда, қоңсы-қобалардан әдеўир-ақ адамлар жыйылып қалған еди. Көше бийлериниң бири Қәдирберген бий де киятыр екен Бегис алга өтип, жыйналғанларға урылар ҳаққында түсиник берип жазаларын дағазалады.

*(Сахна жақтыланады. Мәсләҳәтшилер көпшилик алдында оралады).*

Бегис. Қаўын урысының шекесине бир шаппат урылсын. Пахта урысын бир жума арбаға байлап, суўдан басқа аўқат бериўди қадаған етилсин.

Көпшилик. Дурыс жаза! Дурыс! Дурыс!

*Автордан*: Шаўқым басланды, ала топалаң болды, жазалылар ҳаққында ҳәр қыйлы әңгиме, ҳәрекетлер бола баслады. Мақуллаўларға еки туўысқан тецнен мардыйып, жазаны тез иске асыртты: қаўын урысының шекесине ийеси келип керилип бир муш урды, пахта урысы ушын көкиреги сынық арба таўып әкелинип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

дегершигине беккем етип шандылды. Мине усы ўақытта киснеген ат даўысы еситилди. Қаяқтан, қай ўақытта келсе де, аўылға араласқан Айдостың атының бир киснейтуғын әдети бар еди. Урыларды жазалаўға қатнасқанлар жаңа тарқасып баратырғанда, таныс ат даўысын еситиўден ҳәмме жеткен жеринде табанлары жерге жабысқандай гилт тоқтасып, жым-жырт болысты. Аўылласларын ырза қылдық деп ойлаған еки туўысқан, енди ағасынан мақуллаў еситкенше асығып, ишке кирмей шийге сүйенип турды.

Айдос көринди. Мыржық ҳәр қашанғы әдетин қылып, жуўырып барып атын жылаўлады. Ишке Айдос бий кирди.

Айдос. Бул не ҳәдийсе?
Бегис. Уры.
Айдос. Ҳә азаматлар! Урыны тутыў, жазалаў үлкен ис.
Мыржық. Өзлеримиз жазасын да бердик, әжаға.
Айдос. Ҳә-ҳә бәлелер. Қәне не жаза бердиңлер?
Бегис. Мынаў қаўын урысы, жазасы бир шаппат. Мынаў пахта урысы, жазасы бир ҳәпте шыбынға талатыў ҳәм суўдан басқа аўқат бермеў.
Айдос. Хош сениң неше балаң бар?
1-уры. Жети балам бар.
Айдос. Алды нешеде?
1-уры. Он жетиде.
Айдос. Қаўын ектиң бе?
1-уры. Жоқ.
Айдос. Нәлет саған! Ал, сениң неше балаң бар?
2-уры. Жетеў.
Айдос. Алды нешеде?
2-уры. Он жетиде.
Айдос. Қаўын ектиң бе?
2-уры. Шүкир қудаға, балаларымның қаўын, асқабағы бар.
Айдос. Қәдирберген!
Қәдирберген. Ләббай, уллы бий аға!
Айдос. Әўелги буйрық керисинше әмелге асырылсын!
Қәдирберген. Қуллық, уллы бий аға!
Халық. Ҳаў, О, о! (таңланысады).

Перде

## *УШИНШИ КӨРИНИС*

*Автордан*: Аламан жым-жырт тарқасады. Журтты ҳайран қалдыратуғын бир нәрсе: үш туўысқанның күтә уқсаслығына



www.ziyouz.com kutubxonasi

қосымша өз-ара бирлиги. Ҳәзирги берилген кери буйрық еки инисиниң жүзлерине түтин болып урғандай болды, қарауытып, шөн қасларының үстиндеги тарыдай меңлери көринбей қалды. Булардың кеўлинде наразылықтың ушқыны көтерилди. Күншиллерге жан кирди, ҳәзлик тапты. Дослары бир суўық демин алып аўыр гүрсинди.

Ағасының бетине тикленип қарсы сөз айтып көрмеген жасы кишилер, алдына бөгет басылған жаптың суўындай ҳеш жерге сыймай адамларды айырыў менен, шетки отаўға тулланып, сегиннип кирип кетти.

Айдос олардың ашыўына албырақламастан не ушын олай ислегенин ҳеш кимге түсиндирместен, Қәдирбергенге айтқанынислетип, «Мәсләҳәт үйине» жол алды. Адамлардың жүриси басылғаннан кейин Бегис пенен Мыржық тиртеклесип оның үстине кирди.

## САХНА

*(Айдостың он бир қанатлы мәсләҳәт отаўы).*

Мыржық. Уәжлесиўге келдик. *(Айдос инилериниң жүзинен сын көзин қаратып мыйық тартты. Ол усы нәзери менен-ақ алдарқатып қайтармақшы болып еди. Бегис қызды).*

Бегис. Сен, сен деп тилимиз таңлайымызға жабысып кетти. Бул неқылғаның?! Ямаса Султангелди көгерткен уш теректиң биреўинен басқасы өспеўи тийис пе?

Айдос. Және, және?

Мыржық. Буннан артық хорлық болмайды *(Кескин даўыс пенен)* Бизиң де қуяш көргимиз келеди. *(Айдос жазық маңлайын жыйырып алақанына басып қойып бираз отырғаннан кейин тикленди ҳәм қамырдан қыл суўырғандай етип жайпарахат гәп баслады.)*

Айдос. Сизлер мени түсинбепсизлер. Мийнет етпейтуғынларға тәмби бергим келди. Байқадыңыз ба, қаўын урысы, урлықты кәсип етип, мийнеттен шығысып кеткен. Қарақалпақта не көп жер көп, бәҳәрде балалары менен жабыла мийнет қылып маңлай терлетсе, усылай етип жүрер ме еди?

Пахта урысы, күтә жапакеш көринеди. Өзлериңиз билесизлер, бизде пахта егилмейди, болмаса пышақ пенен жер тырнап, көл серпне қылып-ақ олар пахта егер еди. Сатып алыўға пул таппаған, Қаммағалшылық. Ондайларды бир сапарға кешириўге болады.

Мыржық. Жоқ, әжаға! Сен кем-кемнен бийикке көтерилиўди қәлейтуғын адамсаң. Журт солай десер еди. Инанбас едик. Енди түсиникли болды. Өзиңизди сәл



www.ziyouz.com kutubxonasi

жоқары көрсетиў ушын бизлердиң басымызды аяғыныңастына салдың.

Бегис. Мен де Мыржықтың пикириндемен. Сен бизлерди паш етип, бойыңа және еки жапырақ байладың. Жоқ, жоқ. Айтқан дәлилиң келиспейди. Еле сен шигит тауып әкелдиң де, егиўи қалды ма? Япырмай әжаға, жөги емесписең? *(Оларға қарсы сөйлерин ямаса үйден қуўып шығарарын билмей, Айдос биразға шекем түнжырап отырды).*

Мыржық. Халыққа сеннен гөри Қоңырат ҳәкими Төремурат суўпының қәдири артып баратырғанын билесең бе. Билмейсең бе? Халық арасында мынандай гәп тараған Есенгелдиден мәҳремликти тартып алып елдиң бийлигин саған өткергени ушын, сен, Хийўа ханы керек десе, салық ғой салық, ҳәр ақшамына қарақалпақтан бир қыз жиберип тураман депсең.

Айдос. Сизлер усыған инанасыз ба? *(Бегис те, Мыржық та үндемеди).* Сизлер менен дәлийллесип отырыўдың ўақты емес. Өсекке ерип жүрген сизлердей мәжгүнлер менен басқа ўақытта сөйлесемен. Шығың үйден! *(Айдос қайтып тил қатпастан, тәкаббырланып, жатақханасына барып жатып қалады. Бегис, Мыржық тикленип шығып кетеди).*

Перде

## *ТӨРТИНШИ КӨРИНИС*

*Автордан*: Аўылдың арқа шетиндеги төлелердиң биринде, оты сөнген ошақтың басында умыт қалған бир баў қамыс яцлы созылып, падашы Доспанның әкеси Жақсылық жатыр, ол таң ала геўгим де турып, баласы менен бирге ыссы суўға нан жибитип жеп жатқаннан қас қарайғанша қозғалмас еди. Бүгин күндиз бир шықты. Айдос бийдиң көзине шалынып бир сәлемлести. Мине соған-ақ ўақты хош. Бас ушындағы орақты алып тыр-тыр қасынып отыр.

Доспан мал ийесиниң мийзамына қарап, базы күнлери кеште әкесин қонақ жерине жетелеп кететуғын еди, бүгин пасазлаў үйге дус болды ма, кешигип қуптанға таман бир аўызқабақ қатық әкелди. Бундай ўақытта әкеси қыймылсыз жатып, улы «аға» деп даўыслағанда ғана «қозым» деп бас көтеретуғын еди. Бүгин керисинше, Доспан төлеге кирип киятырғаннан-ақ:

— Қозым келдиң бе? — деди.

Қумар сулыў менен жолығып теңгели болғанына ма, Айдос иркилип тиллескенине ме Доспанның кеўил сарайы ашық еди, әкесиниң даўысынан қуўнақлық сезип, және ўақты хош болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## САХНА

*(Қорқынышлы жертөле көриниси. Төсек емес, шобыт. Кийим емес, ески ләттелер көзге тасланады, қарайсыз ийттиң кетегин еслетеди).*

Доспан. Аға, мен екенимди қайдан билдиң?

Жақсылық. Сеннен басқа бул есикти тек жел ашып, жел жабады, қозым.

Доспан. *(Доспан шүтик шыраны жаға сала айыз-қабақты аш әкесиниң алдына қойып, қойнынан бир зағара шығарып бережақ болып еди, әкесиниң дастық арасынан жуп пәтир алып атырғанын көрип, көзлери аларып кетти. Бир шетте өз-өзинен гүбирленип)* «Бул қайдан келген нан сорыма», мен жоқта я бул қайыр сорай ма екен?! *(Әкесине)* Аға, мен бүгин Айдос бий менен сөйлестим.

Жақсылық. Бий баба менен бе қозым!? Мен де ушырастым. Билесең бе, оның бир уллылығы недe? Атланып үйинен қырық адым шығажақ болса, қоржынына нан салдырады. Хийўадан киятыр екен. Мынаў жуп пәтирди маған берип кетти.

Доспан. *(Доспанның кейли жаңа жай тапты).* Ҳа, солай ма?!Аға, Қумар сулыў менен анаў диңгек үстинде ушырастым. Ол туў сыртымнан билдирмей келип, мениң көзимди басты. Бираз дәлкеклесип күлистик. Кетеринде мынаў теңгени мениң алақаныма салып кетти. Тосыннан Айдос баба келип қалып, «ким бул»? —деп мениң қасымнан ҳәзир ғана кеткен қызды сорады. Мен оған «Қумар сулыў» дегенимде ол «Алжыған ғарры, ул баласы бола турып, қызын атқа мингизген!» —деп тоңқылдады. *(Әкесине гүмис теңгени береди. Шүтик шыраның емески жарығында ғаррының езиўинде азғана мыйық тартыў барлығы билинип турды).* — Мениң ойымша, бий баба иниcине Қумарды алдырмайды.

Жақсылық. «Жаңылмас жақ, сүринбес туяқ болмайды» қозым өйдеме, бурынғы даналар, «тилимнен шыққан сөз маған ҳәким, мен еле айтылмаған сөзиме ҳәкиммен» деген екен. Айдос бийдиң алжасып айта салған гәпи, басқалардың алдында тилиңе басылмасын. Есиңде болсын, биз билетуғын әлемде Айдос бийден дыянатлы, бир сөзли, бети қараса таў қулататуғын



www.ziyouz.com kutubxonasi

басқа күшли адам жоқ. Ол келинин түсиреди. Себеби экесиниң нəсияты бар.

Д о с п а н. Қандай?

Ж а қ с ы л ы қ. Айдослардың экеси Султангелди бий өлетуғын ақшамда, отжаққыш болдым. Соңғы гəплериниң бəрин еситтим. Бийшара, мен ушын көп жақсылық қылды. Есигинде жүргенде күнде «қалайсаң» дейтуғын еди. Сен туўылғаннан кейин көрген жерде «Думатай қалай, өсип атырма? дейтуғын еди. Миннетдарман! Пай өзи де минезь сынық, əри дийхан, əри шаруа адам еди. Ийманлы болғыр, күтə ақыллы еди, жан тəслим етерде пүткил аўыл болып, жабылып гүзетти. Мəхремликтен шығып, Айдос пенен мəлеллесип жүрген Есенгелди де келди. Есенгелди менен Айдос қалай аразласқанын айтпаған шығарман-а? Əйтеўир нəрсе-аў, Айдос жаслық етип, бир отырыспада, бир сойылған қойдың гəллесин Есенгелдиге мирəт етпей өзи алып бузған екен, оның мəхремлилиги тутып, тулланып, Айдосты силейте ғарғапты. Соннан көп өтпей-ақ Есенгелдиниң ығбалы тайып, Хийўа ханы əмелден босатады. Буны ол Айдостан көрип, Хийўаның душпаны, Айдос пенен бахыт талас Қоңырат ҳəкимин паналап, Қоңыратқа көшип келеди. Əне, усы қылўаларын жақтырмай, Султангелдиниң оған айтқан гəплерин тыңлағанда, дуйым журт таңлайын қақты. «Есенгелди, деди, демин зорға алып атырған Султангелди — Сен бир көлеңкеси қыйсық торańғыл едиң. Өлер алдымда сеннен қорқып атырман. Тынық суўға былғалақ салып жүрме. Изимде Айдос, Бегис, Мыржық атлы үш улым қалып баратыр. Айдос та хан ақылы, Бегисте батырлық. Мыржықта күш ҳəм даналық бар. Үш улым бир болса, пүткил қарақалпақтың қазаны көтеретуғын ошақтың үш путы болады. Бирлиги бузылса, пүткил елдиң қазаны шайпалады, асы төгиледи. Жақсылап басшылық қыл. Киши улым Мыржыққа өзбек ҳаялынан туўылған киши қызыңды бер. Қоспақ ақыллы болармыш. Бирликтиң бузылмаўына дəнекер болар. Əне соның ақыбети Айдостың өткен жылы Есенгелдиге барып қуда түскенинен хабарым бар. Енди қудамдалықты бузыўы мүмкин емес.

Д о с п а н. Мыржық аға да буздыра қоймас, — наятий сулыў қыз. Ондай сулыў аты қарақалпақта жоқ шығар.

Ж а қ с ы л ы қ. Мынаў теңге Султангелдиниң «дəўлет



www.ziyouz.com kutubxonasi

басы» өгизи қусап, илайым саған «дәўлет басы» болғай. (Ол Қумар берген теңгени алақанына салып, соқыр көзлерине сүйкейди) Ертең басқа падашылар менен сөйлес. Үш-төртеўиңиз биригип бир шапан, бир шөгирме алыңлар. Бул заманда бас кийимниң ағласы селкилдек әреби шөгирме болып кетти. Рети келсе бир мәдели белбеўге жеткерсеңиз жүдә жақсы болар еди. Алма-гезек той-пойға кийип барсаңыз қыз қәлейтуғын сыйқыңыз болар еди. Қозым, неге мырс еттиңиз?

Доспан. Қыялпазлығыңа күлемен-аў, аға!

Жақсылық. Өйдеме қозым, «Қазанға салар асың болмаса да, жақсыны нийет ет» деген бурынғы данала р. Адамның нийети дузиў болғаны жақсы. Балаға ат қойыў ҳәм маба. Заманында жаўгершилик болғаны ушын елде аманлық болсын деген нийет пенен мениң марҳум әкемниң аты Аманлық қойылған екен. Ол өз нәўбетинде елде Жақсылық болсын деп, мениң атымды Жақсылық қойыпты. Жақсы нийет, жарым ырыс, қозым. Иске аспаса да нийет еткен жақсы. Елде адамлардың бир-бирине душпанлығын көрип, сениң атыңды айтқанда, жаўыз душпан да «Доспан»деўге мәжбүр болсын деп, сениң атыңды Доспан қойғанман. Қудай нийетиме жеткерсе, адамлар теңлессин, жарлы бай менен теңлессин деген нийет тутып, ақлығымның атын Теңел қояр едим (пауза). Еситтиң бе қозым? Айдос кеше инилери менен мәлеллесипти...

Доспан. Аға, адамлар неге өзинен дәрежеси бийиклерди көп гәп қылады?

Жақсылық. Буның мәниси: бул дүнья әзелий текше-текше етип жаратылған қозым. Ҳәркимниң өз орны бар. Ханлар, бийлер ең жоқары дәрежедеги инсанлар. Оларды көп гәп қылыўдың себеби, бизди жаў бәлесинен, даў бәлесинен сақлайтуғын бийик асқар таў — солар. Таўдың баўрайында жасаған халық жоқарының қасы-қабағына бағып тилегин тилемесе болмайды. Жоқары ләрзем алып, түймедей тас уныраса, төменге түйедей болып жумалайтуғыны мәлим. Жоқарыдан жумалаған асықтай тас, төменге түскен сайын үлкейеди, базда асқар таўға айналып талайларды мылжалайды, аўа. Өмир деген көз жас пенен күлкиниң түйини екен, қозым. Оны ким қалай шешсе, солай жасар екен. Мен көз жас тәрепинен шешкенмен. Егер сен күлки



www.ziyouz.com kutubxonasi

жағын тапсаң, ең болмаса екеўимиз бир өмир жасаған болар едик. Солай қозым.

Доспан. Таныслардың тәғдирине ой жибергенниң өзинде, сол түйинниң ләмли жағы басымырақ көринеди ага.

Жақсылық. Ҳа, барекелла! Сол ушын да, күлки аз, көз жасы көп. (Сахна әсте қараңғылана баслайды.)

## Перде

### *БЕСИНШИ КӨРИНИС*

*Автордан. (перде алдында)* Ҳәр кеше ажик-гүжик болып сырласатуғын әке-баланың бүгинги ҳәрекетлери де, даўыслары да ҳәр қашангыдан өзгешелеў сезилди. Иштейлери ашылып екеўиниң сәўбетлери ярым ақшамға дейин даўам етти.

Ендиги сөзди Айдос бий отаўынан еситиң: Айдостың шубхаланатуғыны Есенгелди еди. Келисилген сәрсенбиде қызын узатпас деп ол оннан гүдикленген еди. Гуманлары надурысқа шығып, ўәдели күни келин түсирилди.

Мине, ол мәсләҳәт үйинде «еки иниси»ниң ортасында, атқосшысы Әлий от жағып отыр.. Бегис пенен Мыржық өткен дықларын умытқан секилли, ал Айдостың қыяллары той үстинде турақламай, шар тәрепти гезиўде. Той ҳеш жаққа қашпайды. Елдиң тәғдири оның өзиниң мойнына артылган жүк, тек жалгыз өзи гана узақларға ақыл жуўыртатуғын сыяқланды. Халқымыздан ханлық болса. Бизлер де саўда қылсақ. Хийўа, Иран, Аўған, Ҳинд, Қытай, Макария, Қазан. Орынборға кәрўан жиберип, кәрўан қабыл етсек. Үлкен-үлкен халықлар менен, қалалар менен теңлесип атымыз шығар еди. Ҳәзир не? Қайсы ханга, қайсы қалага бүркит болып бара-ғой, бәрибир зақша гарға яңлы болып көринемиз, бүлбил болып бара-ғой, бәрибир жаў шымшық сыяқлы болып көринемиз. Буларға түсинетуғын, сырласатуғын ақыл ийелери қәне? Мынаў екеўи ме? Еле аўзының сарысы кетпеген палапанлар! Ханлық керек..... Бул ушын күшли қоллар, кең көкиреклер керек. Олар қәне? Қайдан табылады?

Ол усы жерге келгенде жәнe тұбалады. Енди ол ханларға тән қылўа менен ҳәрекет қылып, ертеңги тойдың бәнеси менен ел дәстурханына бир жаңалық енгизип көриўди ойлады.

#### САХНА

*(Айдостың онбир қанатлы мәсләҳәт отаўы. Кешки мәҳәл. Айдос төрде, арқасын сандыққа берип жүресине отыр. Еки иниси еки қапталда малдас қурып, жер шуқлап отыр. Бирқанша пауза.......)*

Айдос. Той жөнинде Мыржықты тыңлайық. Әлий маған көпшик әперши.... *(Мыржық Бегиске қарады....*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Ымласқандай болды.... Бегис оң қасын бир қыймылдатып «айта бер» деген ишарат аңлатты).*

Мыржық. Мениңше той үлкен болыўы зәрүр, әжағамның алыс-жуўық қалалардағы дос-яранларына қоса, өз елимизден қырық урыўға коныҡ берилсин.

Бегис. Ғәрежет жетпес деп қәўипленбе аға «Бийдиң қалтасы — байлар» — деген гәп бар. Шығынның орны толатуғыны гүмансыз. Мыржықтан соң қыз алатуғын иниң жоқ. Мениң сертим — серт. Қорықпа. Ақылы зыяг аға менен емес, ақылы өзине тең ини менен жасаў маған жеңил. *(Бегистиң кескин гәпине Мыржық та, атқосшы Әлий де таңланысты, Айдос сыр бермей, ишитолы зерде менен мыйығынан күлип қойды.)*

Айдос. Той не ушын берилетуғынын билесиз бе?

Бегис. Келин түсиргенимиз ушын.

Айдос. Ай, шыйратылмаған арқан-ай! Бил, мийиңе қорғасын қылып қуй. Той қуўаныш ушын, қуўанышыңды ҳақ кеўилден бөлисетуғын адамлар ушын бериледи. Тойдан адамлар қуўанып кетиўи керек.

Мыржық. Қуўанышыңды ҳақ кеўилден бөлисетуғын атасы басқа түўе, туўысқанның болатуғынына да гүман туўды.

Айдос. Надан күшик, сен сөйлеме! *(Үш туўысқан арасында гийне-тартыс күшейди).*

Бегис. Сен усы қызды алыўға әзелден қарсы един, себебин енди түсиндим. Мал қызғанады екенсең.

Мыржық. Журт мал сақласа, тойға буйырсын деп сақлайды. Бизиң сақлаған малларымыз кимниң қарасына сойылады екен.

Айдос. Мен усы жасыма келгенше, көп нәрсениң парқына бармаппан. Енди бираз ақыл жыйған сыяқлыман. Бул той үлкен той болыўы керекликги дурыс. Лекин, тойып дәстурханға түпиретуғынларды шақырғым келмейди. Бул тойда ең әўели ким қуўанады? Усы үшеўимизге қоса, мениң атқосшым қуўанады. Қолдаўлы урыўына келгенде, Мыржық қыз алғаны ушын емес, урыўға жаңа шаңырақ қосылғаны ушын қуўанады. Аш-арықларға пай жетип бир тойса қуўанады, ўәссалам! Басқа урыўлар қуўанышыңды бөлисиў ушын емес, сынаў ушын келеди. Тойда қанша көп бийорын шығын қылғанды көрип қуўаныў ушын келеди. *(Ишинен күйинип отырған Мыржық ағасының әңгимесиниң*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*неге тоқсыратуғынын күтпей шыдамсызлық пенен сөзге араласты).*

Мыржық. Қысқасы, тойды ауылдың қазан садақасына айландырамаң десеш!

Айдос. Араласпа дедим ғой! Мыржық, келинди сен әкелген менен, той ҳәм оның абрайы меники.

Мыржық. Биз сениң көлеңкеңдеги сары шөп екенбизде?

Айдос. *(Сабырлылық пенен тыңлап алып).* Қырық уруўға бийорын сойылатуғын малды урыўдың қырық жетимине жетелетсек қырық мөминниң қуўанатуғынына көзимиз жетеди. «Пәленшениң тойы» деген даңқ сонда болады.

Мыржық. Ҳәр кимниң үйине мал үлестирип, биз не, ақ үйли болдықпа? Ўай, бул не деген бахытсызлық?!

Бегис. Мыржық сен түсинбей қалдың. Елдиң жетимжесирин биз тойдырамыз ба? Қудай тойдырсын, хан тойдырсын.

Айдос. Хан деген-әм биздей адам. Биз берсек — ханның бергени!

Бегис. Ҳа, ханға жаранбақшыман де?

Айдос. Ханлық деген шығыр, оның дигири өзгерген менен керзи гөне, өзгермейди. Ол маған керек.

Мыржық. Журттың ендиги арқа сүйери Қоңырат шәҳәриниң ҳәкими болса керек.

Айдос. Қызы үйге кирмей атырып, енди әкесиниң сөзин сөйледиң бе, шөже қораз? Соны бил Төремурат суўпыники қуры бахыт таласы. Көмпек қораздай кекилин қанатыўдан басқа қолынан түк келмейди. Әлий, азанда ауылға той болатуғынын хабарла ҳәм жетимжесирлердиң есабын алып, алдыма қырқын әкелесең. Ҳәр қайсысына бир мал жетелетемен! Қайт, дем ал, *(Әлий кетиўден Бегис пенен Мыржық Айдосқа алмагезек алып топылды).*

Мыржық. Сен көкиреги соқыр адамсаң!

Бегис. Сен тәкаббырсаң, даңқпаразсаң!

Мыржық. Сен қанхорсаң!

Бегис. Еки жүзлисең! *(Айдос әўелинде қанасына сыймай исинип еди, енди пайдасызлығын түсинип олардың сөзин бөлместен мардыйып отыра берди).*

Айдос. Дәлийл келтирип айтыңлар!

Бегис. Егер көкиреги соқыр болмағанда, даңқпараз



www.ziyouz.com kutubxonasi

болмағанында халықтың ғамын жер едиң, журттың тапқанын жыйып, Хийўаға тасымас едиң!

Мыржық. Тәкаббыр болмағанында бизлер менен санасар едиң!

Бегис. Аңғарасаң ба, пүткил халыққа туўысқанларыңды аяқ асты қылып жүресең. Урыўдың тәғдири былай турсын еки бирдей қаналасыңның тәғдирине қум шашып жүресең! Сен бир, шақасыз, жапырақсыз қуў ағаш та бир. Омырылып сынған күни жанбасыңа бир ураресаң. Қеўлиң соқыр болмаса Хийўаға сонша барып жүрип, қат-қат гүмбезли жайлар, мешит-медреселер қалай питип атыр деп ойландыңба? Ойланған емессең. Мениң елимде сондай көрикли жайлар неге жоқ деп ойландыңба? Жоқ! Ойланған емессең! Сорлы халық қанша мийнет қылып, жер аўдарады, қанша мал өсиреди, бәри қайда кетип атыр? Соларды Хийўаға ханға апаратуғын ким? Айдос! Хийўадан берман қарап ушқан жарғанатты жыл қусы деп пәмлейсең, ғарғасын қаршыға дейсең, шымшығын бүлбил дейсең...

Айдос. Не муддәҳәңиз бар?

Мыржық. Усыннан бар ғой кеўлимиздегидей қылып берилмесе аўылдан көшемиз.

Айдос. Мейли, көшиңлер! Қоян менен алысқан қаршығаның еки пәри түскен менен, ушыўына зәлел келмейди.

Мыржық. Жоқ, жоқ, соны бил! Сен қаршыға болып ушсаң, биз сениң еки қанатыңбыз, қанатыңа оқ тийип жорғалар күн туўса биз сениң еки аяғыңбыз.

Бегис. Сен албыраған үйрек, артыңнан суңгип отырсаң.

Айдос. Уаззаханы азайтыңлар! *(жәнжел Бегис пенен Мыржықтың «Мәсләҳәт үйинен» атлығып шығыўы менен аяқланады.)*

Перде

## АЛТЫНШЫ КӨРИНИС

*Автордан:* Еки инисиниң қанша шыр-пыры шықса да, Айдос тойды өз ойындағыша өткерди. Тысқарыдан мийман шақырылмады, қырық мөминге қырық бас мал жетелетти. Айдостың бул бийлигин минеўшилер де табылды. «Инилериниң даңқы көтерилиўинен қорқып, оларга қарсы болыўға өтти» деген сыпсың сөзлер гөне қыслаўға тийген оттай лаўлады. Еки урыға бийлик айтыў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дан басланған анаў кишигирим аразласыў енди ҳәўиж алып, той тарқаўдан көп узамай-ақ Бегис пенен Мыржықтың Айдостан пайлы малын бөлип алып, аўылдан пүткил көшип кетиўи менен аяқланды. Оларға қосыла қатар-құрбылары да үй-ылашықларын жықты. Айдос иннлерине тәўелле қылмады.

Сырттан қарағанда толы табақтай көринетуғын Айдос аўылы шайпатылып, әдеўир орталанды. Есенгелди менен аразласыў ҳәм урыўдың, ҳәм пүткил елдиң бийлик қабыл бүйиринен тесилген сыяқлы еди, енди сол бирлик қаптың түби биротала ойылып қалған тәризли болды. «Усыны я Бегис, я Мыржық түсинеме? Түсинбейди» деген жуўмаққа келди Айдос бий. Бегис пенен Мыржық болса күтә қолайлы қоныс басты, бир жағы балығы мол көл, бир етеги басыў дәрьяға да тийип тур. Екинши жағы кең мал жайлаўы, үшинши тәрепи жыңғыл менен қамыс аралас тоғай. Қыста ҳәм, ық ҳәм отынға қолай, Бәҳәрге шекем аўыл бираз ен жайып жүзлеген түтинге жетти. Аўыл атақлы адамлардың дыққатынан шетте қалмады. Гиреўгилер келе баслады. Қоңырат ҳәкими бир егизди бас қылып, ҳәр малдың түринен бос қалдырмай, жәми онбес малдың басын қосып айдатты. Мыржықтың қайынатасы Есенгелди де жаңа шаңыраққа қарасық деп, сол қурлым мал жибереди. Базылардан сойыслыққа бир қой, я бир тана, болмаса отаўларына жабатуғын үзик төсенетуғын кийиз келеди. Көп өтпей-ақ аўылдың атағы «Бегис аўылы», «Мыржық аўылы» болып көп жерлерге жайыла баслайды.

## САХНА

*(Перде ашылғанда таза қоныс, Мыржықтың отаўының ишки көриниси, Бегис, Мыржық дәстурхан басында, Құмар шай қуйып берип отырады.)*

Бегис. Мыржық, егер айна болса шырайыңды көрип таңланар едиң.

Мыржық. Бизлер бир-биримизге айнамыз, айта бер, не өзгерис бар?

Бегис. Бурын ҳақыйқатында да көлеңкеде өскен тал едик. Самал қағып, қуяш түсип, адамгершилик әпшеримиз кирди.

Мыржық. Ҳа, сен жаңа сезип жүрсең бе? «Бегис аўылы», «Мыржық аўылы» деген сөзлерди қулағым шалғанда-ақ екеўимиз де гүжимге айналғанымызды билгенмен. Расында Айдосқа не зыянымыз тийди? «Айдос аўылы» болып өз атағы менен қалды. Ҳәрбир нарт өзинше өсип, гүжим көбейсе зәлели жоқ, енди қайын атам шақыртылса, Қоңырат ҳәкими менен арамызда беккем кепсер боларма еди. *(Бегис майданға шығады)*.

Құмар. Төрем, ер жигит қатынның урыўы емес, өз урыўы менен мақтанса арзыйды. Уллы бий қайнағаның өзи араласпаса, Қоңырат ҳәким менен дослықтың



www.ziyouz.com kutubxonasi

кепсери мәйектиң қабығынан мықлы болмас деп ойлайман.

Мыржық. Дослықтың мәнисин сен не билесең?

Қумар. Билемен төрем. Сениң есигиңе түсип әбден билетуғын болдым. Егер еки адам дос болғысы келсе, мейли олар туўысқан ба, мейли ерли-зайыпп па, мейли олар бир-бирине қол берисип, нан усласқан тең қурбы ма, бәрибир, биреўи өз пайдасын ойламаўы керек, хәтте, өз мәпинен ўаз кешиўи лазым. Сол ушын да, бирликли шаңырақ бир адамның аты менен аталады. Бирликли туўысқанлар да, бирликли аўыл да усы жолдан жүриўи шәрт.

Мыржық. Мәккарлығына қара, заңғардың, өз әкесинен қайнағасын жақсы көрермиш! Ҳақ кеўли гәремге айналған келиншектиң көзлеринен еки тамшы жас шықты, бирақ өжет ерине билдирмей, айдыллы ҳалқасының ушы менен сыпырды. *(Даладан Бегис шаўқым салды).*

Бегис. Мыржық, ўалий екенсең, түргел! Қуданың өзи киятыр. *(Мыржық апыр-тапыр далаға шықты. Қумар асықпастан үйдиң төсеклерин қайта салыстырыўға киристи).*

*Автордан: (Сахнадағы ҳәрекет ўақтында)* Айдостан бөлингели бундай сыйлы қонақ күтип көрмеген еки туўысқан, күтә албырасты: «Ҳүрметли адам қустаны қылып жүрер» — деген пәм менен Айдосқа адам жибериўге уйғарып еди, бул ойласық Есенгелдиниң қулағына тийген екен. Бегиске айтып ескертти. *Есенгелди ишке кирип пәтия етип, аман-түўеллик сорасты, соң Бегиске қарап).*

Есенгелди. Қысылмаңлар. Өз туўысқанларын аяқ асты қылған даңқпараз Айдос биз бенен бир үйге сыймайды. Айдостың базы иселриниң ақырына ой жиберсең қудыққа үңгилгендей боласаң. *(Ший сыртында дүрсилдеп жүргенлер тым-тырыс бола қойды. Ғарры буларды сезди ме, сақалын қамтылап, көзлерин сүзип, азғана ойланып алды да, даўам етти).* Оған көп жәрдем еткенмен, шыққан пәтте жақсы еди. Жетимлерге қырық баспақ үлестирип, тойдың изин не қылды? Айралыққа алып келди. Бул оның ғарғысқа ушырағаны. Кисиге киси берип бай қылмайды. Ҳәркимге қудай береди. Қоңырат шәҳәриниң уллы ҳәкими Төремурат суўпы бир әңгимесинде «ҳәркимниң талайына жазылғаны



www.ziyouz.com kutubxonasi

өз ығбалы бар, бәри айланып соған келеди» — деген еди. Жетимге-жетимлик, байға-байлық әззелий жазылған. Айдос әзелде қытымыр еди. «Инилерим табады» деп ҳатамтайлық қылып жүр. «Инилерим табады» деп Хийўаға қосып апарады.

Қ у м а р. Аға, бир нәрсе сорайынба?

Е с е н г е л д и. Сора, ерке қызым?

Қ у м а р. Адам қусқа мегзейдимиш. Распа аға?

Е с е н г е л д и. Бунын не зәрүрлиги болып қалды қызым?

Қ у м а р. Адамның қанаты тили дейди. Соны билмекши едим аға.

Е с е н г е л д и. Солай қызым, солай.

Қ у м а р. Таң азаннан қонсымыздың қорасына қонақлап шықшықлайтуғын бир ҳәкке бар еди, Дым жек көретуғын едим, сол үйдиң баласы ҳәккеге желе қурып услап алып, қанатларын кесип таслаған екен. Әўелги жек көрсемде енди я аярымды, я аямасымды билмей қалдым.

М ы р ж ы қ. *(Жаратпай сыбырланып).* Ғаррыға өкпелеп қалды, әбден.

Е с е н г е л д и. Тамаша, дүньяда не бир қызық гәплер бар? Анаңа бул гәплериңди айтып бараман. Еситсе жүдә мәс болады...

Қ у м а р. Тек сол еди билгим келгени аға. *(Қумар қустай ушып шығып кетеди. Аздан соң есиктен басын қайта көрсетип, Мыржыққа «хабарлас» деп ым қағады. Миймани булардың бәрин елестирмегенсип, үзилиске түскен гәпин жалғастырыўға урынады.*

Е с е н г е л д и. Мине, ақыры айналып Бегис пенен Мыржықтың маңлайына қуданың жазғаны болды. Қуяшқа шықты. Көрдиңизбе? Пәкизе ел ағалары. Айдос наятый сум, қырық жетимди маллы қылғанда, соларға жаны ашығаннан дейсиз бе? Жоқ, ол биреўге жақсылық етер алдында өзинше қанша пайдасы барлығына көз жиберип өлшейди. Бир ойлағаны бар екени тақыйық.

М ы р ж ы қ. *(Қайта кирип)* Айдостың атқосшысы Әлий келип тур.

Е с е н г е л д и. Түйирли гәпи бар ма?

М ы р ж ы қ. Хан салығын тезирек өндириўди хабарлап жүр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Е с е н г е л д и. Күткиңиз келсе, оны басқа үйге түсирересиз.

М ы р ж ы қ. *(Қайын атасының кейпин билген соң Мыржық Әлийге барып жуўап қайтарыўға арланып, ший есиктиң сыртынан әллекимге)* Әлий кетеберсин!

Е с е н г е л д и. Ақырзаман жақынласа керек, бул заманда гәп қылсаң сол тайын. Бирақ Айдостың жөгилиги маған жақпады. Елге жаранаман деп, қырық баспағын үлестирди. Енди ханға жаранаман деп олардың маңлайын қайтадан қыршыйды. Биз билсек Төремурат суўпыдан алғыры болмаса керек. Елдиң ырысқы деп Хийўа ханына пысқырыпта қарамайды.

Б е г и с. *(Ишки монолог)*. Киси өмириниң ақырында дана болама, я түлкиге айналама? Бир заманлары Хийўа ханы деп ат шапты, ал бүгин бул не деп отыр? Ханға қарсылық, қудайға қарсылық деген усы кисиниң өзи емеспе? Бәлким бул бир өсек шығар. Бул киси жаслығында Ғайып ханды өлтиргенде. Бул мәртлик емес. «Хансыз ел, бассыз өли геўде» деген Мурат шайық.

Е с е н г е л д и. Бегис, неге ойланып қалдың?

А й т м у р а т. *(Ол жуўап берип үлгермей, есиктен Айтмурат қызыл бет кирип келеди. Хәмме ушып турды, Есенгелдиге шекем түргелип сәлемлеседи)*. Келеси жумада, Гөне Үргениш шәҳеринде, жүдә үлкен той бар екен. Соған Төремурат суўпы шақырылған. Қоңырат шәҳериниң бас палўаны Мыржыққа мирәт салып жиберипти. *(Хабар хәммеде жанланыў пайда қылады. Мыржық қуўанышатан жанланып қоя берди)*.

Б е г и с. Тойға уллы ҳәкимниң өзи барама?

А й т м у р а т. Барғанда қандай! Сизди де қалмасын деди. Уллы ҳәким сизлерге жүдә ыразы. «Әзелий дана, өз халқына пана болған қос периштем саяда жүр еди, енди жүзлерин қуяш қағатуғын болыпты» деп қуўанды. «Қарақалпақ енди көркейеди, екеўиниң аты әлемге жайылады» — деди.

Е с е н г е л д и. Алла зыят етсин! Жайласып отырың, қонақ ҳақыңызды жеп кетесиз.

А й т м у р а т. Бундай жерде сиздей адамлар менен бирге отырыў қандай бахыт! Әттең бүгиннен қалсам уллы ҳәкимди бийпарасат қыламан, Егер сиз бул екеўин баслап Қоңыратқа апарсаңыз уллы ҳәким күтә қуўанады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бегис. Бәлким мен бара алмаспан.
Есенгелди. Неге?
Бегис. Салық жыйнасыўға көмеклесиў керек. Болмаса елди пәтенге келтиреди.
Айтмурат. Ким?.
Бегис. Хийўа ханы.
Айтмурат. Хийўа ханы? Бизиң уллы ҳәким, Хийўа ханы жүрген жерди бир теўип қыршыйды. Аўа, сондай күшли, арқа сүйери бар адам, ханан қорқа ма? Бийғам жүре бер. Керек болса уллы Қоңырат ҳәкими «Хийўа ханына салық төлемеңлер» деп ертең-ақ елине жаршы жибереди.
Есенгелди. Ўаж, гәп! *(Шабарман бир зерен қатық ишеди, еки туўысқанның ўәдесин алып қайта атланады).*

Перде

## *ЖЕТИНШИ КӨРИНИС*

*Автордан*: Хан салығын инилери арқалы жыйнатып үйренген Айдосқа усы сапары салықты өндириў күтә қыйын болды. Хан берген мүддет тақалып қалды, ал салғырттың ярымы ғана жыйналды. Бүгин бираз ойдан кейин, атқосшысын еки инисин шақырып келиўге жумсаған еди. «Келер» деп ойлады. «Бәлким келмес» депте гүдикленди. Бул дүньяда даңқ ушын жаратылған мақлуқ тек адам... аўа, тек адам. Бизлер тек қурттай даңқ ушын тас шайнаўға, тери сиңир жутыўға қайылмыз. Бегисте, Мыржықта адам әўлады. Айдос инилерин өзине жақынлатқысы келди. Усылай етип, басын қасып отырғанда, оның жумсаған атқосшысы Әлий қайта айналып жетип келди.

САХНА

Айдос бийдиң онбир қанатлы мәсләҳәт отаўы. Айдос төрде ластық дастанып жамбаслап жатыр, қасында аўзы ашық ғалы қоржын, қағаз, дәўетлер....

Айдос. Әлий, сен барып Бегис пенен Мыржықты шақырып кел.
Әлий. Әжеп болады. *(Сырттан өлиге дауыс шығарған адамлардың даўысы еситиледи)*. Бийшара Доспанның әкесине келип атырған жақын-жуўықлары.
Айдос. Жақсылық аға зор қарақалпақ еди.
Әлий. Кеше кеште Доспан төлеге киргенде, ешейинде «Келдиң бе қозым» дейтуғын әкеси, қыймылсыз жатқанын



www.ziyouz.com kutubxonasi

көреди. Уйықлапты, оятып алмайын деген ой менен, аяқларын ғаз-ғаз басып, шүтик шыраны жаққан екен, ғаррының қойнынан белсаптай бир сары жыланның жылжып баратырғанын көзи шалып қалыпты. Урыўға ҳеш нәрсе таппай жалаң аяғы менен басқан екен, қуйрығы найзадай шаншылып, Доспанның тирсегине шырп-шырп еткизип қамшылаған, соң бирден сылық етип жерге түскен.

А й д о с. Астапуралла!

Ә л и й. Жылдам әкесиниң бетине үшилсе, гүпшектей исик. Бийшара бала, дәрманы кетип, бирден өкирип жылап жиберген. Қанша жылағаны өзине мәлим. Хабар алар киси де болмапты.

А й д о с. Ўақ-ўақ! Ағайын деген басыңда дәўран, қолыңда жуқна барда ағайын!

Ә л и й. «Тирицде қатнаспаған ағайын, өлгеннен соң көзиңе қум» — деген усыдағы *(даўыс еситиледи)*. Әне.

А й д о с. Олай деме Әлий, ағайынның бары жақсы. Ҳәлсиз ҳалда демеў берип, ҳәллендирген ағайынның жақсылығын умытатуғын ҳарамыларда көп, деген менен де ағайынның бары жақсы, қәне бар тезлет.

*(Әлий кетеди, Айдос қоржыннан теңге алып санаўға, дизимге алыўға оңайласады).*

*Автордан*: Солай етип, Мыржықтың тойында пайына тийген қызыл баспақ, соқыр Жақсылық ғаррының қарасына сойылды. Доспан төледе жекке жатып, уйықлай алмайтуғын болды, көзи илинсе жылан қиятырғандай болды. Соқыр болса да әкеси таяныўшы еди, ошақтың күлин суўытпай отыратуғын еди. Енди гәпти Айдостан еситиң.

Айдос және ой теңизине шүмди. Илгери жыллары ол Хийўадан қиятырғанда Қоңырат ҳәкими жолын тосып, Маған жәрдем ет, Қоңырат ханлығын дүземен» деген де Айдос: «Аттан түсип ешекке мингеннен, пиядашылығым артық» деп кеткен еди. Сол-сол екен, олар гезлеспеди. Бирақ Айдосқа ким қарсы болса Қоңырат ҳәкими бәрин өзине тартып турыпты, ҳәтте бурынғы хан мәҳреми Есенгелди де солай аўысты.

А й д о с. *(Ақша санаўдан басын көтерип, басын қасыйды)*. Қайсы патшаға да, қайсы ханға да берериң болса жағасаң, болмаса сәлемиңди де алмайды. Бул неликтен?.. Азлықтан! Бирлик кемликтен бирлик! Қурттай халықбыз, ҳәзир неше бөлек? Бир топары орысят патшасына ғайбана тилеклес, бир топары қазақ ханына, бир топары Бухара әмирине жалбарынып



www.ziyouz.com kutubxonasi

салық тасыйды. Енди Қоңырат ҳәкими деген бәле шықты.

Өзимизди өзимиз талап, жыйнағанымызды ҳәр жаққа тасыймыз. Ал Бегис пенен Мыржық ким? Оларға айғырлық жараспайды, үйирин табыўы керек, тек олар емес ҳәмме бир үйирге бағыныўы керек. Қәне сол үйир? Ол үйир — ол үйир — ханлық. Қарақалпақ ханлығы! Бул ушын әўели күш керек оны бизге ким берип, ким арқа сүйеседи?

Ҳеш ким! Орысяттың патшасы азсынып бабаларымызға берген ўәдесин орынламаған, қазақ ханы халық екенимизге шек келтирген. Бухара әмири бизди қоспады. Хийўа ханы қорқытады. Айдос сеники не дағдарыс! Адамларды жыйна, мәсләҳәт қыл. Сеннен де жүйрик ақылы барлар табылса тәжип емес. Жо-жооқ, бул мүмкин емес, көп таланып жүрек шайды болған бул елде айғырлардан гөри, түлки менен сағал көп. Қуйрық былғап Хийўаға, я Бухара, я қазақ ханына жеткерсе, ақыбети жаман. Ҳәттеки Қоңырат ҳәкимде былғаўыш салады. Я қырман сүздирмейди, я қырман сүзбейди. Қулласы тынышлығыңды алады. *(Мине усы мәҳәли отаўға Әлий кирип келеди, енди сөйлемекши болғанда Айдос оны иркеди).*

Айдос. Айтпай-ақ қой Әлий, Бегис пенен Мыржық келмеди?

Әлий. Дәл таптыңыз, уллы бий екеўинде Қоңыратқа кетипти. Есенгелди менен кетипти. *(Айдос қоржынын жыйнастырады, оны гүржилеп отырып).*

Айдос. Олай болса кеўил көтергендей бир қызық не ойлап тап.

Әлий. Шикарға шығайық, бий аға!

Айдос. Қартайыпсаң бирадәр. Бул Қабыл бийдиң кари еди, мейли сонда да атларды сазла.

Әлий. Үлкен баламды бирге алып жүрсем қәйтеди?

Айдос. Не кәри бар?

Әлий. Пәкизе ылақшы. қашқан қоянға қаршыға

Айдос. Шикарға адам көплик қылмайды, ертип келе ғой. Әлий, қәне, қоян-қырғаўылдың көп жерине басла! *(Усы мәҳәли бет-аўзы қып-қызыл қара қан болған Доспанды. даладан көтерип, биреў ишке киреди. Аң-таңлық. Төбелестен сулық болып қалған Доспанның бетине Айдос бий үңиледи).*

Айдос. Ҳаў, Доспан ғой.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ә л и й. Төбелестиңиз бе?
А й д о с. Жерге төбелестиңиз бе? Я жайлауға ма?
Д о с п а н. Қарақалпақта не көп, жер көп жайлаў көп бий баба. Ол ушын урыссақ кең аспанға сыймай таласқан ғарғаға мегзеп кетемиз-гой *(Айдос аң-таң болып үндемей қалады. (Пауза).*

*Автордан*: Доспанның соңғы жуўабы Айдосқа күтә унады. Алдында бет-аўзы қан-қан падашы емес, бир дана турғандай, кеўили жибисип, көп күнлерден берги қайғысы умытылғанда сезилди

А й д о с. Ҳо-ҳо, жийен, зор көринесең. Қәне мына сораўыма жуўап бер, өмир деген не?
Д о с п а н. Дүньяда жасаў — бәрҳа жумбақ шешиў, бий баба. Ал, өмир дегенниң өзи көз жас пенен күлкиниң түйини.
А й д о с. Саў бол жийен! Әкең бийшара бейиште болсын. *Азғана ойланып турды: (Сол мәҳәли бирден шыққынып шертилген саз сазасы көтерилип басылады).*
Ә л и й. Кеште мынаў жийенди алдыма әкел, аўҳалды сол жерде сөйлесемиз, қәне кеттик. *(Кетиўге енди қолайласқанда сырттан жаршының даўысы еситиледи, иштегилер гилт тоқтайды).*
Ж а р ш ы. Адамлар! Мөминлер! Жаңалық! Бегис Қоңырат ҳәкимине әскербасы, Мыржық бас палўаны болды. Кимде ким Қоңырат ҳәкимин қуўатласа Хийўа ханына салық төлеўден азат етиледи.
А й д о с. Туғырынан адасқан қаршығалардың қайерге қонғанын еситкенсизди?... Әлий, мынаў үлкен отаўды бузып, «Мәсләҳәт төбеге апарып тигиңлер. Шақырылатуғын бийлерге хабаршыларды өзим жиберемен.
Ә л и й. Әжеп!

П е р д е.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ЕКИНШИ БӨЛИМ

## ҚЕК



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАТНАСЫЎШЫЛАР.

| | |
|---|---|
| Айдос бий. | |
| Айша, | Айдос бийдиң ҳаялы |
| Әлий, | Айдостың әдепки атқосшысы. |
| Доспан, | Айдостың соңғы атқосшысы. |
| Бегис, | Айдостың үлкен иниси. |
| Мыржық, | Айдостың кишкене иниси. |
| Қумар, | Мыржықтың келиншеги. |
| Маман бий, | Оймаўыт урыўының бийи. |
| Орынбай бий, | Маңғыт урыўының бийи. |
| Есенгелди сары, | Кенегес урыўының бийи. |
| Молла Дәўлетназар, | Маңғытлы Орынбай бийдиң баласы. |
| Қабыл бий, | Кенегес урының бийи. |
| Мухаммед Рахим хан, | Хийўа ханы. |
| Қутлымурат инақ, | Хийўалы, хан ҳәмелдары. |
| Мухаммед Бек, | Хийўалы, хан ҳәмелдары. |
| Хан шабарманы, | Келте, сыбыт қупыш жигит |
| Елгелди, | Есенгелди мәҳремниң баласы. |
| Гүлимбет сөксанар, | Әлийдиң қудасы. |
| Төремурат суўпы, | Қоңыраттың ҳәкими. |
| Айтмурат қызыл бет, | Төремурат суўпының нөкер басшысы. |

Массовкада аўыл халқы, атқосшылар, нөкерлер.

### *СЕГИЗИНШИ КӨРИНИС.*

*Автордан*: «Мәсләҳәт төбе» үш туўысқан арасында пайда болған аразласыў, ара бузыўшылардың ашшы тили арқалы, кек алыў, өшгисиў өшпенлик дәрежесине барып жетти. Мине сол истиң алдын алыў мақсетинде «мәсләҳәт төбениң» басына барып он бир қанатлы отаўы да әкелинип тигилди. Жанжаққа шақыр тыўшылар кетти. Усы пайытта күтилмеген жаңалық жүз берди. Елтүзер хан өлип, оның орнына иниси Мухаммед Раҳим хан болып, Хийўадан жаршылар келди. Әўелги хан ҳаққында қыйлы-қыйлы болжаўлар торанғылдың күлиндей ушып, жасыл киби жалт еткен, хабардан халық арасында және пайғамбарлық болжаўлар лаўлады. Бул жаңалық Айдосқа шеп түспеди. Мәсләҳәт төбеге келиўи гүмилжи болған бийлер, енди әлле қандай жаңалықлар еситемиз деген ой менен келеди. Сәскеге таман шақыртылған мийманлардың алды көринди. *(Перде ортасынан Әлий менен Доспан шығады. Алысларга нәзер таслайды).*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлий. Әне, алды менен ең алыстағылар келип қалды. *(Алыста киятырған бир шоқ атлыны нусқап)* Дыққатлы бол, Доспан. Алдындағы қос атлының ақ боз атлысы оймаўытлы Маман бий.

Доспан. Бий баба менен татыўма?

Әлий. Сен сөзди бөлмей тыңла. Барлығын айтаман. Расында бул бийдиң аўылы базда орыс аўылы депте аталады. Бөлек жүрген бир орыс аўылы менен қатнас қылады. Маманның тәнҳә өзи орыс патшасының тәрепдары. Хийўа жақ «қыйыт» етсе, аўылын арман қарай көшириўге тайын. Сол ушында бир жағын қазақларға берип отыр. Аўели сен оның аты не ушын Маман болғанын билип ал. Еситкениң барма? Ертеректе уллы Маман бий деген өткен. Ол халықтың орысларға қосыламыз. деген аҳиднамасын Петербургтағы уллы патшаға әкеткен. Усы жылы туўылған балаларына журт Маман деп ат қоя берген. Бул да сонда туўылғанлардан. Басындағы қалпағына сер салдың ба? Қысы жазы солай, қарасын таңлап кийеди. «Бул не десең «халқымыз еле мақсетине жеткен жоқ, азасы да ада болмаған, сол ушын қара қалпақ кийемен» дермиш. Ақбоз атқа миниўиниң себебинде уллы Маман бийден қалған әдет. Оның менен зәңги теңлестирип киятырған торы атлы Маңғытлы Орынбай бий. Елдиң Сырдәрья жағаларынан посатуғынын алдын ала сезип көшкен Убайдулла бий дегенниң жалғыз зүрияты. Бухара әмириниң тәрепдары. Тәрбияны Бухара медресесинен алған. Қыста хийўалылар усап қураш кийеди, гүзлибәҳәр бухаралыларға усап сәлле орайды. Оның изиндеги топарда, Маман бийге уқсас ақ боз ат минген көсенамай кисини көрдиң бе? Атта отырысынан-ақ Маман бийге еликлейтуғынын абайлаған шығарсаң. Қытайдың Ешжан бий деген бийи сол. Аўзын әлме-әл сыпырып, тилин сәл төсеп сөйлейди. Оның менен қатар киятырған жийрен қасқа атлысы Есенгелди сары деген Урыўы оймаўыт-па, кенегес пе билмеймен. Өзи Қоңыратты да, Бухараны да, Хийўаны да менсинбейди. Изгилери Меңлибек бий, Боран, Тоқтаполат деген. Олардан сәл бөлек киятырған алабел атлысы Атабек, Пүткил Жаңадәрья, Қуўандәрьядан арқасы жерге тиймеген палўан. Оның изинде өз-ара сөйлесип, бийғам киятырған қос атлының биреўи Орынбай бийдиң баласы молла Дәўлетназар, екиншиси Есжан бийдиң баласы



www.ziyouz.com kutubxonasi

Балмухаммед. Әкелери оларды мереке-жыйын көрсин әңгиме еситсин, ис үйренсин деп өзлеринен қалдырмайды. Оннан соңғыларын танып турған шығарсаң.

Доспан. Түсиниклн. Әлий аға, қублаға қараң!

Әлий. Баслап киятырған қара белбеўли Қабыл бий, кенегес әдетн көп сөйлемейди, сыры туйық, кенегеслерди «Хан аўылы» деп сөйлейди. Бизиң Айдос бий менен Хийўада бирге оқыған. Өзи жүдә шуғыл, азазүликтен қуры алақан емес. Қулласы Қабыл бий писик тары излеген таўық. Оның менен бирге киятырғанлар аржақлы Асан, Махат бий дегенлер. Қәне жүр алдыларынан шығайық.

*Автордан: Мийманларды күтип, билек сыбанып турған жигитлер жүўырысып олардың атларын жылаўлап, аттан түсире баслады. Ғаўырлы шаўқым, ҳал сораспалар даўам етеди.*

САХНА.

*Перде ашылғанда отаўда қыр дөгерек отырған адамлар көринеди. Тынышлық. Ҳәмме сөз аңлып, сызылып отыр.*

Айдос. *(Бийлердиң ойын өзине қаратып).* Бирадарлар егер кеширсеңиз бир тилегим бар.

Көпшилик. Айтыңыз, айтыңыз.

Айдос. Базда бир-биримизди тыңламай кететуғын жағдайларымыз барлығын жасыргым келмейди. Сол ушын бүгинги мәсләҳаттың жасы үлкени белгиленсе, соған жүгинсек...

Маманбий. «Жаман үйдиң қонағы бийледи» болмасын. Өзиңиз жасы үлкенлик қылып, мақсетиңизди айта бериңиз.

Қабыл бий. Бул Қоңырат шақырығы емес пе? Жас үлкениңиз Есенгелди маҳремди шақырмапсыз да?

Айдос. Ол киси Қоңырат шәҳәрине кеткен екен, қартайған адам, шикасланып қалса керек. *(Ҳәмме ләммим).*

Орынбай бий. Айдос атқосшысын өзгертажақ деген гәп шығып еди. Шамасы барлап ушқан баба бүркиттен, парлап ушқан бала бүркитти артық көрсеңиз керек.

Айдос. Бирадарлар, мәләл келмесе сизлерди жыйнағандағы мақсетимди айтсам.

Көпшилик. Айтыңыз.

Орынбай бий. Тыңлаўға келгенбиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Айдос бий.* Елтүзер инах өзин хан деп жәрия қылғанда «тухымында ханлық жоқ, қара әўлады хан бола алмайды» деген гәп ҳәммениң аўзында бар еди. Қара пухара өзбек әўлады болса да, бүгинги ханлық оның иниси Мухаммед Рахимге аўысты. Талапланған бенде, қара болса да хан тажысын кийсе болар екен.

*Қабыл бий.* Бизиң аўылымыз Түркстанда «хан аўылы» деп аталған.

*Орынбай бий.* Аўа, Қабыл, Қайып хан деген мүрдеше кенегеслерден.

*Маман бий.* Айдос бий, Хийўада хан қарақалпақсыз, өзгерсе, де, қарақалпақларсыз беккемлене алмайды. Буған не дейсиз?

*(Отырғанлардың ҳәммес Айдостың аўзын бақты. Айдос жүдә жайлық пенен бас көтерди).*

*Айдос.* Өткен өмир жолына нәзер салсам, бирадарлар, «Жаслық — тентеклик» — деген гәптиң ырaслығына исенимим артады. Сағасы байланған салманың балығындай көзсиз өрлеген киси далада қалады деген қуласаға келдим.

*Қабыл бий.* Сонда өрлемеңиз.

*Айдос.* Бир мен емес, бирадарлар, ҳәммемиз өрлеп жүрмиз. Я ел, я өзимиз қырға шыққан балық боламыз ба деп қорқаман. Егер тар салмалар қосылып дәрья болса, кишигирим шабақтың өрлегени билинбес еди.

*Маман бий.* Сиз қандай салмаларды айтып отырсыз?

*Айдос.* Есиңизде ме, мениң салма дегеним ҳәр бийдиң тутқан жолы. Мәселен Орынбай бий басқарған салманың сағасы Бухарада, Маман бий бийлеген көп салманың сағасы қазақ ханлығында орыс патшалығында! Ал биз басқарған салманың сағасы болса, Хийўа ханлығында. Жақыннан бери бизиң салмадан қулақ ашып, өз алдына жап қаздық деўшилер табылып атыр. Сол ушында мәсләҳәтке жыйылып отырмыз. Бир бүйири тесилмеген салма тапсақ, сағасы кең болса, соны дәрья қылсақ қәйтеди? Егер Бухарадан алынған салманың сағасы беккем болса ҳәмме Бухараға, егер қазақ ханынан алынған салманың сағасы мұқыят болса соған барып ҳәммемиз қосылсақ деген нийетте айтпақшы едим. Лекин орыс патшасынан жәрдем келмей қазақ ханының қысқысына ушырап посқандағы паналаған жеримиз усы Хорезм шуқыры еди. Қалқыдай қалқа бергенше табаны тастай усы Хорезм шуқырына шөк-

сек, Хийўа ханына барып бизге қаратылған салманың тарнаўының бийлигин өзимизге бериң, деп арза қылсақ шеп болмас еди.

М а м а н б и й. Айдос бий, тарнаўдың ийеси өзлеримиз болайық дегениң күтә мақул. Бирақ тилиниңиздиң Хийўадан басқа жаққа айналғаны өкинишли. Ҳәзирше жаўгершилик кем болғанына қарап, бул жер қолай қолтық кең шалғай екен деп жүрсеңиз керек. Бәлким сизге солай шығар. Ҳаслында олай емес. Ләмгер, сасық, шыбын-ширкейли бул мәканға ким қызығады? Жаўға да жақсы жер керек.

А й д о с. Өзлериңиз шешиң, бирадарлар! Мениңше қазақ ханына, Бухара әмирине, Хийўа ханына төлеп жүргенимизди қосып биреўине төлесек, көп көринер еди, абырайлы болар едик: ҳәтте жартысын аўыстырып қарақалпақлардики дегендей қала салар едик. Өзлеримиздиң мешит-медреселеримиз, саўда қылатуғын кәрўанларымыз болар еди.

Е с е н г е л д и с а р ы. Айдос ханлықтан дәмеңиз бар екен!

А й д о с. Ханлық бизге мийасар емес пе?

О р ы н б а й б и й. Екеўимиз-әм жиңишке жыландай жылысып, тар иниге тығылмақшысыз. Буныңыз ҳеш ныраққа сыймайтуғын ис. Бизлер ҳеш жаққа өзгермеймиз.

Ә л и й. *(Ишке кирип)* Кәраматлы Хийўаның бели келди. *(Иштегилер тым-тырыс болады).*

*Автордан*: Доспан жуўырып барып Хийўалыны аттан түсиреди. Хийўалы сулиңгирден келген, иргежейли қусаған, қуйыш қара муртлаш жигит еди. Ишке кирер алдында ол жән-жағына қарап алып, қамшысы менен келте бақай қонышын сыртылдатты. Соң ҳәккедей шықылықлап ишкерилеўге жол алды.

Ә л и й. *(сырттан)* Меҳман, ишке кириңиз *(ишкерилейди)*.

Х и й ў а л ы. Ҳа, ассалаўма әлейкум! Қарақалпақта ҳәзликти билмейди дер едим, билер екен дә! Ҳәммеңизге кәраматлы Хийўадан, уллы Мухаммед Рахим ханнан сәлем болсынлар! Қарақалпақлар қатынларын жамбасына алып шай ишедилер дер еди, араңызда бирде қызыл жаўлық жоқ қой! Ямаса сизлерәм өзбеклескенсизбе? Ха, ха! *(Өзинен басқа ҳеш ким күлмейди... Таңланып иштегилер бир-бирине қарайды).*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айдос. Төрлеңиз, меҳман, төрлеңиз!
Хиўалы. Биймәләл, биймәләл.
Айдос. Отырыңыз, меҳман отырыңыз.
Хийўалы. Жоқ, биймәлел, Мен уллы Мухаммед Рахим ханның жийени танҳа шабарманыман. Уллы хан уллы Быйыл медресени питкеретуғын молла бәшшелер ҳүрметине уллы зыяпат бермекши, соған Айдос бийге хабаршы болып келгенмен.
Айдос. Отырыңыз мехман, отырыңыз. Уллы ханның зыяпатына әлбетте барамыз.
Хийўалы. Айдос бий, биз енди қайтамыз. Бизиң ислеримиз көп. Енди өзиңиз бенен зыяпатқа неше киси апарсаңыз ҳәм болады. *(Хийўалы оқапазланып, хошласып шығады. Ҳәмме сам-саз болып турып қалады).*

Автордан: Шабарман менен Айдос қосыла шықты ҳәм Әлийди шстирекке шақырып алып, оған тапсырма береди:

— Қабыл бий менен бирге миймандьы узатып қайт. Өзиң түсинесең. Қабылдың аўылы алыслық қылар. Бизге қәдирли мийманын жиберген екен десип, туўры Бегистигине. я Мыржықтыкине апар, қондыр, өкпелеп кетпесин, кеўлин табыңлар — деди. Айдостың Әлийди қосқандағы ҳәм еки инисиниң уйин силтегендеги мақсети, биринши жағынан Қабыл бийге исенбесликтен; екинши жағынан, өкпели иниЛерине өзиниң ҳүрметли қонағын жиберип, исеним билдириў менен кеўлин алыў еди. Әлий бәрине түсингенликтен сораў бермеди.... Шақыртылмаган қонақты жөнелтип Айдос ишкериге кирди, бийлер, тийкарғы мәсләҳәтке және киристи.

Орынбай бий. Айдос, бириктириў ушын емес, қырылыстырыў ушын шақырған екенсең! Қәне мениң жигитлерим атланыңлар! Бундай пәтиўасыз, ҳәттеки гу ўысқанлары менен қандар болған адамның тамағын жеўдиң өзи гуна, турыңлар!
Айдос. Аге бирадәрлар, биз сол ушында қарақалпақбыз!
Маман бий. Не болыпты?
Айдос бий. Сеннен басқалар халық емеспе? Сен еле пүткил қарақалпақ меники деп жүр екенсеңғой! Ҳәтте қолдаўлының сеники емеслигин бил.
Маман бий. Қәне бизлик жигитлер бөлиниңлер!
Есенгелди. Жигитлер. Орынбай бий дурыс айтты, бундай пәтиўасыз жерде тамақ жеў гунә! Кеттик! *(Шайқымлы музыка, қалғып отырғанларға да қозғалаң*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*тийди. Абайсызда жау келип хабар етилгендей, ҳәмме өрре-өрре түргелип, ким қалпағын, ким қамшысын изледи, кеўли сергеклери тез-тез кийинип үйден шықты. Демниң арасында отаў босады. Айдос аўылласларына сыр бермеў ушын өзин сергек тутыўға урынды).*

Перде.

## *ТОҒЫЗЫНШЫ КӨРИНИС.*

*Автордан*: Ендиги гәпти Хийўаның шабарманынан еситиң. «Мәсләҳәт төбеден» түскеннен кейин, хийўалы мийманды зериктирмеў ушын Әлий менен Қабыл бий Айдос аўылынан жақсы жерге қонысласқанынан баслап, жолаўшының адаспаўы ушын қалың қамыс бүклер арасында түйилген түйинлерге шекем, гәп қыла баслады. Олардың сөзлерин әйтеўир мақуллап, «ах жүдә саз» десе де, хан шабарманының қыялы басқа жақта еди. Еле сыры нәмәлим адамларға ол кеўлиндегисин қалай билдирерин билмей, пышықтың қуйрығындай болған узын қара муртларын сыйпаў менен, ҳәккедей төрт тәрепине тез-тез қаранып келмекте. Қабыл бий бир ашада, өзиниң аўылына баратуғын жолда қайырылып меҳманға мират салмақшы болған еди. Хийўалы дәрриў сезди де жалма-жан оның алдын алды.

САХНА.

*(Перде ашылғанда көл көринеди. Арба жол. Үш атлы илгери-кейинли жүрип киятыр).*

Хийўалы. Шамамша, Мыржық аўылына былай жүрилсе керек?

Қабыл бий. Биледи екенсиз-гой, меҳман!

Хийўалы. Ҳа, бүгин усы аўылдың үстинен өткенмен. Қудықтан суў тартып турған бир келиншекти ушыраттым, ондай қәдди-қәўметли нашарды биринши көргеним.

Қабыл бий. Ол нашар, мәгәр болса, Мыржықтың келиншеги шығар, мен оның менен еле дийдарласқаным жоқ, лекин жигитлердиң таңлайы түседи.

Хийўалы. Ондай сулыўды серлемеў бақыллық. Ол гәп-сөзди толы шекерин атымның аўзына тутты. Өзине ықласым кеткени соншелли. Айдосқа хабар етпей қонып қала жазладым. Әттең уллы ханның тапсырмасы болды. Тапсырманы бежергеннен соң қайырылыўды нөкелеп оның аты жөнин сорадым. «Уллы бийдиң палўан инисиниң келиншегимен» деди хан жақыны екенлигим-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди сезип, «ел үстине келген меҳман екенсиз», аттан түсип, шай-суў ишиң деди. «Ериңиз үйдеме» деп едим, «ҳәзир жоқ», кешке қарай келер» — деди.

Ә л и й. Қумар келин илаҳида мийман дос адам, Қарақалпақта ердиң атын ҳаял шығарады деген гәп бар.

Х и й ў а л ы. Өзиниң өзбеклерге жақынлығы бар емес пе?

Ә л и й. Дурыс сезгенсиз. Есенгелди маҳремниң өзбек ҳаялынан туўылған, Төремурат суўпыларға жийен.

Х и й ў а л ы. Аңғарып киятырған шығарсыз, мен жуда ашық кеўил адамман. Мухаммед Рахим хан ҳәм маған талай сапар «ашық көңилсиз» деген. Ҳа солай Қабыл бий, сиз ҳәм адам екенсиз. Ханға айтып барсам, сөзсиз көтерилесиз. *(Пауза)*.

*Автордан*: Қабыл атының жылаўын тартты. Хан шабарманы оның Әлий менен сөйлесип алмақшы болғанын түсинип, ҳеш нәрсе аңғармағансынып, атының жылаўын тартпастан жүре берди. Қабыл бий шегинип Әлий менен теңлести.

Қ а б ы л б и й. Әлий, уқтың ба? Бул шабарманның зейнине тийиў жыланның ордасына аяғыңды суғып алыў менен барабар. Сен Айдос пенен көп сырлас болған адамсаң. Ол инисиниң үйинде жоқ екенин биле тура силтеўине қарағанда, бул шабарманның сырын бурыннан билсе керек. Айдос Хийўадан қандай атлы келседе оның кеўлин таўып, жиңишкеден алатуғын сум адам! Үйинде жоқ Мыржықтикине силтеп, «өкпелеп кетпесин, кеўлин табыңлар» дегенинде бир лийкин бар. Усындай келин айтқанды қылмай, өкпелетип алсақ не болады?

Ә л и й. Бул гәп емес, Қабыл бий.

Қ а б ы л б и й. Әлий, бил киси меники емес, Айдостың қонағы.

Ә л и й. Мыржық үйинде болмаса мийманды сизиң аўылға апарамыз. *(Пайза)*.

А в т о р д а н: Ай, мажгун! — деп Қабыл тақымын қаттырақ қысып Әлийден озып хан шабарманның изинен жетти. Екеўи зәңгилесип жүре берди.

Х и й ў а л ы. Қабыл бий, сизде қәлпелик бар дедиме?

Қ а б ы л б и й. Билер екенсиздағы?

Х и й ў а л ы. Ҳа, билемиз. Айдос бийдиң қусыңызды өлтиргенин ҳәм билемиз. Пүткил хан сарайы биледи. Қуда қәлесе, сизди Мухаммед Рахим хан қус беги қы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лып алады. *(Сахна қараңғыланады, перде жабылады.* Перде алдында автор).

*Автордан*: Олар Мыржықтың отаўына келип тоқтады. Қызыл ала жаўлығын қыя жамылған Қумар үйинен таўлана шығып ериниң жоқлығын билдирмей хийўалының атын жылаўлады. Усы демде ол, хан шабарманы тәрийплеген дәрежеден бир неше есе артық сулыў көринди. Қабыл бий буған таңланып жутынып-жутынып қойды. Оның кейнин аңлап қалған хан шабарманы бир көзин қысып, оған қарап күлип қойды.

— Келин Мыржық келмеди ме? — деп сорады Әлий.

— Ортаншы қайнаға менен уллы бий қайнағаның аўылына кетти. Аттан түсе бериңлер, келип қалар, — деди Қумар.

— Түс Әлий, Айдос оларды бәлким қайтарар. Қайтармаса ҳәм мейли, миймannың кеўлин келинниң өзи-ақ табады, — деп тил қатты Қабыл бий.

— Кәраматлы Хийўадай шәҳәрден келген миймanымыз бизиң хызметимизди жаратса, бас үстине, — деп дәлкеклести Қумар.

— Онша кербаз миймaн көринбейди келин, аянбасаңыз болғаны. Қарақалпақ қонақты өзиниң хызмети менен аўзына қаратады емес пе? — деп бопсытты Қабыл бий.

— Түсеберициер, қолымыздан келгенин аянбаспыз — деди Қумар. Қоңсысынан бир жигитти шақырып келип, сойыў ушын қорадан қой көрсетти. Шай қайнады, күн батты еле келетуғын Мыржық жоқ.

Әлий енди пәмиң алыстыма? — деди Қабыл бий қонақтың көзин алып. Айдос инисине, «үйиңе қонақ кетти» деп қайтармағанында сыр бар. Егер усыннан олар келип қонса, аўзыңа бек бол.

Хызметкер жигит нәҳән қызыл самар толы гөштиң үстине пискен қой геллесин қойып кирди. Изинен бир табақ толы сорпа менен Қумар көринди, бир қапталда отырып зерeнлерге сорпа қуя баслады. Ас желинди. Дәстурханлар жыйналды. Жатар болды. Келиншек соңғы мәртебе далаға шығып ийтке жуўынды қуйды. Аязладыма, азлап жөтелип, қайтадан үйине кирди, шыраны үпледи. Хан шабарманы жыландай жылысып бас көтерди. Аздан кейин үйден шықты. Бул ўақытта таң атып ойер-бүйердеги адам коринетуғын болған еди.

Ендиги гәпти анаў мәсләҳәт төбедеги қалған Айдостан еситиң

САХНА.

*(Перде ашылғанда «мәсләҳәт төбе» көринеди. Айдос жалғыз өзи ойланып алысқа көз жиберип отыр. Айыр қайғылы музыка. Ала гейгим. Жақты тек Айдос үстинде. Аттан түсип атырған Әлий көринеди, шырайы қаралай өшкен.)*

Айдос. Жаў келгеннен аман ба?

Әлий. Уллы бий, не шатақ, хан шабарманы өлди.

Айдос. Қалайынша?

Әлий. Қумар келин өлтирди.

Айдос. Қалайынша?! *(Әлий дир-дир етип, ҳештеңе*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*айта алмады).*

Айдос. *(Өзиниңде қызып турғанын енди сезинип, Әлийдиң қолынан услап иштирекке жетеледи).* Ентиге бермей айтшы?

Әлий. Өзи бузық адам екен. Түнде түргелип кетип еди. Бир майданнан кейин үстимизге келин келип «Ай пассық қайнағалар, қәдирли мийманыңызды төсегимнен алып кетиңлер! — деди. Қысылып-қымырылып барсақ Хийўалы қанға былғанып жатыр. Өлген....

Айдос. Қәйтип өлген?

Әлий. Тилим бармайды.

Айдос. Соза бермеши! *(Әлий ентиге-ентиге Айдостың қулағына бирнемелерди сыбырлайды. Айдос еки қолы менен жүзин басады).* Усы ис тап сол келиншиң иси ме?

Әлий. Аўа!

Айдос. Келинге басқыншылық етпекши болған екендағы...

Әлий. Аўа, уллы бий. Оның өзи ханның жийени екен, изи үлкен адаўат болармa деп қорқаман. Өликти Мыржықтың төлесине тығып қойдық.

Айдос. Ҳеш гәп. Келин наятый дурыс ислеген. Қарақалпақ ҳаялларының дегишпесине түсинбейтуғын қарсақларға тамби болыпты. Өлтирилген намәрт ханға жийен болмақ түўе, бир емшек емиссе де, ендиги жуўабын өзим беремен! Ал ҳәзир тезирек шап. Илажы болса Мыржықлардан бурын жет. Өликти сол жатқан төлесинен шығармай аўзына тезек тығып, терең қазып көм.

Әлий. Яқшы.

Перде.

## ОНЫНШЫ КӨРИНИС.

*Автордан*: Айтылған пийшемби күни Айдос бий Мухаммед Рахим ханның шақырығына муўапық Хийўаға атланды. Мине енди өзиниң жас атқосшысы Доспан менен Қутлымурат инахтың дарғахында. Қутлымурат инахтикине келгенде, Айдосты қызықтырған нәрсе, оның кең саямаплы гүжими емес, ҳаўызы емес, хәр қыйлы жемис ағашлы әўли-ҳәреми де емес, есигинде хызмет еткен қуллары да емес, үйинен еки жүз қәдемге созылған пыяндозлы қараңғы көшеси де емес. Бундай шараятлар Хийўаның қолы кирли байларынан да сарай хызметкерлери, ўәзирлеринен де табылады. Ҳайран қаларлығы инахтың мийманға деген дыққаты. Инах Айдостың атқосшысынан бөлеклемей кең жайға киргизди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Уллы ханымыз, сизиң атыңызды бурыннан биледи, екен, сиз оған жүдә унап қалыпсыз, — деди инах.

— Айыпқа буйырмасаңыз мен, сизди сол жаққа ҳәзир алып кетемен. Хан дарғахына барамыз.

— Мәлел келмесе, атқосшыңыз усы жерде қала берсин,—деди инах. Айдос орнынан турды. Датқа жайға келди.

САХНА.

*(Перде ашылғанда ханның арзаханасы көринеди. Айдос пенен Инах қол қаўсырып ханды күтип алады.)*

Хан. Қарақалпақ бийи, кейиплер якшыма? *(Ханға Айдос ҳүрметтиң барлық түрлерин аз көрип, ийилип тур)*. Сизиң бәрше тилеклериңизди Қутлымурат инақ бизге жеткерди, ҳәммеси орынлы. Және не тилегиңиз бар?

Айдос. Уллы ханымыз, қала қаладан, жай жайдан я пәс, я бәлент болып келеди. Адам адамнан я ақыллы, я ақылсыз болады. Хорезмди жайлаған бизде халық едик. Сизиң шарапатыңыздан өз алдымызға ханлық алсақ деген тилегимиз бар.

Хан, Отаў тигетуғын киси әўели қоныс жайын қыршыйды. Ханлық ҳәм солай. Ең әўели қарақалпақларды жәмлеў дәркар, бир-биреўге бойсыныў керек. Соны ислейтуғын бий, әлбетте, сиз! Жаңадәрьялыларды берман көшириң. Ҳа солай! Және не тилегиңиз бар?

Айдос. Елдиң салығы.... *(Хан Айдосты толық сөйлетпей өзи даўам етеди)*.

Хан. Салықты кескирт қыламыз. Ҳәзир жылына еки мың тилла. Қалаңызға жәрдемди ғәзийнеханадан аласыз.

Қутлымурат инах. *(Айдостың алдына зер жағалы шапан әкелип қоялы)*. Уллы ханымыздың сарпайы. *(Айдос түргелип ханға алғыс пенен тәжим бермекши еди, ол маған қарамай бурылып кетип қалады)*. Басыңызға бахыт қусы мәңги қонған адамсыз.

Айдос. Сизиң шарапатыңыздан *(Бас ийеди)*.

Қутлымурат инах. Ҳәр қандай жәрдем керек болса, қолымыз көксимизде *(сахна бирден қараңғыланып, перде жабылады, перде алдында автор)*.

*Автордан*: Айдостың хан сарайынан қай сүренде келетуғынын асығыс күткен Доспан, оның кейпине қарап күтә қуўанды. Сонша ҳүрметтен кейин өзин қалай тутып, атты қалайынша айдар екен



www.ziyouz.com kutubxonasi

деп сынап еди, баяғы бир жүриси болды. Көп сөйлемеди-де. Қай жылы, қай мәҳәлде Хийўадан кеўили тоғайып қайтқанын еслей алмады. Бирақ ҳайран қаларлық бир иси «Майлы шеңгелден» бир адым өткеннен соң атынан түсип бир қысым топырақты алады да, маңлайына тийгизеди. «Айдос усынан арқаға бир қарап адым етсе бий қубласына қарай бир адыс өтсе — қул!» деп, усы сапары көзлеринен мөлтилдеген жас төкти.

— Ийесиниң кейинги тәбизин сезгендей, алааяқ жийрен, аратура бир пысқырып, әсте адым менен дойнақларын тикеш урғандай тип-тик басып келе берди. Суўы тартылған көлдиң ултаны менен киятырып доңыздай жер аўдарып атшоқай терип жүрген аш адамларға дус келди.

Қундақлаўлы баласын көкирегине басып қол жайып, жолда турған бир ҳаялды көрип. Айдос бирден тоқтады.

САХНА.

*Перде ашылғанда Айдос, Доспан ат үстинде. Азанғы мәҳәл. Көл етеги. Айдостың аты алдында қолында қундақлаўлы баласы бар, узын бойлы, сыбыт, шубатылған көйлек, камзол басынан орамалы сыпырылып желкесине түскен келиншек көринеди.*

*Сөзсиз ҳәрекетлер: Айдос қалтасынан бир гүмис теңге алып оның қолына салады. Ҳаял оған қанаат етпегендей, жайған қолын түсирмейди. Айдос және бир теңге берип еди, ҳаял «нан, балама нан» — деп жыламсырайды. Айдос арқасына бурылып, қоржыныныңгүржисин шеше бергени ҳәлсиз баласын қушақлаўы менен келип оның зәңгилигине басын тиреди. Оған нан узатып атырғанда Айдостың көзи қундақтағы өли балаға түсип, «Ҳақ» дегенин билмей-ақ қалды. Ҳаял сескенип баласының бетине үңилгени мәттал, даўысының барынша шыңғырып жылап жибереди, жаңа алған наны жерге түсип жумалап кетеди. Ҳаялдың зарлағанын еситип, атшоқай тергенлердиң арасынан бир егеде киси тентиреклеўи менен Айдостың қасына келеди.)*

Егеде киси. Не болды? *(Ҳаялдың сөйлеўге шамасы келмей жүресине отыра сала қундақлаўлы баланы ериге узатады.)* О, маңлайым! О бахытсыз нәрестем-әй! *(Паўза).*

Айдос. *(Бираз жыласпадан кейин, әсте қоңыр даўыс пенен).* Ай сен, әкеси болсаң анаў шашылып атырған еки теңгени жыйна. Наннан уллы не бар, анаў нанларды ал. Мә, мынаны да қосымша қылың баланы жерлеңлер. Енди жылағаннан пайда жоқ... Тәғдирге шара жоқ.... Босаспаңлар.... Ай хор болған халқымай..... *(Әсте муңлы музыка шалынады, Айдос басын төмен салып жыламсыраған ҳалда шығып кетеди Доспан аўыр гүрсинип Айдостың изине ереди).*

Перде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## *ОНБИРИНШИ КӨРИНИС.*

*Автордан:* Айдос ат үстинде шаршап өлдим-азарда аўылына жетти. Аўылға келиўден-ақ Мухаммед Рахим хан айтқан ислерди биримлеп иске асыра баслады. Бирақ ел арасындағы бузақылардың ызасына шыдамай, үйинен шықпастан ой басып бир неше күн жатты. Доспан келгенде Айдос қара үйдиң сыртындағы ийнеўге арқасын берип, шөп пенен жер сызып отыр еди. Ол Айдостың қулағына еңкейип әстен сыбырлады.

САХНА.

*(Перде ашылғанда қара үйдиң сыртқы жапсарына сүйенип отырған Айдос көринеди, қасында қара қуман. Аздан соң Доспан киреди.)*

Доспан. Хийўа Қоңыратқа шабыўыл қылыпты, бий баба.

Айдос. Бегис, Мыржық тиримекен?

Доспан. Мен соларға келген шабарманнан еситтим.

Айдос. Төремурат суўпы, енди жаралы қасқыр. Жаралы қасқырдың ҳалын билесизлер, бәрше мақлыўқат оған душпан көринеди. Ол берман қашыўы мүмкин. Аўылдың бала-шағасы қорқысып қалмасын. Ҳәзир атланыңлар. Сен бар аўылдағы аты бар жигитлердиң бәри атлансын. Көк өзекти жағалап жүре бериңлер. Келсе аяманлар. Изиңизден мен де жетемен. *(Сахна қараңғыланады. Перде жабылады. Перде алдында автор.)*

*Автордан:* Көп еглеңбей, Айдос атланып «Көк өзек» тамаңға бет ала бергени, асығыс шаўып киятырған Доспанды көрип, ҳаўлыққанынан атын қамшылап алдын кеселеди:

— Қайерге келди?

— Өтип кетти. «Көк өзектиң» аржағы менен кетти. Жаңа дәрья тәрепке баратыр.

Сол мәҳәли узақтан көп ат дүрсилдиси еситилди. Тосыннан еситилген даўысқа ҳәмме бурылды. Қараса Бегис пенен Мыржық онлаған атлыны баслап, ыраштан жаңа көтерилип киятыр екен. Олар Айдостың қасына келе тоқтады.

САХНА.

*(Перде ашылғанда қамыслы ыраш, ыраш бәйырайында бир-бирине қарсы қарап турған Айдос, Бегис, Мыржықлар атлы көринеди.)*

Мыржық. Ханның сарпайынан кейин бул кисиниң аяқлары менен басы аўмасып түскен көринеди. *(Бегис*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*желкесХин қасыған болып, мыржыйыўы менен Айдостан бир нәрсе күтти).*

Айдос. Гөдеклер. Төремурат суўпының рапанек қорғаны пыт-шыт болғанына шыдамай, сөздиң аўыр-жеңиллин билиўденәм қалыпсыз! *(Селк-селк күледи).*

Бегис. Ханға қырық қыз жыйнайман деп ўәде бергениң ҳәм шын ба?

Айдос. Айдос ҳаққында не айтылса ғәлети жоқ.

Бегис. Бәлким Хийўадан ўаз кешип, бабалардың ант еткен жолына түсерсең?

Айдос. Хийўадан ўаз кешиў — халыққа қаратылған меҳир шәшмесиниң көзине қум қуйыў менен барабар.

Бегис. Айдос емес, бул бир қуйын! Дүбелей, даўыл!

Айдос. Қысқартыңлар! *(Айдос қамшы көтереди, еки иниси қылышына қол жуўыртады).*

Перде.

## ОН ЕКИНШИ КӨРИНИС.

*Автордан:* Ендиги гәпти Қоңырат ҳәкими Төремурат суўпыдан еситиң. Ол Айдос баслаған ийгиликли истиң белине тебетуғын нағыз қас душпаны еди. Қоңыратқа ҳәким болып отырып алғаннан кейин Қоңырат ханлығын дүзиў идеясын көтерип, барлық қарақалпақларды жәмлеўге киристи. Бул айырым урыў басшыларына оң түскендей көринеди. Өзин Хийўа ханына қарсы қоя баслады, деген менен ол Хийўадан қатты қәўетерли еди.

— Тәсилпаз хан бүгин-ертең қалаға топылса таажып емес, деген гудик пенен күнсайын қорқып қаладан шығалмай қалды. Ол қанша-қанша ақшамларын уйқысыз өткерсе де, ең баслысы, өзин тутып, сырттан қарағанлардың көзине хеш қандай қәўипти мисе тутпайтуғын күшли ҳәким болып көриниўге урынды. Қайерде. туўысқан-туўғанына, ағайынлерине, урыўына өкпелегенлер жөнинде еситсе оларға пана болып, Қоңыратқа көширип әкелиўге кәтқуда жибериўден алжаспады. Сондайлардың есабынан атлы ләшкерин бес жүзге шамаластырды. Усындай адамлардан ләшкер топлаў жумысы гүжип атырған күнлердиң биринде «Ханның үш жүз ләшкери Әмиўдәрьядан арқаға өтипти» деген суўық хабар оған сап ете қалды.

## САХНА

*Қоңырат. Төремурат суўпының сарайы. Кешки мәҳәл. Ерте* бәҳәр Төремурат суўпы ойласық үстинде).

Төремурат суўпы. Енди не дейсиз, периштелерим?



www.ziyouz.com kutubxonasi

А й т м у р а т. Арқайын болмай, жаўдың топылысын күтиў керек.

Б е г и с. Жаман нийетли хан ләшкери үстимизге келгенше күтиў зәҳәрли жыланның басынан емес, қуйрығынан услағандай гәп, оралып шығады. Сол ушын тезлик пенен дәрьядан өтип жаўды «Айдос аўылынан» өткермей гүм қылыўымыз тийис.

Т ө р е м у р а т  с у ў п ы. Хан ләшкери үстимизге әкелипте көргенбиз, периштелерим, бир түбирге еки мәртебе сүрнигиў соқырлық болады. Бегис периштемниң мәсләҳәти дурыс секилли.

Б е г и с. Жаўды қалаға жолатпай, Айдос аўылының үстинде мылжалаў керек.

Т ө р е м у р а т  с у ў п ы. Енди алдымызда еки жол бар, бири — өлим, екиншиси — жазылып қайғысыз жасаў. Адамның шырайы қарасынан емес, нийети қарасынан қорқыў керек. Хийўа ханының нийети қара. Бизиң мақсетимиз Қоңырат шәҳәрин ғана емес пүткил қарақалпақ елин сол қара нийеттиң қанлы пәнжесине бермеў. Турыңлар, пүткил қол астыма, қалаға дабыл қағыңлар! Нөкерлерди топлаңлар!

А й т м у р а т. Қуллық, төрем! *(Кетеди).*

Т ө р е м у р а т. Егер Айдос пенен жүзлесип қылышласар күн туўса, не қылар екенсең периштем?

Б е г и с. Бенде қылып аламан.

Т ө р е м у р а т. Ол қол қаўсырып тура қалarma екен?

Б е г и с. Бийазар услап алыўым керек. *(Ҳәким бас шайқап селк-селк күледи).*

Т ө р е м у р а т. Қәне кеттик, периштем! *(Сахна қараңғыласады, перде жабылады, автор шығады).*

*Автордан*: Қоңыраттың ҳәкими Төремурат суўпы 500 атлы ләшкер тартып Айдос аўылына атланды. Буннан хабардар болған хан саркардасы Мухаммеджан бек пенен Айдоста нөкерлерин екиге бөлип, гезе тутып жатыр еди. Таң атыўға мейиллескенде, еки жақтан гүўлеп киятырған жалын от көринди. Еки жерден тикке шапшып даўрық салған Мухаммеджан бек пенен Айдостың даўыслары бир-бирине қарысып кетти.

— Кәраматлы хан жигитлери, жаў, жаў! Жақынлатпай оқ үзбеңлер! — Айдосқа әлле қандай қалтыратпа тийип бийтаҳатлана баслады.

— Айдос бий касапатың тийисе атаман! Есиңде болсын! Егер шайтанлық қылып инилериңизге жеңислик бермесеңиз, аямайман, аттыраман. Тухым-теберигиңди аттыраман! — деди Мухаммеджан бек.

Мухаммеджан бек, усы жасыма шекем сизсиз жасаганман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шегиницнз өзим билмеп, — деп жуўап, қайтарды Айдос. Алда бир жас қамыслықтың аржағында бир бөлек булттай басып киятырған қоңыратлыларды көрген Айдос атын қамшылаўы менен ләшкердиң алдына түсти. Ағасының алааяқ жийренин таныи Бегис Төремурат суўпыға өтиниш етти.

— Бул урыс — үш туўысқанның урысы. Айдосқа қарсы жекме-жек бараман! Ол аўзын жыйғанша болган жоқ, Айдостың извилерге «тез, тез» деген даўысы еситилип, оның ләшкери гүў алға басты. Қоңыратлыларда қалыспай «алла»лап қамшылады. Көзди ашып жумғанша тақырлықтың үстинде шаңғыт шаңғытқа уласып, еки тәреп араласып кетти. Оплаған атлысы менен бир бийиклеў төбеге көтерилген Мухаммеджан бек, Айдостың ҳәрекетлерин бақлады. Төремурат суўпыда урыстың барысын толық бақлайтуғын орын тапты. Оның көзлери Бегисте. Бул аўқал екеўиниңде басын ғаўлатты.

## САХНА

*(Сайаш майданы. Бегис алда, Айдос кейининде, ат үстинде шаўып баратырып сөйлеседи).*

Айдос. Тоқта, Бегис! Тоқтамасаң түйреймен, Бегис!

Бегис. Өзиңди бас, Айдос бий.

Айдос. Бегис, қызба жасы кишисең, бас ий, кеширемен! Болмаса, болмаса...

Бегис. Жасы үлкенлигиңе сөзим жоқ. Бирақ жолың қыйсық. Хан менен қаўын жеўден қашаман, пошалаған етегиңе салады. Сен усыны бил!

Айдос. Бегис түсин! Төремурат суўпыға сениң өлимиңде мениң өлимим де байрам!

Бегис. Хийўа ханына да солай.

Айдос. Бегис, маған қарақалпақтың бас қаласы, мешит-медресеси жөнинде айтқанларың есиңдеме? Мен соларды басладым-ғой баўырым, ал сен сенше? Бузып жүрсең.....

Бегис. Хийўа ханының ўәдеси пуш, соны бил...

Айдос. Жоқ. жаным өйдеме. Тоқта, Мухаммеджан бекке қарай шап, жас болса да ақыллы кешир де!

Бегис. Сен Төремурат суўпыға бас ий!

Айдос. Ойлан, мине арамыз найза созым жер қалды, бирақ мен түйремей турман. Ойлан, қамығып қаш, бизди бақлап турыпты. Қалай көзим қыяды? Өлтиремен ғой сени....

Бегис. Сен де абайла, усынап гилт тоқтап оңбениңе найза тутсам тил тартпайсаң. Мени де бақлап турыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айдос. Мыржық, қайда?
Бегис. Билмеймен.
Айдос. Үш қаналас елди тоздырдық. Ҳей тоқта! Ҳай тоқта. Болмаса, болмаса... Бегис түсин.
Бегис. Мейли өлтир! Ҳақыйқатлық мен тәрепте, ҳақыйқатлық ушын өлим — батырлық!
Айдос. Бегис, бауырым....

*(Сөзсиз ҳәрекетлер: Ақыры болмаған соң, Айдос оның менен қатарласып абай ушын ба, қамшысын ердиң басына илдирип қынабынан қылышын суўырып оң қолынан тутады. Қаны қызып турған Айдос зәңгисине ширене берип қылышты Бегистиң көк желкесине қойып салады. Бегис «Ҳа, сатқын!....... деп-ақ үлгерди. Аздан соң Айдос та ерде отыра алмай, бир қапталына аўып кеткени көринеди. Сахна. бирден қараңғыланады, перде жабылады, перде алдында автор шығады).*

Перде.

## *ОН ҮШИНШИ КӨРИНИС*

*Автордан:* Үш туўысқан арасындағы пайда болған кек, өшегисе-өшегисе келе ақыбети мине усындай өкинишли ҳәдийсеге келип соқты. Гәллеси алдына еңтерилип, лашы қула дүзде қалған Бегистиң жайдақ атының далаңлықта қаңғып баратырғанын көрген Айдостың ой-бауыры езилип, ерде отыра алмай көк шөпти тислеп, еси кетип, еки көзинен тынбай жас парлады.

Енди гәпти Мыржықтан еситсек. Ол ханнан хабарсыз өз үйинде баласын ойнатып отыр еди. Түнги мәҳәл.

## САХНА

*(Қара үйдиң төри. Мыржық баласын ойнатып отыр. Қумар шайнек-кесе сыпырыў менен әўере).*

Мыржық. Жан бауырым Ерназар, балагенем, күтә қызық дәўирде дүньяға келдиң. Жумбақлы сырлы дүньяға келдиң. Ким болар екенсең?
Қумар. Өзиң болады, өзиң!
Мыржық. Киси әкеси менен емес, баласы менен мақтаныўы тийис дейди, неге ондай деп айтылды екен?
Қумар. Жақсылап тәрбияла, ел сүйер қылықлы етип тәрбияла деген гәптағы төрем.
Мыржық. Жуўабың дурыс шабазым. Лекин ойлап отырсаң бизиң халық аздан келип, сонша шаўқымлы, ҳайран қаласаң. Ҳаслында тек сайыз дәрьялар шуўыл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дап ағады. Егер мениң баламның заманында халық терең дәрьядай тынық, тыныш ағарына көзим жетсе, ҳәзир-ақ мақтанар едим. (*Биймезгил ярым ақшамда келген Елгелди сырттан биййжағдай бақырды*).

Елгелди. Мыржық, ҳәй Мыржық! Қумар! Аспан жерге түсти. Бегис өлди. Айдос өлтирди.

Мыржық. Қашан, қайерде?

Елгелди. Бүгин Айдос ауылының тусында, Айдос оны алдады.

Қумар. (*Лалы шығып еле көйлекшең турған Қумар жыламсырап гүбирленди*). Мен оны ақыллы уллы адам десем....

(*Мыржық ойланып турмастан керегениң басын сыйпалап, жай-жарағын алды да мойнына шала-пула илдирийи менен есиктен атлыға шықпақшы болғанда Қумар баласын қушақлайы менен алдын тосты*).

Қумар. Төрем, сәл иркил: шыда! Азанға дейин шыда!

(*Мыржық оны қолы менен қағып жиберип шығып кетти, атланды да патырақлап шабыйы менен ғайып болды. Сахна қараңғыланып перде жабылады, перде алдында автор*).

*Автордан:* Айдос еки улының ортасында узынына тасланған дастық болып жатыр. Өкпеси түтиңге толып кеткен тәрезли ухлейди-ухлейди, сира бойы жеңил тартар емес. Оның пеликтен бундай ҳалатқа түскенинен биихабар уллары әкесиниң бетин, сақалын сыйпалап желпип отыр. Бир гезде шалқасына түсип, еки қолы менен еки баласының айдарларын, тулымларын алма-гезек сыйпалады. «Хо, жигит болып киятырсыз, дәрманларым. Екеўиниң де айдар, тулымларыңызды бир күнде алдыраман. Бир күнде той беремен» — деди.

Есик елп етип ашылғандай болды. Аяқларын ғаз-ғаз басып, кирип киятырған ҳаялын көрип геўдесин көтерди.

## САХНА

(*Айдостың он еки қанат отаўы. Төрде төсек тартып жатқан. Айдос қасында еки баласы*).

Айдос. Не жақсылық шабазым?

Айша. Сени көриўге адамлар келип тур.

Айдос. Неге кире бермейди?

Айша. Өзиң түнде қасымда Ырза, Төреден басқа ҳеш ким болмасын деп едиң.

Айдос. Кире берсин. (*Айша шығады, Қабыл бий, Қәдирберген, Доспан киреди. Сәлемлесип отырысады*).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хабаршы. *(Сырттан)* Айдос бий! Ҳа Айдос бий! Сизди Мухаммеджан бий шақырады. *(Иштегилер ҳайран болып, бир-бирине қарасады).*

Айдос. Доспан, шығып хабарлас, «баралмайды, аўырып атыр» — де. *(Доспан шығып, қайтып келеди).*

Қабыл бий. Айдос жора, тәғдирге тәўбе қыл. Жасы үлкен жасы кишиге кейнсе, урысса, неси айып? Ашыў менен қамшы орнына қылыш көтерилип, бир жазатайым болғанды. Қәйтсеңде түби өз туўысқаның ким сеннен қун сорайды? Еплеп бас көтер, самалға шық. Бийшараның пайманасы толған шығар. Журтқа бәрибир, қылған да өзиң, аза кийетуғын да өзиң, яғный қандарың да өзиң, қандардан кек алатуғын да өзиң *(Айдостың көзлеринен жас сорғалайды).*

Доспан. Ҳәкке қонған жерин ыласламай қоймайды, бий баба. Төремурат суўпы ҳәкке еди, екн иниңиздиң жүрегин теңнен ыласлады. Ҳәккениң дәрти тийген жерди, тек кесип таслаў керек.

Қәдирберген. Сизиң ел бирлиги, қарақалпақ ханлығы — деген ураныңыз дүйым журтқа мәлим. Бегисти әне сол ушын өлтирдиңиз. Ҳеш пушайман жемеңиз. Сиз «Қарақалпақ» деген аттың жәҳәнге жаңғырып еситилиўи ушын бул истиң басына бардыңыз.

Қабыл бий. Түргел, белиңди беккем буў, қайғыны қой, майданға шық. Шамалла, Алланың исине бардам бер, бирадар.

Айдос. Дурыспа усы гәп?

Қабыл бий. Дурыс.

Қәдирберген бий! Рас!

Айдос. Онда Қабыл бий енди әскербасыға барамыз. Қәдирберген, сен де жүре бер, Доспан, сен атымды ертлеп изимнен апарарсаң. Кеттик! *(Жедел менен шығып кетеди. Сахна бирден қараңғыласады, перде жабылады, перде алдына автор шығады).*

*Автор:* Әскербасының шатыры алдында арбаға байлаўлы турған Мыржықты Айдос алыстан-ақ таныды. Көп қарсыласса керек, бет-аўзы тырналып тислери сынынты. Қып-қызыл қан, түпиринип тур. Айдостың жүреги суўлап кетти. Бирақ қапталындағыларға сыр алдырмай, сабырлылық пенен келе берди. Мухаммеджан бек «Айдос кесел, келе алмайды» — деп хабарланса да гүдерин үзбей, жол қарап күтип тур еди. Айдосты алыстан көрип ҳештеңе байқамағансыды да шатырға кирип кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## САХНА

*(Мухаммеджан бектиң шатыры алды. Арбаға байлаўлы Мыржық, Айдос, Айдос, Қабыл бий, Қәдирберген бийлер кирип келеди ҳәм Мыржықтың қарсы алдында тоқтайды).*

Айдос. Қәдирберген, босат ананы! *(Даўыслап).* Мухаммеджан бек!

Мухаммеджан бек. Ҳа,. Айдос бий келдиңиз бе? Мынаў инињиз сизге ғәзеп пенен жинленип киятыр екен. Нөкерлерим тутып, алдыма әкелди. Жини басылсын деп арбаға байлата сала, сизди шақыртқаным еди. Сөйлесиңлер. *(Өзин бир шетке алады). Сөзсиз ҳәрекетлер: Айдос қазықтай қылт етпей турып қалады. Мыржық байлаўдан азат болыўдан жуўырысы менен Айдостың ийегиниң астына тығылып, музғаладан шыққан баспақтай қалш-қалш етип қалтырады.*

Мыржық. Рас өлтирдиң бе?

Айдос. Рас.

Мыржық. Туфўўў, жүзи қара! *(Айдос бетиндеги Мыржықтың түпиригин сыпырып, қабағын үйе қайтадан Мыржыққа бетин тутты).*

Айдос. Және?

Мыржық. Тифууу жүзи қара!

Айдос. Және?

Мыржық. Тифууу жүзи қара!

Айдос. Енди маўқың басылдыма ямаса және бир нәрсе қыласаңба? *(Мыржық төмен қарады).* Гүзги шыбын ашытып шағады. Бегис гүзги шыбынға айналған.... Мен оны....

Мыржық. Пададан адасқан айыплыма ямаса оны жеген қасқыр айыплыма!?

Айдос. Қой болсаң қасқыр тайын. Қасқырдан да күшли болыў керек. Мыржық енди мен саған ҳақ жол тилеп қаламан. Жалғыз өтинишим, сорлы халқыңды сүй! Төремурат суўпыға ерме! *(Көкиреги ерип)* Хош Мыржық! Ерназарды мен болып сүй! Орыс патшалығына кетесең, илая жолың болсын. Ерназаржанға жетимлик гириптар болмағай. *(Мыржық оған бурылмастан тым-тырыс кете береди. Ҳәмме Мыржықтың изинен қарап қалады. Музыка).*

*Автордан:* Тартыс бунын менен азқланбады. Мыржықтың кеўлинде кек жамалып қандарлық сезим оянды.

Перде

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҮШИНШИ БӨЛИМ

## ӨКИНИШ



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАТНАСЫЎШЫЛАР.

| | |
|---|---|
| Айдос бий, | |
| Қутлымурат инах, | |
| Доспан, | Айдостың атқосшысы. |
| Мухаммед Рахим хан, | Хийўаның ханы. |
| Орынбай бий, | Маңғыт урыўының бийи. |
| Молла Дәўлетназар | Оның баласы. |
| Хорезмли бағман, | Айдостың досты. (Юсупжан шабандоз). |
| Қабыл бий, | Кенегес урыўының бийи. |
| Омар, | Алийдиң баласы |
| Паршагүл, | Доспанның ҳаялы. |
| Нөкер басы, | Айдос бийдиң көтерилисин басыў ушын жиберилген ханның нөкер басшысы. |
| І-нөкер, | Хан нөкери |
| Дәрўазаман, | Хан сарайынан |
| Яков. | Айдос тәрепинен рус жигити. |

Массовкада аўыл адамлары, бийлер, нөкерлер.

## *ОН ТӨРТИНШИ КӨРИНИС.*

*Автордан:* 1812-жылдың бәҳәри. Бегис өлтирилди. Мыржық өлтирилди. Ханның нөкер басшысы Мухаммеджан бек қоңыратлыларды қашырып кеўлин әнжамлап, Хийўаға қайтты. Айдос енди есиги, төри нәмәлим уўықлары сынық, шаңарағы түңликсиз отаўда қалған секилли. Ислеген ислеринде, ҳәрекетлеринде, ҳәтте сөйлеген сөзлеринде де бәрҳә нақолайлық, натуўрылықты сезеди. Жаз ҳәм зымырап өтип кетти. Гүзиң аспандай тез-тез бир муҳамға лөнетуғын хан сиясаты, еле бир турысында. Хийўа таманнан, я жақсылық, я жаманлық хабар келмеди. Лейкин ел әлле қандай бир жақсылық күтиўде. Қыс кирди Қақаман суўық турып, дәрьядан сең ықты, жер үсти қар жамылды. Хийўа ханы Мухаммед Рахим лашкер тартып келип, ел аралады. Қоңырат халқын дизеге шөктирди. Барлық қарақалпақларды бәҳәрге шекем Хорезмге қонысландырыў Айдос бийге тапсырылды. Бәҳәр шығыўдан Хийўаға, барып усы истиң нәтийжесин хабарлаў жумысыда Айдос бий мойнына жүкленди. Лекин кетеринде хан жасы үлкенлерден Қабыл бийди, жасы кишилерден молла Дәўлетназарды аўлақ шақы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рып алып. — Тоғайда жолбарыс болмаса шағал өзин шер деп сезеди». Ондай шағалға жол бермеймиз, ертеңги қарақалпақ сизлердики» — деп сыбырлап кеткен еди. Сонда шағал дегени Айдос бий еди. Мине усы сөзге желиккен Қабыл бий, молла Дәўлетназарға: Хан деген изинде тиреги бар адамнан айбынады. Туўысқанларынан айырылған қуў ағаш Айдосқа қарамайды, қудай тала бир рәўиятта «бендеме өзим жаманлық қылмайман. Басқа бенделеримниң қолы менен қыларман» — деген. Хан саған алтын саплы пышағын берип, әлбетте, ойнасын деп бермеген шығар, алланың әмири менен елдиң ендиги тәғдири సениң қолыңда улым — деп ғыжақ берген еди. Усылайынша өмир сүриў менен қыста, өтип кетти. Жадырап-жайнап бәҳәр келди. Пүткил Хорезмниң киндиги болған Хийўа, бәҳәр липасын кийип, сыйқырлы ҳаялдай оқабазланып, көзге тасланып тур. Айдос оның сыртқы сулыўлығына наше етип, бир дүңгеклеў жерде атының жүўенин тартты: «Доспан қарай ғой, әлем таң қаларлық, не деген гөззал қала! Екеўи тиртеклесип хан сарайына келди. Сарай дәрўазасы ҳәр қашанғысынша иштен илик еди.

## САХНА

Д ә р ў а з а м а н. Айдос бий, бүгин кириўге рухсат жоқ. *(Айдостың ҳаллас урып келген көкиреги муз қойғандай болды).*

А й д о с. Қутлымурат инаҳ қайда?

Д ә р ў а з а м а н. Сизди әйнектен көрип, маған буйрық берген сол уллы дәрежели инахтың өзи.

А й д о с. Қайталаңыз?

Д ә р ў а з а м а н. Болды, болды, Айдос бий! *(Даргаҳының есигинен Қутлымурат инахтың басы көринеди).*

Қ у т л ы м у р а т и н а х. Жасаўыл, берман әкелеғой. дәргаханада дем алып турар.

*Автордан:* Қутлымурат инахтың сөйлесиўи бурынғыдан пүткиллей өзге, сөзлериде күтә қысқа. Оның менен де турмай, дым үндеместен ишки бир қапыға сүңгип кетти. Айдос ханның датханасына арыз етип келген бий сыпатында емес, шар базарда тутылған урыға усап қалды. Олай-булай жүрген хан жасаўыллары да сәлемлесиў былай турсын, жаңа усланып байланған қабаған ийттиң қасынан өтип баратырғанға мегзеди. Айдостың жығырданы қайнап, тисин қайрағаннан пайда болмады, күн батқанша ҳеш ким оннан жол болсын да сорамады. Шыдамай Қутлымурат инах кирген қапыны қатты-қатты урды. Әлленемирде иштен инах шықты. Тислерин ақшыйта күлди.

## САХНА

Қ у т л ы м у р а т и н а х. Айдос бий, зериксеңиз керек-а?

А й д о с. Сырттан қарап хан сарайына кирдим десем,



www.ziyouz.com kutubxonasi

тауықханаға кирген қусайман-аў *(Қутлымурат инахтың жузи суп-сур болып кетти).*

Қутлымурат инах. Әкең пияз, анаң бурыш болса керек.

Айдос. Ха, ха, ха уллы дәрежели инақ! Мени уллы ханның даргахына жибермей, неге мында иркип қойыпсыз?

Қутлымурат инах. Уллы ханның ўақты жоқ.

Айдос. Уллы дәрежели инах, ашшыға тили тиймей мазаның не екенин, кисп билмес екен, шынын айтыңыз. *(Инах мыйығынан күлсе де, көзлери қыймылсыз)* Түйе арық болсада, териси бир ешекке жүк деседи уллы дәрежели инах, жүрегим жарылмайды, бүкпей айтыңыз уллы ханның не ойы бар?

*Автордан:* Инах жуўап берип үлгермей, датхананың есиги ашылып иштен ханның зер шапаны көринеди. Айдос белинен морт сынған қамыстай ийилип сәлем бергени сол, хан сөйледи:

Хан. Айдос қарақалапқ, сизди недей самал айдап келди?

Айдос. Уллы ханымыз, ўәде бәржай болды. Гүлли жаңадәрьялылар берман көширилди.... Соны сизге хабарлағалы келдим.

Хан. Ҳа, сизге барған Геденияз елши бәршесин баян қылды, сарпайынан-әм алды. Сизге пайда болсын деп пүткил елиңизге, жигрма мың тилла белгиледим. Кимнен өндириў өз еркиңизде, бизге жигирма мыңды лок әкелип берсеңиз, сиз ҳақыйқый Айдос қарақалпақсыз.

Айдос. Сиз мақул десеңиз, жигирма мың тилладан қашпаймыз.

Хан. Әне бул ўәж.

Айдос. Караматлы Хийўаның ханы мен сизиң ўәдеыңрарыңызға бинаан, Хорезмде енди болатуғын қарақалпақ ханлығы жөнинде сөйлесиўге келдим.

Хан. Ха, ха... бүгин жерде домалап жатқан мәйек ертең аспанға ушыўы тийис демекшисиз?

Айдос. Түсинбей турман, уллы ханымыз, бул қуда ҳәмири!

Хан. Ха, ха, ха...! Айдос қарақалпақ билемиз, сайыз дәрья шуўылдап ағады, гүзги шыбын ашшы шығады. Сиз қайсысы болып келдиңиз? Абайлаңыз, өңешке сыймайтуғын нәрсеге аса нәпсиқаўлық, жаныңызга зәўлим боларына ой жибериңиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

А й д о с. Түсинбей турман уллы ханымыз.

Х а н. Мениң айтып турғаным өмирфалсафасы. Қәне инах, бул топас қарақалпаққа өзиңиз түсиндириңиз.

Қ у т л ы м у р а т и н а х. Айдос бий, сиз ақыллы инсан бола турып, Хорезм шуқырына еки ханлықтың керек емеслигине ой жибермегениңиз қалай?

А й д о с. Ўәде-ықрар.... ўәде-ықрар.... уллы ханның, ўәде-ықрары.

*Автордан:* Айдос еки шекесин қысып, дизерлеп отырып қалды. Хан кирген есигине қайта сүңгип кирип кетти.

Қ у т л ы м у р а т и н а х. Түргел, Айдос бий ҳәр қораз өз кетегинде жаршы, қайт кетегиңе, болмаса....

А й д о с. Жоқ, уллы дәрежели инах, бул адалатлық емес! Мен сизди ҳақыйқый дос дер едим, дослығыңыз жыртық тоңға мегзес екен.

Қ у т л ы м у р а т и н а х. Айдос бий, Хийўа қонаққа «кет» демейди, төсегин жыйнайды. Мен сизге гәптиң пос геллесин айтып турман.

Қ у т л ы м у р а т и н а х. Жөгишилик пенен жыламсырамаңыз, Айдос бий!

*Автордан:* Хан есиктен және басын көрсетти. Айдос қарақалпақ өз туўысқанларына көмек бермегеннен көмек күтиў ладанлық екенин билмейсиз бе? — деди де Айдостың сөйлеўине қаратпай инахға ымлап, оны ишкериге алып кирип кетти. Енди бул жерде қалыўға Айдостың дати жетпеди. Жүреги қақ жарылажақ болып, датханадан сүйретиле шықты. Датханадан қандай жағдайда шықса да, басқаларға сыр алдырмай, көрингенге бас ийип, күлип сөйлесетуғын бийдиң көзлери, енди жер көрмеди, мийи мең-зең болып, сарайдың дәрўазасына жеткенше бир неше сүрникти. Еситкенлери аздай, муртлаш дәрўазаман оны сыртқа шығарып изинен:

«Айдос қарақалпақ —
Басыңа тай-жығанды кийде,
малың бақ,
Еки бирдей ининди тең өлтирип,
Хийўалыдай хан болмаға ҳәддиңе бақ» —

деп мысқыл етти. Айдостың жүзи күйген ағаштай қараўытып, ат тепкен ийттей буратылыўы менен сыртта күтип турған атқосшысының алдына омақазан атты ҳәм ҳуўшсыз: Нәлетийлер.... нәлетийлер! Мени өлтирди. Доспан.... Улым....! Доспан денемди әкетиңлер.... өз жериме, өз топырағыма көмиңлер.... Майлышеңгелден өткерип көмиңлер! — деп гүбирленди. Олар атларына минип, Хийўадан шығып жолға раўана болды. Енди гәпти Айдостың аўылындағы адамлардан еситиң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жумсақ бәҳәр. Мал аран қаздырып атырған жерде үйилген топырақтың үстинде молла Дәўлетназар зиңкийип тур. Оның жанында Орынбай бий.

## САХНА

Орынбай бий. Әлемниң бир бийик шоққысы уллы Хийўа ханының алтын саплы пышағы сенде. Егер қарақалпақта ханлық беретуғын болса, уллы хан сени умыт пайды, бас ўәзир етип Айдостан жарлық берип жибереди. Буған ийманым кәмил. Өзиңди таярлап жүргениң мақул. Айдос жөнинде ҳәзирше жаман сөз таратыў саған миясар емес.

Дәўлетназар. Ханлық берермекен?

Орынбай бий. Адамға тил бир берилген. Ханда адам.

*Автордан:* Орынбай бий қазылған аранларды аралап баратыр еди, бир қапталынан келип қалған Қабыл бийди көрип гилт тоқтады.

Дәўлетназар. Әне, Айдос! Мәгәр болса Айдостың өлигин әкеятыр!

*Автордан:* Аран қазыўшылардың бәри беллерине сүйене ырғып-ырғып сыртқа шықты. Қабыл бий сөйлемместен, өткиншилерге ерс берди. Орынбай бий менен баласы, Дәўлетназар араншыларды елестирмей тез-тез атланып шабысы менен оларды қуўып жетти. Айдос арбаға төселген кийизде бир қыялап, алтақтаға басын қойып жатыр. Сақал мурты өскен шырайы жер реңинде. Хийўаның түбиндеги «бағлы ауыл» деп аталған аўылдың атақлы бағманы менен бийтаныс бир молла еки қапталында отыр. Басын ақ шүберек пенен таңған киси сол «бағлы аўыл»-дан шыққан атақлы Юсупжан шабандоз екен. Бийлер ҳештеңеге түсинбеди. Атлыларда ҳештеңе сөйлемеди.

## САХНА

Дәўлетназар. Не болды?

Айдос. Сорама, Дәўлетназар.... Хан алдады.... Әдиўли бийлер, алдандым! *(Басын алтақтаға урып, сес-семирсиз қалды).* Бирадарлар кешириңлер! Достыңды мақтасаң жаманлығы болған күни айтарлықтай, душпаныңды жаманласаң жақсылығы болған күни айтарлықтай саңлақ қалдырыў керек екен. Мен Хийўа ханын



www.ziyouz.com kutubxonasi

саңлақсыз, мүлтиксиз мақтар едим... Маңлайы қара болдым, ели-халқымды бахытсыз қылдым...

Хорезмли бағман. Айдос бий, парасат қылыңыз, — сизде, елиңиз де бахытсыз емес, ким ўәде-ықрарын бузса сол бахытсыз. Сиз ўәдеңизде турдыңыз.

Айдос. Бирадарлар, кешириңлер, ханның еки түрли ғәзийнеханасы бар екенин билмедим, ҳеш билмедим.... Бири қызылға, бири бос ўәдеге толы екен. Мен соңғысына қанаат қылып жүре берипен... Маған енди өлим миясар, тек өлим! Келиңлер, өз қолыңыздан өлтириңлер!.... Билесизлер, неше адамның көз жасына қалдым.... Еки инимди өлтирдим. Бәрин де жақсылық ушын қылып едим.... Қурысын бул жалғаншы дүнья! Қой көрмейин, қайтып көрмейин, өзлериңиз өлтириңлер, мен арсызды аяманлар!....

Хорезмли бағман. Айдос бий, сиз уллы мақсеттиң адамысыз. Уллы мақсети бар адам өлтирилмейди. Тынышланыңыз, аўылыңызға жеттиңиз. Өзбеклерде: «жесир қатын алған киси, тайын балаларға әке боланың тилегиде усы. Қарақалпақ ушын ол өгей әке, сиз-Өлсеңиз, пүткил қарақалпақ халқы жетим қалады. Ханның тилегинде усы. Қарақалпақ ушын ол өгей әке, сиздей әкеге татымайды. Есиңизди жыйыңыз, көресизбе, изиңизде неше ҳийўалы өзбек досларыңыз атлы киятыр.

Орынбай бий. Қабыл бий, ақмақ пенен жүрип жол тапқанша, ақыллы менен адасқан мақул, Тарт атыңның басын.

Қабыл бий. Мақул айттың, Орынбай бий. Ақылсызға ақыл айтыў түпсиз ыдысқа суў қуўған менен бара бар, жүр, изге кеттик.

Дәўлетназар. Япырмай бала. Хийўада Айдос бийге дос жоқ шығар дейтуғын едим, көп екен ғой....

*Автордан:* Айдос үйине келген соң биротала төсек тартып жатып қалды. Бәҳәрде «Бағлы аўылдың» бағманы Юсупжан шабандоз жигирмалаған болып және келди. Бул сапары Айдос аўылынан Қусхана таўына шекемги аралықта көп жерлерге бағ нәлшелерин олар тәрепинен отырғызылды. Енди Айдостың кеўили азғана сергекленип, анда-санда далаға шығып, жан-жаққа нәзер таслайтуғын болды. Ел арасында еле баяғы көринис: жетелескен ғарры-қартаңлар, жетим-жесирлер, арман-берман шапқан атлылар, қыйлы-қыйлы ғаўасатлар, түсиниксиз шаўқымлар. Ол отаўына сүйенип турып, әлле кимлерди алдына салып жарыспаққа қамшылап айдап, сөгинип баратырған үш атлыны танымай, узақ сығаланды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзлери жолинде шағынбайтуғын Айдостың қапталында турған Кәдирберген бийде, Доспан да аяды, бирақ пәленше гой деспеди. Айдостың кеўили бузылып, көзлери жасаўырап туңжырап қалды.

САХНА

Доспан. Қапаланбаңыз бий баба, олар Қабыл бий, молла Дәўлетназар, Аймурза бийлер. Хан асық берсе, сақа қылыўға нийетленип, атлан-шап болып усы жүрисп. Журт еле сизиң тәрепиңизде. Сиз айтпаған соң ҳешким ханға салық төлемей атыр.

Айдос. Қой ақыллым, досты хошеметлеў — душпанлық. Журттың салық бермегени, айғырға айналғаны, күшейгени. *(Доспан қызарды, Айдос басынан тақыясын алып, аппақ шашын қасыды)*. Бир заманлары елдиң аўзы-мурнынан асқан тоқшылық болған екен. Бир ҳаял баласын тосып болып, қуйрығын сыпырыўға кесек таппай, жарты нан менен сыпырған екен дейди. Әне тоқшылық! Соннан қуданың ҳәмири менен, келеси жылы жерге гия көгермей, ийт етин жеген ашлық басланыпты. Сол ҳаял, ашлықтан теңселип тап өлерге келгенде, баласының қуйрығын сыпырған нан ядына түсип, қайерге таслағанын билмей излепти дейди. Тамның жарығына тыққаны есине түсипти. Алайын десе жарыққа қолы сыймай, диңкеси қурыған ҳаялдың басына бөтен ақыл келмей, жарыққа тилин суққан екен, жарықтан жылан шығып, ҳаялдың тилин шағады. Ҳаял өледи, әне соннан кейин ел, бурынғы ҳәддине келип, тоқшылық болыпты дейди. Бунның мәниси — адам нени қорласа, соның зарын шегеди.

Доспан. Мениңше, сиз ҳеш қайсысын қорлаған жоқсыз, бий баба.

Айдос. Сениңше солай шығар, бирақ мен қайсысынан болса да зарын тартып атырман.

*Автордан:* Доспан, Кәдирберген тымтырыс қалып, қыял тоғайына кирди. Жол таппай узақ сандалысты. Әллеқемирде Айдос сөйледи.

Айдос. Қылыш пенен болса да, шашырап шашпаў жүрген ел топланып еди. Енди олардан салық жыйнаў аўыр емес. Әттең маған халық инанбайды, себеби бәри ашыўлы, көбиси қонystан айырылғаны ушын ашыўлы, жетимлер урыста өлген әкелери ушын ашыўлы... Ким-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ге не деримди, кимнен кеширим сорарымды билмеймен. Арба сынған соң тегис жол тапқанынан не пайда: Қудай достына я кесел, я қайғы жибереди дейди. қудай мени дос тутып о дүньясына тезирек алдырса шеп болмас еди. Жудә қыйын саўда болып тур.

Доспан. Жақсы басшы ақтерек емес, гүжим, саяманлы гүжим, — деген гәпиңиз бар еди, бий баба. Еледе журт паналағандай гүжимсиз, өсеклерге қулақ аспаңыз бий баба.

Айдос. Өсек — мисли көмир, Доспан, өртемеген менен үстинди ыласлайды.

*Автордан:* Және жаз кирди. Шыжғырған ыссы күнлердиң биринде Айдостың еки улы жер астынан көгерип шыққандай бирден пайда болды. Таң намазына тәҳәрет алыўға шыққан Айдос мысқуманды қапталына қойып, сам-саз болып турып қалды.

САХНА

Айдос. Ҳаў, улларым, түни менен қайдан жүрсизлер? Парахатшылықпа?

*Автордан:* Ырза менен Төре. Хийўада, медреседе оқып атыр еди. Соңғы күнлери талабалар арасында бираз наразылықлар жүз берип, Айдостың Хийўадағы душпанларының бири, талабалардың медресе басшыларына нарыйзалығын бәне қылып, Ырза менен Төрени туттырып, өш алмаға нийетленгенлигин бир досты айтып келиўден, екеўи қашқан еди. Бунысын әкесине ашық билдирмеди.

Ырза. Аға, Хийўада ҳаўа райы өзгерди. Бурын ықтырмалы қалаға усайтуғын еди, енди дийўалы гөнергенге ме, ызғырығы көп. Кийимлерди өзгертип кийип қайтыўға келдик.

Айдос. Улларым, ызғырық аяз жанға ләрзем бермесе ҳеш гәп. Онша аўзы ашық болып өспең улларым. Хийўада тар көше, қараңғы көше көп, аяқларыңызға қарап, сақ жүрмесеңиз қыйын. Лекин, илим ушын қыйынлыққа шыдаў ҳәм илим. Бул илим ҳәр адамнын өзинде болыўы керек. Киси жасаған сайын жаманлыққа көп дуўшар болар екен. Бул ялғаншы дүньяда көбирек жасаў бахытсызлық, ҳақыйқый бахытсызлық! Тезирек хош аллияр айтысыў керек. *(Айдос өзин жоғалтып, өзи менен өзи сөйлесе баслайды).* Өжетлик пенен усыншама жасап едиң және азмаз шыда. Бул дүньяға келиў, кетиў ойыншық емес, сонша жыл ел



www.ziyouz.com kutubxonasi

басқардың, извиңди ойран қылып кетпе, жасларды сыннан өткер. Сорлы елдиң кимлерге қалып баратырғанын да бил!Со нпап соң өл! Тез өл! Сонда әрмансыз боласаң. Жақсы нийетлер менен көп не баслап едиң бәри болмаған менен биразлары нәтийже бергенди. Олардың жақсы келешек болыўы керек. Айтпақшы. елге қайтып келген баяғы Яков орыстан не карамат табылар екен? Уллы патшаға қарсы қол көтерген жигитте, әлбетте бир нышан бар шығар. Ханға қарсы елди көтерип бер десем бе екен? Ақыры ол тәжирийбели ғой — ... Жоқ. Айдос усы ўақытқа шекемги жолынан тайынба. Ҳаў улларым, ишке кириңлер. Таң намазын бирге оқыйық.

Ы р з а. Жүдә дурыс.

Т ө р е. Мейли аға *(шыра өшеди)*.

*Автордан:* Жаз да өтип кетти. Гүзги аспан тез-тез ҳәр муқамға дөнбекте. Аўыллар жазлаўдан қыслаўға көшип атырған күнлердиң бирипде Айдос отаўына сүйенип, тас төбеден думанланып ушып баратырган қамыс ҳәм ақ бас үнелеклерин тамаша қылып отыр еди, бир қапталынан үш ғарры келип сәлем берди, ойы бөлинди. «Мениң ақылдан адасып, жол таппай жүргенимди сезип, мәсләҳәт бериўге келген жас үлкенлер екен» деген ойға келди, Айдос.

САХНА

А й д о с. Хо-ош, ақсақаллар?

1-ғ а р р ы. Айдос иним. Бас қосып алдыңызға келгенимиздиң мәнисин аңлап отырған шығарсыз. Ата-бабаның жолына ҳәмел қылып шабылған шақаның орындағы нарттың тәғдирин ойласыўға келдик.

А й д о с . Жүдә мақул, ақсақаллар. Нарттың тәғдири десеңиз, ертеңгимиздиң тәғдири. Бул ушын не мәсләҳәт етпекши едиңиз?

2-ғ а р р ы. Есенгелдиниң баласы Елгелди келип, Қумар келинди көшнрип әкетпекши қусайды. Қолында қолаўлыдан туяқ бар еди. Жат емес деп, соның ғамында келдик. *(Хабар Айдосқа жақпады, басын төмен алып ойға шүмип, Тақатсызланып).*

А й д о с. Ақсақаллар, ужыбатлы мәсләҳәтиңизди күтип отырман....

3-ғ а р р ы. Келинди қапталыңызға көширип әкелдик деген ойдамыз.

А й д о с. Көнермекен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

1-ғ а р р ы. Журт оны ақыллы нашар деседи. Әўели сениң ләбизиңди алсақ, келинге неке суў менен барамыз.

А й д о с. Түсиндим. Ини өлсе келин мийрас демекшисиз-да!

2-ғ а р р ы. Өзиңнен асқан ақыл жоқ бизде.

А й д о с. Бирадарлар, бул ис келиспес. Мен Мыржыққа душпан емеспен, жаман нийет пенен өлтирмедим.

3-ғ а р р ы. Сулыў қатын теңиз. Терең сайызын билдирмес, алдар деп қорқарсыз ба? Оны ығбалың биледи. Өлген туўысқанның ҳаялын алыў душпанлық болмаса керек.

А й д о с. Душпанлық *(Айдос ашыў менен және даўысын пәсейтти)*. Ҳаял екинши байға тийсе, әўелгисин умытыўға мәжбүр. Мен келинниң Мыржықты умытқанына қайыл емеспен.

1-ғ а р р ы. Онда өзиң билесең, бизлер ужыбаты ийман деп келип едик.

А й д о с. Болмас жерге балта урмаң.

*Автордан:* Ғаррылар кеткеннен кейин. Айдос сөзи-өзинен жеделленди. Келинине көшпе деў мақсетинде тез атланды. Келиниң отаў жықтырып атырғанының үстине келди. Қумар аза кийимлерин өзгертиў былай турсын. Жайылған шашын еле бурымға өрмеген де еди. Туўысқан қайнағасын көрип азғана қамсықты да, алдына шығып тәжим берди. «Аттан түсиңиз қайнаға» — деп ийбе менен мират стти. Айдос келерин келсе де, келинниң көзлеринен тамған жасты көрип, кеўили бузылды, ҳештеңе айта алмай, атының жүўенин тартып кейин бурылыўға мейилленди. «Қайнаға кеўлиңизге түсинип турыппан» — деди Қумар, еки дизесине қойған қолларын жаздырмастан. Хийўаға, барғаныңызда хан сарайының дәрўазасын ашатуғын еки шақыңыз бар еди, абайсызда ел бирлиги деп, оны өзиңиз кесип тасладыңыз. Енди есиңизге келип не десеңизде бийпайда. Сол ушын маған ҳештеңе айтпағаныңыз мақул. Отыз еки тисим омырылса да марҳум төремниң руўхына шек келтирип, көзине шөп салмаспан. Лекин, ининизден қалған туяқтан қәўип етпеңиз. Қолымнан келсе жесирдиң Ерназары емес, өз елиниң ең кеминде қолдаўлының Ерназары қыларман, оны заманның ырабайы билер. Азғана күнлик туўысқанлыққа ырза болыңыз, уллы қайнаға. «Қумардың ақыллы гәпине ырза болып, Айдос ғырра изине бурылды. Бирақ көкиреги елжиреп қайтты. Алаяқ жийрен ийесиниң кейпин түсингендей, адым-адым жүрип киятыр... «Хан сарайының дәрўазасын ашатуғын еки шақыңыз бар еди. Абайсызда ел бирлиги деп, оны өзиңиз кесип тасладыңыз....» деген Қумардың сөзин және ишинен тәкирарлады. Ырасында солай ма? Солай, солай! Хо-хо! «Абайсыздан деди» Ырастан да абайласам керек... Мине енди қанға қатерем жоқ сыяқлы....



www.ziyouz.com kutubxonasi

## *ОН БЕСИНШИ КӨРИНИС.*

*Автордан:* 1825-жыл келди. Түнги шақмақтай журттың дыққатын аўдарған және бир жаңалық пенен аўылларға шаршылар шапты. Дәўир кимниң дәўири Аллақул ханның дәўири! Ҳәркимниң өз дийди, өз гумарашылығы. Жаңа ханға ҳәр қыйлы баҳа берген халық аўзындағы болжаўлар өрмекшиниң аўындай шатысып, еки жылға шекеми изи басылмады. БаБсқа тон пишиўшилердиң ҳеш қайсысы Айдосқа жақпады. Бурынгысынша хан салығын жыйнайды. Соңғы хан шыдамсызлаў екен, сәл кешиксе бас салықшысын жибереди. Бас салықшысы жүдә биймаза ҳәм зулым адам екен, ҳешкимниң дуўсыйына қаратпайды. Ғарры Айдостың алдына салып жүрип, азапланып салық жыйнатады. Күнлерде бир күн, салғырттан шаршап Айдос үйине қайтқанда, ярым жолга келгенде, оның алдын кесип еки қара өткендей болды, азғанадан кейин, ашшы шыңғырған бир бала даўысы еситилип, бирден суў сепкендей болды. Ғарры бийдиң кеўлин жаман нәрсени сезип, даўыс шыққан шоқ қамысқа қарай асығыс жуўырды. Көрилмеген, еситилмеген жағдайдың үстинен гез болды. Бурынгы атқосшысы Алийдиң улы Омар менен шырайы абешиий билеклери малдың сыйрағындай жүнлес биреў, кишкене бир баланы өлтирип көмип атыр екен. Олар абайсызда үстине келип қалған Айдостан сескенсе де оның жалгызлығын көрип, онша ҳаўлықпады. ирақ гарры Айдосқа тутыслық бермей, кейин-кейин серпилди.

### САХНА

Омар. Айдос бий, қандарым едиң, даўыл айдап келгени жақсы болды. Көзиң менен көр Анаў өлтирилген бала Доспанның үлкен улы Рахим. Егер сен араласпағанда Рахим мениң балам болыўы тийис еди. Паршагүл маған туўып беретуғын еди. Уятсыз, уят — әттең түтин емес, болмаса әлле қашан сени көр қылар едим. Мынаў билеклериме қара, еле сениң төбеңде ойнайды. Сениң балаларыңды да өлтиреди. Ҳа, ғарры кесиртке, ха, ха, ха есиме түсти. Нағыз кесирткеге мегзейсен. Кесирткениң басы женшилмесе және жылысып кете береди. Хийўадан алданып бир өлдим деп едиң, және пәтленип кеттиң. Ха-ха-ха Айдос бий қолға түстиң! Иймаңыңды айт, кәлийма қайтар!

Айдос. Мени өлтириў ҳеш гәп, анаў балада не гүна бар еди?

Омар. Ха-ха! Сенде меҳир барма? Жөги! Жылан! Аўа жылансаң! Жылан түлесе де зәҳәри өзинде қалады! Сен қартайдың, бирақ зәҳәриң өзиңде! Усынан аман кетсең, зәҳәримди жаяман деп ойлап турған шығарсаң? Кел ойыңды иске асыр. Қолыңнан келсе аяма, алжыған! Биз кеттик. Енди көзге түспе, жалғыз жүрме!



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Автордан: Олар атларын қамшылап-қамшылап, қамыслықтың арасынан зым-ғайып болды. ,Жалғыз өзи Айдос ярым делбелик ҳалда).*

Айдос. Я тоба!!! Әне көрдиңиз бе, күни кеше өз қолым менен үйлендирген Әлий атқосшының улы, бүгин мени өлтирмекши болды, алжыған деди! Жақсылыққа-жақсылық қәне? *(пауза)* Ҳа, тоқта енди түсиндим. Әлий келин түсиргенде бул мурынбоқ жас еди, келинди еркек болып меңгере алмады. Бир күни нашар майданда отын майдалап атырған екен, алыстан өтип баратырған кең жаўырынлы, бир атлыға көзи түсип, аңсары аўған. Қолындағы балтасының түсип кеткенин де сезбеген. Ал ол көринген атлы болса өзимиздиң Доспан екен. Күнлерден бир күн бул жас келиншек таң азан мезгилинде бизиң үйге келди. Жаман бир суўық хабар менен келген екен. Уятсыз Әлий келинине қол салған. *(Бетин қоллары менен жаўып)*. О тоба?!., Әне соннан кейин, қолдаўлының ар-намысы ушын елесқапаста ол нашардың көзин жоғалтыўды Доспанға тапсырғанман. Нашарды Доспанға ертип жиберип, өзим Әлийге атландым. Мен Әлийди үйинен таппай, көк өзек бойлап оларды излеп барсам, Доспан менен Паршагүл бирден атымның аяғына жығылды. Көзлериңнен мөлдир муҳаббат жаслары сорғалады. Бул сүттен де пәк таза муҳаббат еди. Мен сонда өлим жазасын, «Қосақарыңлар шырақларым» деген пәтия менен алмастырған едим. Ай тоба! Гүна болса кеширегөр!!! (жылайды) Арадан көп узамай Доспан уллы болды. Атын Рахим қойды. Рахим 5 — 6 жасқа келемен дегенше жаңағы Омардың да еси енип қалды. Барған сайын оның жүрегинде Паршагүл ушын Доспанға қарсы кек қайнады, өш алыўдың жолына түсти. Минекей ақыбети мынаў!

Паршагүл. *(Сырттан бақырады)* Рахим хуў-хуў! Ха-ха-ха Р-а-а-х-и-м!

Айдос. Әне анасы баласын излеп жүрипти, ал баласы болса *(жылайды)*. Ай, қудайым, мени неге усындай күнлерге салдың! Енди оған не деймен?.... Айтсам ағайын арасында қандарлық пайда болады. «Қанға қан» жети ата-бабаға созылады. айтпасам өзиме қыянат!

Паршагүл. *(Сырттан және даўыслайды)*. Рахим хуў! Ҳа, Рахим!



www.ziyouz.com kutubxonasi

А й д о с. Жоқ-жоқ! *(Бетин басыў менен жылап шығып кетеди).*

П а р ш а г у л. *(Алақлап ишке жуўырып киреди)* Рахим хуе-ўў) *(шығып кетеди ишке Айдос киреди).*

А й д о с. О, тәңирим! Мени неге от пенен суўға салдың!? *(Диз шөгеди, аспанға қол жаяды).*

*Автордан:* Айдос бий ўәделескен жерге келиш, Москвадан келген Яков деген рус жигитин күтти. Бир мәҳәли алақлап бир рус эфицери кирип келди. Кийимлери бул жағада жоқ, асынған мылтығы бар, шашлары алтын түслес, бул жигиттиң шырайы таныс сыяқлы. Айдос еслей алмай жалтақлап қарай берди, аң-таң. Жигит ырастан таныматанын билди.

САХНА

Я к о в. Айдос ата, мен Яковпан, баяғы уста Никифор орыстың баласы «Яков орыс» есиңиздеме?

А й д о с. Х-о-оо, шырағым! *(Оған тасланып, мойнынан қушақлап еңиренеди).* Шырағым, шырағым, ержетипсиң, үлкен киси болыпсаң әкең саўма? Көп күттирдиңиз гой, аманлық па?

Я к о в. Кеширерсиз ата!

А й д о с. Ҳеш гәп. Яковжан, сөйлеп отыр, тап әкең Никирфор. Атабек палўан үшеўиңиз аўылдан шыққаныңыздан басла.

Я к о в. Сол жылы аўылдан шыққаннан-ақ самалымыз оңынан турмады. Кеште бир далаңлықта дем алып отырғанымызда үстимизге бир топар қарақшылар келип, барымызды сыпырып әкетти. Әкемде, Атабек палўан да қарсыласпады, себеби олар көп еди, өлтирип кетиў қәўпи көринди. Кейин қайтпадық. Атабек палўан өжет, қайсар екен. «Жолға шыққан изге қайтыў ҳаялдың иси» деди. Әкем көнди. Соннан алға жүрип қазақтың ата бийиниң үйине келдик. Ол жүдә жомарт екен, ҳал-жағдайды билип алып, еки түйе менен көң жол ғәрежет берди. Және жолға түстик. Бир күнлери және таландық. Енди Москваға жеткенше аўыллар бойлап қайыр сораўға, гә қалаларда ойлап жумыс ислеўге туўра келди. Қулласы көп-көп айларда Москваға жеттик. Барсақ, Москваға от тийип атыр, екен.

А й д о с. Москваға от?..... Қалайынша?

Я к о в. ....Москваны французлар ийелеп атыр екен....

А й д о с. Олар кимлер?

Я к о в. Французлар пүткил Европаны дизе буктирген



www.ziyouz.com kutubxonasi

мәмлекет Патшаның аты Наполеон деген. Француз ләшкерлери, орыс ләшкерлеринен көп, және тисине шекем қуралланған екен. Ел үстине басып келген душпанларға қарсы пүткил халық урысыўға шықты. Москва дөгерегиниң дийханлары Герасим Курин деген бабайдың басшылығында партизанлық қылып жүр екен. Ағам менен Атабек палўан басқа ислерди қойып соларға қосылды....

А й д о с. Хоо, азаматлар! Соннан!

Я к о в. Күшке келсе, ақылға келсе ағам менен Атабек палўанның бир-биринен осаллығы жоқ екен. Ҳәммеге жарамды. Ҳеш ким оларды еки миллеттиң адамы деп айырғанын сезген емеспен. Әскербасы «түнде тил әкелиң» деп жумсаса, дизилисип кетип, азанда екеўи еки французды өлген қойдай қылып, арқалап келип турғаны.... Соннан Герасим бабай ағайынли Никифорлар, «ағайинлы батырлар» деп мақтады, марапатлады, ҳәмме адам оларға сүйсинеди. *(Айдостың жүзлеринде мақтаныш сезимлери көринип турады).*

Я к о в. Бир жола... Жүдә азанғы мәҳәл суўық еди, олар ҳәрқашанғысынша түргелип, мени оятпай маңлайымнан сүйди, адам өлерин алдын ала сезе ме, билмедим... Олар мени сол сапары жуп-жуптан сүйди.... Азанда, Герасим бабайдың бәршени жыйнап атырғанын көрип, ағам менен Атабек палўан сол кәрада шығар деп жуўырып бардым. «Жигитлер бүгин ақшам ағайынлы батырлар жаў қолынан қазаланды»... деп атыр екен. Мен гәп кимлер ҳаққында екенин дәрриў угып, ўай-ўай салып жылап жибергенимди билмеймен, бир гезде көзимди ашсам, партизанлар екеўин бир табытқа салып, жерлеўге қолайлап атыр екен. Герасим бабай келип басымнан сыйпалап, «ай мурынбоқ, ер бала сөйтип жылайма екен? Түргел! Батыр болып өлген әкеңниң, оның егиздей болған батыр достының исин даўамла, еле жаў иргелес жүр» — деди. Сөйтти де әкемниң малақайын басыма кийгизди. Атабек палўанның бир француз әскербасысын өлтирип әкелген мылтығы бар еди, оны ҳәмме ҳәўес ететуғын еди, әне сол мылтықты Герасим бабай мениң қолыма услатып «Усла орыс баласы, өлсең де жаўға бас ийме, көзиңде жас көрсетпе» — деди.

А й д о с. Па, па! Герасим бабайың күтә ақыллы екен. Сонда сен неше жаста един?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Яков. Он бесте.

Айдос. Он бесте?

Яков. Мендей көп балалар бар еди ата. Сөйтпесең жаў жеңилеме? Ақырында французларды бийесап қырғынға ушыратып қашырдық...

Айдос. Сөйтип әкең менен Атабек әкеткен тапсырма аяқсыз қалды ма?

*Автордан:* Яков күтә зийрек бала еди. Әкеси менен Атабек палўанның қандай тапсырма менен келгенин билетуғын еди. Французлар менен урыс ада болыўдан, қарақалпақлардың тилегин айтып патшаға өзи кириўди әрман етти. Патшаның датханасына кириў, әсиресе Яков Никифоров сыяқлылар ушын мүмкин емес еди. Ойласқан адамлары солдатлыққа өтип алыўын, ығбалы жүрип кетсе, патша сарайына хызметке өтиў имканияты туўатуғынын айтты. Ендиги қыйыны солдатлыққа қабыл етилиўи, себеби басы байлылар (крепостнойлар) солдатлыққа алынбайды. Бирақ оның атақлы Герасим Кутинниң қол астында болғаны, әкеси Никифоров өз досты менен «ағайынлы батырлар» атанып даңқ пенен өлгени үлкен жәрдем етти. Солдатлыққа алынды. Патшаға кириў сонда да аңсатлыққа түспеди... Жыллар өте берди. Кем-кем әскерий дәрежеси артты. Сөйтип жүргенде әскербасшы офицерлериниң арасында жасырын уйым пайда болды. Жас жигит сол уйымға қосылды....

Яков. Әскербасшылардың жасырын уйымы, патшаға қарсы еди.

Айдос. Патшаға қарсы?!

Яков. Аўа, ата! Патша «менмен» еди. Мен киргенде арзыма қулақ асыўы нагүман еди. Уйымымыздың мақсети патшаны өзгертип, басқасын сайлап қойыў еди. Егер патша жаңадан сайлап қойылса, бәршениң аўҳалын-арзасын дурыс тыңлар, әдил шешер, қарақалпақ елине биротала жақсылық пенен қайтайын деп, жүр едим. Ақыбети ос-ойран болды. Патша жасырын уйымды билип, басшыларымызды туттырды...

Айдос. Уаҳ! Басшыңыз ким еди?

Яков. Көп еди, бир сөз бенен айтқанда Декабристлер делинер еди.

Айдос. Қайерде адам бар, арасында бәрҳа қуянқы, ақ байтал бар.

Яков. Солай болса итимал. Соннан патша бәрше декабристлердиң изине шуқшыйып түсип алды. Кимнен шубхаланса, услап қамата берди, ақ үйли қыла берди. Маған патшаға кириў түўе, патша жасаған Петербург қаласында жасаў мүшкилге айналды. Қаштым. Сизлер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дп еле хабар күтип отырған шығар деп ең болмаса усыларды айтайын, патшамыз әззи халықларға шалғай жабыў түўе, өз тахтын сақлаў ушын мантығын атырғанын айтайын, деп сизлер тәрепке қаштым.

Айдос. Хабар қуўанышлы емес. *(Сақалын сыйпалап қатты қәҳәрленип гүрсинди).* Бир иллет табылғанды деп жүр едим-аў! Әне Яков, баяғыда бирёў теңиздиң аржағында адамлар тауық саўады дегенге сүт сорап кетип, қайтып келип жинли атанған екен. Әне уллы орыс патшасының иси. Уллы Мамап бий оның сарайына барғалы сексен төрт жылдың жүзи. Бийопа ўәдени еле күтиўимиз, сирә жоқ. Айтшы Яков балам, елиңизге жаман күн туўғанда орыс патшасы ушын бир қарақалпақ палўаны шын кеўилден хызмет етип жүрип қазаланды десек иснана ма?

Яков. Мениңше иснанбайды! Себеби кишигирим қол шайпатылғанда, анаў-мынаў тамшы ғурлы билинбейди. Ушы-қыйыры теңиздей орыс елатында Атабек палўанның өлими елеспесиз бир тамшы ғой...

Айдос. Яковжан, енди бизлерден аўҳал сора. Хийўа ханы бизлерди алдады. Қарақалпаққа ханлық бермеди. Жақында ханның бас салық жыйнаўшысын урып өлтирдик. Биздеги ала байталлар соны ханға хабарлаўға кетти. Хан енди ләшкер тартып бизлерди қырыўға келеди. Бирадар, енди шын қәўетерли күни туўды. Асығыс таярлық керек. Хан елес-қапаста басып келиўи мүмкин. «Айдос қала» Хийўа ханы ушын қолайлы мәкан болды. Бизге қолайлысы— «Сары атаў». Ҳәзирден баслап халық «Сары атаўға» жыйналсын, жаў-жарағы менен жыйналсын! Бала-шағалары менен жыйналсын. Шетте қалса тынышлық жоқ, «Сары атаўға» бәри жайласады, жақсы мәкан! Қамал болса, үш жағы балықлы теңиз, «Сары атаўдан» мәкан басыңлар! —деп елиме буйрық жәрияладым.

Яков. Тийкарғы мақсети не?

Айдос. Мақсет ханға қарсы урысыў, бирадар! Ханның зулымлығына қарсы, ханның салығына қарсы урысамыз. Өзимизди өзимиз бийлеў ушын, қарақалпақ ханлығы ушын урысымыз....

Яков. Мақул, Айдос бий, мақул!

Айдос. Мен шынымды айтсам, заманымыз —күшли әззини мүжиген заман. Сол ушын биздей аз санлы ха-



www.ziyouz.com kutubxonasi

йыққа шын аталық ететуғын көп санлы бирликли халық, күшли патша, я хан керек. Биз көп шабылып, көп мәкан өзгертип, көптен азайған халықпыз. Сеннен бир нәрсе сорасам?

Яков. Сораңыз.

Айдос. Ушы-қыйырсыз кең пайтах орыс елиниң уллы патшасын қулатыўға не деген күш керек? Ойлансам сен айтқан декабристлердиң журегиниң түги бар жигитлер екен. Солдат болсаң, әскербасы болсаң, сен де осал емессең. Яков балам мениң сорайын дегеним, адамларды өзлериңизге исендириў ушын не иеледиңиз? Бизге үлги керегин, сезип турған шығарсаң? Қыпсалама, бизде жарақ жетиспейди.

Яков. Қапаланбаңыз. Айдос баба. Ең баслысы бирлик керек, адамлардың сизге, жеңиске исеними керек. Сонда! жарақ жаўдың өзинен алынады... Жеңисти әрман еткен киси өлимди ойламайды, Айдос баба!

Айдос. Мине Яков балам, усыл үйретсеңиз бәрше қарақалпақ нөкери сениң еркиңде.

*Автордан:* Думанлы күнлердиң биринде, күн батар алдында, қоңыр аты ақ көбик болған бийтаныс шабарман пайда болды. Халықлап шабысы менен ҳеш кимге хабарласпай Айдосты таўып, атынан бойын таслады.

Хабаршы. Айдос баба, бий баба! *(Ҳаплығып сөйлеп)* Бий бала мен Қабыл бийдиң атқосшысыман. Ол қурсып, сатқын екен! Дәўлетназарәм қурысын!... Бәри бас қосып, сизди ханға жаманлады, елди жаманлады. Сөйтип Хийўадан мың ләшкер шықты, олар бүгин күндиз Қоңырат қаласында дем алады. Түнде Қоңыраттың тусынан Әмиўдәрьядан өтип, сизлерге топылады. Аямайды, сизди алды менен дарға асажақ, балаларыңызды зыйыққа отырғызажақ.... Аўа, соларды билип шыдамадым. Ат отыны сылтаў етип, берман қарай шаптым. Анам қолдаўлы Қоңырат сизге жийенмен. Тәнҳә өзим әзелий тилеклес едим...

Айдос. Ай өтирикши, хабарыңның ыраслығына не дәлийлиң бар? *(Шабарман асықпады, албырамады, қолтығынан қос қоллап нан алып, маңлайына тийгизди).*

Хабаршы. Өтирик сөйлесем, заў-задымды нан урсын!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айдос. Әне бирадар. *(Яковқа бурылып)* Қудайға әсн болсамәм айтайын, бул дүньяның қудайданәм күшли киндиги нан. Қуяшәм нан ушын шығып турыпты. Қарақалпақлар нан услап ант етсе, сол жерде өлгени. Енди илаж табыңлар, ғамланыңлар. Енке келсе жаўыз хан ләшкери Әмиўдәрьядан берман аман өтпесин.... Доспан, жийенди шатырға апар тойдыр! *(Алысырақта шоқланып турған атлылар тәрепке нәзер таслап)* Ырза, Төре! Нурлыбек! Ҳәзир оңшең жаў-жарақлы атлыларды баслап, Қоңыраттың тусындағы Әмиўдәрьяның шығанағына жетиңлер!...

Ырза. Не ушын?

Айдос. Әмиўдәрьяның берги жағасындағы урықлықта жасырынып жатып, арғы жағадан өткен хан нөкерин бирим-лсп өлтирип жарақларын аласыз. Бул жүдә-жүдә ғана жақсы усыл. Рахмет. мың рахмет жийенге!... Ханның мың нөкеринен жарақ алсақ Хийўаның өзинәм басып алыў қыйын емес. Яковжан, уғып турсаңба, енди «қарақалпақша әдиллик» неке асады.

Яков. Айдос баба, асықпаңыз. Менинше азғана ойланыў керек.

Айдос. Қәне, Ырза, Төре таярланыңлар! Жигитлер, ылғал күни туўып турыпты. Қәне шабыңлар улларым!

Төре. Аға, Яков ағаның мәсләҳәтин ал, оны тәжирийбели деген өзиңиз ғой.

Айдос. Ай, ширик қумалақлар! Айдостың уллары нәмәртлик қылып иргеге тығылған тышқанға айналса, бул сорлы елди ким қорғайды? Үш жүз атлының алдына жүриңлер! Әмиўдәрьядан жүзип шаршап шыққан хан ләшкери, ҳәр қайсыңызға тек үшеўден-ақ туўра келеди. Қәне тез шабыңлар! Тез! Тез!

*(Шыра өшеди. Автор перде алдында).*

*Автордан:* Қатал әке менен бетлеспеген Ырза менен Төре үш жүз атлыны баслап Әмиўдәрья тамаңға жол алды. Ярым ақшам аўғанда көзи илиңген Айдосты, әтираптағы жалтылдаған от сағымы менен Сары атаўды паналаған халықтың уў-шуўы оятты. Атаўдың қамысына от басыпты. Пышырлап жанып атыр. Айдос аўылының батыры Нурлыбек тәрепинен Аллақул ханның салғырт жыйнаўшысы өлтирилип, лашы Айдос қаланың дәрўазасына илдирилген еди. Молла Дәўлетназар менен Қабыл бий бул хабарды ханға жеткериў ушын Хийўаға атланған еди. Сол молла Дәўлетназар менен Қабыл бий баслап келген хан ләшкери Қоңырат үстинен өтпей жол таслап күтилмеген жерден Сары атаўға ҳүжим



www.ziyouz.com kutubxonasi

жасамақта. Жаў ләшкери жүдә жақын, ғаўырылысы еситиледи. Айдос шала-пула кийинип, жуўырысы менен Яковтың қасына келди.

Айдос. Яковжан, және алдандым.

Яков. Айдос баба, көз жасты тоқтатыңыз, мени тыңлаң. Хан нөкерлерин тоқтатыў қыйын, күш жоқ. Сол ушын атқосшыңыз бенен атланыңыз да мынаў суўдан кешип өтип қазақ елин жағалаңыз.

*Автордан:* Айдос суўдан шыққан соң да, атларына дем алдырмай түнди күнге уластырып қамшыға зор берди. Қызыл қумның бир асыўында атлар шыдай алмай тоқтады, жетекке алынды. Узын шубай еспе қумда омбалап киятырған Айдостың алаяқ жийрени де Ширик Рабатқа келгенде дегиш алған ыраштай гүрс етип омақазап атты. Пайлаж дем алыс нәўбети келди «Шаршадым Доспан, қашан өлиўим керек еди, қурыгыр бул дүнья бир сулыў қыз яңлы, бәрҳа өзине тартады Қыр дөгерекке бир қарашы Доспан. Қандай гөззал жайлаўдамыз!» Доспан Айдостың сөзлерине онша итибар бермей узақтан көринген атлылардың кейнин бақлаў менен олардың ҳақыйқаттан қуўғыншылар екенине исенди де, ийримге қулап баратырғандай Айдостың ийнине жармасты...

### САХНА

Доспан. Бий баба!...

Айдос: Ҳа, қара қурт көрдиңиз бе?

Доспан. Қуўғыншылар... Заңғарлар!!! *(Айдос жан талўасы менен бирден сескенди. Ҳәўлирип өзин жоғалтады, қашады, жасырынады, өзин өзи урады... Соң бирден өзине келеди)*.

Айдос. Тоқта Айдос бий бийсабыр болма, өзиңди бас. Терек тербенбестен тик турып өлермиш. Ал сен нәмәрт болма. Өзиңди бас! Алланың аманатын тапсырыў мәҳәли келди, ай Пәлек! Дүньясаң, дүньясаң пәный дүньясаң, саған келип кимниң кеўли шад болды! *(Көзин жумады. Қуўғыншылардың қыйғырыўы еситиледи)*. Түргел сүйикли бирадарым, түргел улым, душпан жақынлап, ақырғы демде турғанымда, мениң ҳәмиримди тәрк қылма! Мә қылышымды ал, сен оны иске сал! Мениң геллем мың тиллаға кесилген. Өзиң ал еситтиң бе? Жаў алмасын, сен ал. Сениң маған қылған сонша хызметлериңе буннан артық берерим жоқ, улым *(Доспанның еринлери дирилдеп, аўзы кемсеңлейди)*.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Доспан. Бий баба, мен сиз бенен...

Айдос. Түсинемен. Доспан, гәпти көп созба. Нәлетий қуўғыншылардан дастық алыўым керек еди, енди пайдасы не, изинен екеўмиз де өлемиз. Сен тири қалыўың керек, улым есиңдеме, мен жөнинде қанша қосықлар, қанша өсеклер бар. Ең болмаса сен анығын билип ал, мен ели-халқыма қыяплық ойлаған емеспен, ҳәр қашан сатқын болмадым, өтирик сөйлемедим. Сен тири қалсаң усы ҳақыйқатлық бурмаланбай....

Доспан. Бий баба....

Айдос. Тыңла улым... Мен тек қарақалпақ халқының ҳақыйқаты ушын жасадым, әттең иске асыралмадым. Адамлардан алда кеткен алдыңғы емес, адамларды изине ерткен алдыңғы екен. Усыны қос бүркитим Ырза менен Төреге жеткер. Ерназар да еситсин. Бәрине сен тек гүўасаң. Оларға ескерт.

Доспан. Бий баба...

Айдос. Мен сениң алдыңда гүналыман... Улың Рахимди Омар өлтирди. Мен көрдим, бирақ сеннен жасырдым. Ағайынды ағайын өлтириў басланбасын дедим. «Айдос бурыңғы атқосшысын өзи тораңғылға асып өлтирди, соң атқосшысына оның келинин зорлап әперди» деген өсек бар еди, сол қайта жаңғармасын дедим. Мә, балам қылышты усла! Сен ҳешкимди ҳешқашан алдамаған едиң, мен қартайдым... *(Доспан қоллары қалтырап қылышты алды)*. Қос-қоллап усла, улым... мен қашқан болайын *(Сахна қараңғыланады. қайта жақты болады)*.

Нөкербасы. *(Сахнаға жүўырып кирип)*. Ҳа, мында!

1-нөкер. Ўай, нәлет! Өлтирип қойыпсаң ғой!

Доспан. Бул гелләниң мың тиллаға кесилгенин билер едим, пайыты жаңа келди *(Изгилер жетти)*.

Нөкербасы. Ҳа, наргелле қарақалпақ! Мынаў излерди көрдиңлер ме, ел-халқына қайыр-сақаўатсыз сатқын бийди қуўып жүрип өлтирипти. О-о-о азаматсаң!

Омар. О, нәлетий қандар! Айдосты мен өлтириўим керек еди, және сен несийбеме асылдың ба?

Доспан. Ҳа, қандарым Омар сенбисен!!!

Омар. Есиңде болсын, буларға жол көрсетип үстиңизге баслап келген, мине мен!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Доспан. Ҳа, ҳарамы!

Омар. Атамды атқосшылықтан түсирип орнына өзиң атқосшы болғаның ушын, қатынымды басып алып өзиңе қатын қылғаның ушын енди мен сеннен өш аламан, өш!

Доспан. Сен деп Айдос бий дәўлет басы егизинен айрылды, дәўлети қайтты. Сен деп еки бирдей қаналасынан айрылды, қанатынан қайрылды. Сен деп әкең асылын өлди, анаң әрман менен көз жумды. Мениң улым Рахимжанның бийгүна қанына қалдың. Мине Айдос бий бабаның аўҳалы! Бул матамға және сен себепши болып отырсаң. Қара, көр масайра!!! «Ширик ағашқа шеге қақпа» деген! Енди усылардың бәри ушын сол шегеңи сениң жүрегиңнен суўырып аламан. *(умтылады).*

*(Жақты өшеди. Перде алдында автор).*

*Автордан:* Қызып турған Доспан Омардың қылыши сермеўине имканият бермей еле қаны тамып турған қолындағы Айдостың қылышын оған қарсы силтеп қалды. Омар «ўай» деп үлгерди, басы терисинен илиниш артына қарай сылқ етти. Доспанның көзлери қызарып, жеңил дем алды. Бул көриниc ҳәммени демге лал етти.

САХНА

*(Доспан азғана паузадан кейин. Омардың келле болған лашын атлап өтип Айдосқа қарай қозғалды. Хан ләшкерлери қәўетерлениp оның ҳәрекетлерин қас қақпай бақлап турды).*

Доспан. *(Залға).* Ҳай ҳәзирети қарақалпақ урпақлары. Адам өзи ушын жасаса—пысқыйды, бала-шағасы ушын жасаса—жанады, ел-халқы ушын жасаса——жақты береди!—деген еди Айдос баба. Халқыңды сүй! Оны бәне қылып өз атыңды шығарыў ушын сүйме,—деп нәсият қалдырған еди, бий баба тар заманда жасады. Ол аталар қәтесин қайталамаў жолында өзинше адасты... Бирақ елине кыянет қылмады, елине әдиллик әпериў жолында.... *(Тосыннан мылтық атылады. Доспан қулайды).*

Нөкербасы. *(Әсте Айдостың басын қулағынан услап көтерип турып, қоржынға сылқ еткизип таслап жибереди).* Мине, енди мың тилла ҳәм жанымызға қалды. Не дейсиз молла Дәўлетназар?

Молла Дәўлетназар. Бизлер буған мың қәтле ырзамыз, уллы хан ләшкерлери .*(Шыра өшеди. Сахна-*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*да Айдос, Доспан, Омар өликлери. Баслаўшы өликлерди аралап келе береди. Қайғылы хор).*

*Автордан: Айдос баба баслаған ийгиликли ис мине усылайынша қайғылы қаза менен аяқланады. Бул қайғылы қазаның ақыбети әсир бойлап Хийўа ханлығына халықтың кеўлинде кек болып қайнаған еди. Бирақ халықты Айдос баба баслаған жолдан қашырыў ушын заң сарайы, руўханыйлар, жергиликли сатқын хәмелдарлар, әсирлер бойы тарийхый шынлықты күйелеп келди. Мине арадан қанша әсирлер өтиўине қарамастан, тарийх тилге кирип, өзиниң әдил хәм хақ сөзин сизлерге баян етти.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

www.ziyouz.com kutubxonasi

# „СУЛТАН СҮЙЕГИН ҚОРЛАМАС"

*(5 картиналы тарийхый драма)*

*1869-жыл Арал, Ақ қала, Бутаковтың экспедициясы ўақтында болып өткен бир ҳәдийсе. Архив документтен алып жазылды.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАТНАСЫЎШЫЛАР:

| | |
|---|---|
| Алексей Иванович Бутаков, | Россия патшалығы тәрепинен 1848 — 1859-жыллары, үшинши мәртебе шөлкемлестирилген Арал теңизи экспедициясының начальниги. |
| Булат Аснинович Енекеев, | Офицер. Усы экспедицияның ағзасы. Бутаковтың оң қолы, миллети татар. |
| Антонов Иван, | Рус жигити, усы экспедицияның географы. |
| Қәдирберген бий. | Қаражар, Кешиў, Таллық бойын жайлаған қыятлы бийи, ақыллы, зийрек, прогрессив қулқы-минезли адам. |
| Молла Мамыт, | Арал теңизи бойындағы Қара қаланың имамы. |
| Бийбимәрям, | Молла Мамыттың ейтнеи. Миллети рус, белгили бир себеплерге байланыслы бенде болып өз елинен айрылған, өз дининен безип, өзге динди қабыл еткен нашар. |
| Есберген, | Арал теңизи бойындағы Ақ қаланың бийи. |
| Елмурат ахун, | Қоңырат қыят урыўының имамы. Молла Мамыт пенен медреседе бирге оқыған. |
| Гүлшат. | Бийбимәрямның ең жақын адамы, жан қоңсысы. |



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БИРИНШИ КАРТИНА

Қара қала. Молла Мамыттың үйи. Үй иши қурғын жасайтуғын хожалықтың келбетин аңлатады. Иран, Ирак, Араб еллеринен алып келинген буйымлар ерекше көзге тасланады. Жыйнақлы, таза...

### КӨРИНИС

(Сахнада Бийбимәрямның жалғыз өзи).

Бийбимәрям. *(анасының сүўретине қарап шоқынады.* О, мениң қәдирдан анам... Кешир мени... кешир... Мен өзимниң хабарсыз жоқ болып кетиўим менен сени үлкен аналық қайғы-ғамға салдым... Лекин, қуда ҳақы, мен сениң алдыңда ҳеш гуналы емеспен, анажаным... *(көз жас төгип жылайды).* Өзимниң өли, тирилигимнен хабар-атар бере алмадым... оқпанға ойылған қулындай, терең қудықтың ең түпкиринде жатырман. Айланатуғын жерим жоқ. Теңиз түбинде туншығып жатырман, анажаны... Кешир мени, кешире гөр... өз елимнен я келиўши жоқ, я ол тәрепке қарай кетиўши жоқ... Тубалаған дозақ жерде жатырман, анажаным... *(сырттан тасырлы еситиледи. Бийбимәрям бирден сескенип сүўретти жасырады, бет аўзын көз жасын сыпырып, шарық ийириўге отырады).*

### КӨРИНИС

(Сахнада Бийбимәрям, Гүлшат).

Гүлшат. *(Есикти әсте ашып ишке киреди).* Сәлем абысын! *(ийиледи).*

Бийбимәрям. А, абысын! Кел, кел! Төрге шық *(орнынан секирип турып, төрге төсек сала баслайды).* Қәне, қәне абысынжан, төрле, төрле ....



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүлшат. *(Көксине еки қолын қойып).* Ҳәзир, ҳәзир, абысынжан! *(асығыс гейшишн шешип төрге барып төсекке отырады).* Аўмин! Плая аллатаала ҳешбир бендесин еки дүньяда хоры-зар етпесин, аллаҳи акбар.
Бийбимәрям. Аўмин, айтқаның келсин, аллахи акбар! *(пәтия қылады, бетин бастырып төмен қарап отырады).*
Гүлшат. *(Оның келбетине қарап).* Ҳаў абысынжан, бет-аўзың қалқыңқы көринеди, жылағанбысаң?
Бийбимәрям. *(жортаға күлип).* Жоға абысын, жылап... неге жылайын .... Аманлық ғой. Ақшамы менен шарық ийирип едим, соған шаршаған шығарман...
Гүлшат. Ҳә жаным. Аўа абысын ақшамы менен шарық ийирмей не қыласаң... Бир үйдиң барлық рүўзыгершилиги бир өзиниң мойнында. Бул үйге көрпетөсек керек, кийим-кеншек керек, шыпта, ший, үзик, кели, дигирман және бар. Барлығы бир өзиниң мойнында. Қала берсе үш мезгил азық-аўқаты, шай-пайы, отын-ошағы, суў пуўы. Барлығы бир қатынның мойнында... Оның сирә айтары жоқ... Әй, зәлели жоқ абысын, бир уйықлап алсаң аттай болып кетесең...
*(ҳәзиллесип)* я... анаў ҳәңги молламыз түсенгир ... ақшамы менен кисеп уйқыңызды бермей журме, я?.... *(шақалақ атып күледи).*
Бийбимәрям. *(уялып).* Қойшы абысын... Оның ол ҳәңгилик дәўирлери өтти ғой... Енди, қулағына қурбақа үймелеген қулындай, қулағынан тартсаң да зорға ояпады *(күлиседи).*
Гүлшат. *(азғана паузадан кейин). Айтқандай,* молламыз көринбейди?
Бийбимәрям. «Өлеңли жерде өгиз семиреди, өлимли жерде молла семиреди»—деген нақыл бар емеспе сизлерде... Сол айтқандай бүгин анаў Үрге деген атаў бетте, бир ел ағасы болган бирсўдиң намазы екен. Азаңгы шайын шала-пула ише сала соған кеткен еди, еле жоқ. Ҳаў айтқандай ананы, мынаны сөйлеп отыра берипнен-ғой, қуманды отқа қойып жиберейин.... *(турмақшы болады).*
Гүлшат. *(оның шалғайынан асылып).* Жоқ-жоқ абысын Бийбиш, .... шай-пай керек емес....
Бийбимәрям: Ал онда келген жумысыңды айтып отыр, абысынжан...

Гүлшат: Айтсам мениң жумысым өзиңе мәлим...



www.ziyouz.com kutubxonasi

(*қолтығынан ауыз қабағын шығарып алып*) айран сораған шелегин жасырмас дегендей, және асқатықлық азғана айран сорап келдим абысын. (*ауыз қабағын оның алдына қояды*).

Бийбимәрям: (*күлип жибереди*). Болады, болады абысын... Берейин-берейин. Бирақ мениң саған айтажақ бир ауыз сөзим бар... Егерде кеўлиңе аўыр алмасаң...

Гүлшат: Пайдалы сөз болса неге кеўлиме алайын... Айт, айта бер абысын.

Бийбимәрям: Айтсам мен усы Қара қалаға келиншек болып келгели бес-алты жыл болды. Соннан берли екеўимиз жан қоңсымыз. Бирдейине асқатықлық сорап келесең.... Көрип киятырман. Соннан қатық қылыўға бола ма, болады-ғой. Қудайдың қутлы күни аўылдың адамлары таң азаннан турып, сыйырларын саўып, малларын падаға қосып атырғанда, сизиң сыйыр бирдейине қазығында байлаўлы қалып қояды, я оны ерте турып саўмайсыз.... Тал түсте төсегиңизден турып, мудамы асқатықлық айран сорап жүргениңиз. Халық қатары ертерек турып қозғалғанда болмайма?...

Гүлшат. Болады ғой....

Бийбимәрям: Сонда неге сондай ислемейсиз?

Гүлшат: Ай абысын ай, айтасаң-аў.... Жаман көрпе, жаман жастық, Турғызбайды қара басып.

Бийбимәрям: Ал басқаларда ше?

Гүлшат: Басқаларда ма? Басқаларда: Жақсы көрпе, жақсы жастық, Жатқармайды дәўлет тасып. (*күледи*).

Бийбимәрям: Өйбей, мына сөзди ойып айттың ғой абысын. (*күлкиси менен ауызқабақты алып сыртқа шығып кетеди*).

КӨРИНИС

(Сахнада Гүлшаттың жалғыз өзи).

Гүлшат: Аш бала тоқ бала менен ойнамайды, Тоқ бала ҳештемени ойламайды — деген екен жергиликли бир шайыр. Сол айтқандай, талабы келиспеген адамды қара басатуғынынан хабары жоқ, неге тал түске шекем жатасыз, ерте турып неге сыйыр-пыйырыңызды саўмайсыз, неге оны падаға қосып жибермейсең дейди-аў.... Оның пайдалы екенин ким билмейди, ал жел-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кейнен қара басып, сени турғызбаса не қыласаң... Бийшара абысын соған түсинбейди... Ҳаслы теги орыстағы..... мусылманша тәртиптиң ҳәммесине түсине бериў қайда.... Еледе молламыздың арқасында бул қурақым абырайлы елти болып халық қатарына қосылып, илимли усындай адамлардың садағасы кетейин. Мынаў ҳасыл затларға қара, қудай билсин булардың қайсы елатлардан алып келингенин... Усыншама дәскелер буларды ертеден қозғамай тыныш жатқарып қояма... Ал бизиң үйлеримизде болса мына жағынан тесип кирген гарга, мына жағынан тесип шығып кетеди. Соңда бизиң талабымыз қалай келнесин...

КӨРИНИС

Б и й б и м ә р я м: *(Айыр ағызқабақты қос қоллап көтерип келип)* мине сораған асқатық айранын, алағо абысын... Солай да абысынжан, жаман көрпени серпип таслап, жаман жастықтан жалмажан басты көтериўге әдетленсеңиз, көрпеңиз де, жастығыңыз да жаңармаспа екен. Бир ойланып көриң абысынжан.

Г у л ш а т: Айтқанын келсин абысын. Дурыс айтасыз, ҳәрекетке берекет деген ғой.... Көремен. *(ағызқабағын көтерип, есиктен шығар жерде артына бурылады).* Айтқандай... *(Бийбимәрям жалт қарайды)* Те с с! *(Сыртқа қулақ салып, соң есикти қаттырақ бекитеди).* Еситтиңизбе, анаў Ақ қалаға Орынбордан ақ патшаның көп әскерий адамлары келипти....

Б и й б и м ә р я м: *(селк етип түсип).* Россиядан ба?

Г у л ш а т: Билмедим әйтеўир сизиң елаттан болса керек. Араларында орыслар, казаклар, татарлар болса керек.

Б и й б и м ә р я м: Оренбургтан болса Россиядан болғаны ғой *(ҳайлығып).* Кимлер екен жаным. Буннан онлаған жыл бурын Алексей Иванович деген бир адам, желқомлы қайық пенен Арал арқалы бул жаққа келип кеткен еди.... Не себептен екенин билмедим, өз-өзинен басқы таўып, бир ақшамда қайтып кеткен еди.... Солар емеспе екен?!

Г у л ш а т: Билмедим. Бизиң киси айтып келди. Гилең әскерий кийинген адамлар көринеди. Арал арқалы келген деседи... Миниш келгенлери желқомлы қайық емес дейди. Өз-өзинен өкирип ысылдап жүретуғын



www.ziyouz.com kutubxonasi

кеме қусайды· Үлкенлиги 12 қанат отаўдай бар қусайды. Иши толы жаў-жарақ дейди...

Бийбимәрям: *(тынышсызланып)*. Не дерекли келген адамлар екен я?

Гүлшат: Билмедим. Солардың бир топар адамлары бүгин бизиң Қара қалаға келипти. Анаў қала ҳәкими, Ҳәким шекшектиң үйине түскен көринеди. Олардың атын жаўлаған адамлар өрден ыққа жуўырысып, шабысып жүр. Қала адамларын жыйнап, ҳәзир олар менен сөйлесип отыр. Бизиң үйдеги кисини де сол жаққа шақырып алып кетти.

Бийбимәрям: Мени бул хабарың ҳайран етти абысын. Енди буны бөтен адамларға айтып жүрме·

Гүлшат: Болады. Еситиўден, еки бәнени бир сылтаў етип, сизди хабардар етейин деп арнап келгеним ғой, абысын жан.

Бийбимәрям: *(Ҳаўлығып)*. Рахмет, алла разы болсын саған абысын. *(Аршадан бир жаўлық орамал алып оның ийнине жабады)*. Мине мынаў усы хабарың ушын шүйиншиң, тоздырмақ несип етсин.

Гүлшат. Өйбей абысынай... Қой, қой... Керек емес, керек емес....

Бийбимәрям: Жоқ, жоқ аласаң *(зорлап алдырады)*. Енди абысын, сол жақтан тез-тез хабар алып тур. Өзиң билесең, бул мениң ушын оғада зәрүрли ҳәм әҳмийетли болса, тезден маған хабар бер. Мен олар менен тиллесип қалайын, яқшыма абысын?

Гүлшат: Яқшы, болады абысын *(кетпекши болады, оны иркеди)*.

Бийбимәрям: Егерде ендиги келгениңде үйде молла болып қала ғойса, хабарды ижарат арқалы билдирерсең... Түсиниклиме абысын?

## КӨРИНИС

*(Сахнада молла Мамыт, Бийбимәрям)*.

Бийбимәрям: *(шоқынады)* тәңирим!.... *(көз жасын төгеди)*. Өзимниң ана топырағымның адамларын көрип өлсем әрманым жоқ. Олар менен көзбе-көз, жүзбе-жүз дийдарласыў несип еткен күнлерге жетиссем, дүньядан әрмансыз өтер едим. О ана дийдарына зар болған мениң тири жетим перзентлерим... Мени жоқ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лап зары-гирян болып көз жас төккен ана-сиңлилерим.... О киндигимниң қаны тамған ана жерим. (*көз жас төгеди*). Мени мынаў жаўыз тәғдир сизлерден тирилей айырды ғой. Бизди биримиздеи биримизди зар қылды ғой. О тәңирим мени тирилей елимнен, тилимнен бездирип ақыр түби көр қылдың ғой... Не жазығым бар еди саған... (*узақ көз жас төгип жылайды. Соң азғана паузадан кейин өзин басып*). Енди мынаў келгенлер, баяғы келгенлердей өзимиздиң россиялы болғайдағы... Қой, неде болса, мен буларға жолығып қалайын. Мусырманларша айтқанда, зәрре бақыш, шарапатлары тийсе тийе кеткей... (*асығыслық пенен есикти ишинен илип, бир сандықшаны ақтарып еки дана сүўретти тайып алады. Крестти алып мойнына тағады. Аспанға қарап бир-еки мәртебе шоқынады*). Мине енди болды, кел тәўекел, буны да көрейик. (*Есик қағылады. Бийбимәрям бирден шоршынып шашылған затларды тез-тез жыйнастырып, шарықтың қасына жата кетеди. Есик қатты-қатты қағылады. Бийбимәрям жаңа оянған адамдай манаўсырай баслайды*). Кимо-о?!

Молла Мамыт: (*Сырттан*). Елти, ҳа елти....

Бийбимарям: (*даўысын қалтыратып*) ләббай!

Молла Мамыт: (*сырттан*). Есикти аш!

Бийбимәрям: (*ыңырсып*). Ҳәзир.... Ҳәзир. (*әсте жүрип барып есикти ашады*).

## КӨРИНИС

(*Сахнада молла Мамыт, Бийбимәрям*).

Молла Мамыт. (*ишке кирип*). Ой-бой!.... ҳаў елти нйшан... Буншама не? ... Бизди есик сыртында дилгир етгиңиз-ғой....

Бийбимәрям. Әниў етиң молламыз, әниў етиң... жаңа ғана, сиз келердиң алдында, мынаў Шанаш қайнағаның үйинен келип қыйсайғаным еди, көзим илинип кетипти....

Молла Мамыт.Ҳә, онда не жумыс еди?

Бийбимәрям. Баласы ушынып аўырғанба... ушықлап жибер шеше деп ҳаялы келип еди.... жалынып қоймады... Соған барып келип шарық ийириўге жаңа айланысқаным, қәпелимде уйықлап қалыппан. (*ша-*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*рықты алып қойып, төсек салыўға айналысады).* Қәне отырың, демиңизди алың, шаршап келген шығарсыз, арасы бираз жер барғой...

Молла Мамыт. Бираз жер болғанда, мен жүрип барғаным жоқ, кеме менен бардым, кеме менен қайттым. Ескегин ескен биреў, таяўын таянған биреў, мениңки тек азанда отырыс болды елти ийшаным...

Бийбимәрям. Сонда да жол азабы гөр азабы деген ғой, мен қуманды отқа...

Молла Мамыт. *(отырып).* Жоқ, жоқ, керек емес... мениң шайдан исим питип келди.... *(қолтығынан шапан алып)* мә мынаў намаздан алған шапаным. Қуран шығыспасына пул алдым, мине. *(береди).* Ал, бала ушықлап сен не алдың?

Бийбимәрям. Мен не алайын, мениңки халыс.... халыс не иследим молламыз.... шәкки не болыппа?

Молла Мамыт. Халыс хызмет пенен халыс емес хызметтиң парқы бардағы, елти ийшан..- ҳәр қандай хызмет халыс бола бермейди. Бийтапты даўалаў халыс хызмет емес. Мен баяғы өзиңе айтқандай, кабаны ҳажы тәўип етиўге сапар шеккенимде көп ғана фарсий, араб, Түркстан қалаларын көрдим. Олардағы диний тәртиплер менен таныстым. Олар бизлерге қарағанда ислам динине бурынырақ кирген еллер ғой.... оларда ҳеш қандай хызмет қалыс болмас екен. Фақат Алла таалаға ибадат қылып, Алла тааланың жолына қарыж-кәремат қылыў ғана халыс болар екен. Бенделер ушын қылған хызметтиң ҳәммеси де мийнет ҳақы ушын исленсе керек. Ушықлаў деген, ақыры қуда ушын шүлен қазан тарқатыў емес ғой....

Бийбимәрям. Өйбей молламыз... Шанаш қайнаға маған хызмет ҳақы деп не берсин, отырысы анаў... өзлери зорға оңысып отыр ғой...

Молла Мамыт. Мийнет ҳақы деген ат, түйе емес ғой... Азғана болсада ырымын ислесе болады. Ақыры сен болсаң, белгили бир уламаның елтисисең. Қала берсе.... Сениң атың Бийбимәрям.-.. Яғный, бисмилла, хирарахима нуррақым, бул ат ҳәзирети Ийса пайғамбарымыздың анасының аты...

Бийбимәрям. Билемен, билемен молламыз... Мария бизиң руслар дининде «Богоматери» — деп аталады. Себеби ол *(шоқынады)* Иисус Христостың анасы *(шоқынып ибадат қылады).*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Молла Мамыт. Ҳә елти ийшан, неге шоқындың... мусылманшылыққа шек келтирдиң ғой...

Бийбимәрям. *(орнынан турып оған тәжим етеди).* әпиў еткейсиз тақсыр. Сиз Ийса пайғамбарды еслегенде калима-шаадат қайтардыңыз, мен де Иисус Христосты еслегенде христианша калима-шаадат қайтардым. Ақыры жаслайымыздан қанымызға сиңип қалған... Шоқынғанымды өзим де билмей қалдым... Жаслығымыздан әдетленип кеткенбиз ғой, әпиў... әпиў....

Молла Мамыт. Ҳа солай болсын. *(пәсине қайтып, бүкке түсип жатады).* Бийбимәрям, арқамды азғана уўқалап жибер.

Бийбимәрям. Әжеп болады, моллғамыз *(отырып арқасын баса баслайды).*

Молла Мамыт. *(Баяғы сөзди даўам етип).* Солай етип, ендигиден былай есиңде болсын елти..... Хызмет көрсетиўге барған жериң бай ма, жарлы ма, ырымын ислеўди талап ет. Бизлер алла тааланың хызметкеримиз...· Ҳей әттегенеай... қаншама айтып түсиндирсемде, дым түсинбес екенсеңдағы.... Замана қатыныны жолға салмақ, Болар аңсат емишдур отқа жанбақ, — деп, ҳәзирети Суўпы Аллияр күйгениннен айтқан екендағы.

Бийбимәрям. *(Сөзди басқа жаққа аўдарыў ушын, дәлкек етип).* Молламыз, үйге бир адам әкелип турса да жеткиликли ғой... *(Күледи).*

Молла Мамыт. Ҳә еки адам әкелгенде артып кетеме... Пай өзиң де... Гәп онда емесдағы ... *(молла орнынан турып бир жамбаслайды).* Мә кел, мәсимди тартып жибериши...·.

Бийбимәрям. *(Әдеп оған елерип қарап турып, соң оның барымына барады).* Әжеп болады, молламыз *(молла Мамыт еки мәсисин де шешитирип дүс төменине және жатады. Бийбимәрям оның арқасын уўқалаўды және даўам етеди. Азғанадан соң, есикти әсте ашып ишке Гүлшат кирип келеди).*

КӨРИНИС

*(Сахнада молла Мамыт, Бийбимәрям, Гүлшат).*

Гүлшат. *(тәжим берип).* Сәлем бердик, молла қайнаға!

Молла Мамыт. *(қарамастан).* Аманбысаң келин....

Гүлшат. *(тәжим берип).* Шүкир қайнаға, шүкир *(Бий-*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*бимәрям менен ымласып сөйлеседи, адамлардың сайа-ланғанын билдиреди. Бийбимәрямның молла келип қалды, енди мен қалай бараман деген ымына, ым менен ҳәзир оны туўрылайман деп жуўап қайтарды).* Абысын мен сизге бир жумыс пенен келип едим....

Бийбимәрям. Маған ба?

Гүлшат. Аўа сизге. Айта берейинбе?

Бийбимәрям. Айта бер.....

Гүлшат. Анаў, бизиң гөнели қайнағаның келини еки қат еди. Сол бүгин азаннан берли толғатып жас босана алмай атыр. Арқан керип, жүўенге асылдырып қойыпбыз. Сизди алып кел деп мени жиберген еди.... Дымнан ғана қыйналып атыр, жас нәресте.

Бийбимәрям. Ойбей, бийшараай, дым қыйналып атырма?

Гүлшат. Қыйналғанда да орасаң.... Үй-иши не ислерин билмей атыр.

Бийбимәрям. Биринши жас босаныўы ма екен?

Гүлшат. Аўа, биринши,.... Былтыр еди ғой келиншек болып түскени....

Бийбимәрям. Ой бийшараай... Молламыз не қылайын? еситип атырсаң ба?

Молла Мамыт. Әй, усы мен түсинбеймен.... Биреўлердиң ийти аўырып, сыйыры пошаласада, бирдейине сени шақырады.... Ушықлаўғада сен, бесикке салыўға да сен, тусаўын кесиўге де, сен шашыўға да сен....

Гүлшат. Әй қайнағай, усы Қара қалада елтиден басқа өзи епли, қолы жеңил, көзи таныгыш, қайыр-сақаўатлы ким бар? Булда Сизиң караматыңыз, абыройыңыз ғой....

Молла Мамыт. Солайы-солай-аў! Ал бирақ.... *(пәсине қайтып)*. Болмады, мейли-мейли елти, барсаң барып келе ғой....

Гүлшат. Ҳә ийманлы болың қайнаға.

Бийбимәрям. Мен енди, ҳәзир бараман. Сен бара бер. Өзиңде сол жерде бол.

Гүлшат. *(көзин қысып)*. Яқшы, абысын, өзим де тап сол жерде тураман. Бирақ тез, тез барың.

Бийбимәрям. *(көзин қысып рахмет айтып)* мине ҳәзир, ҳәзир бараман, жа-а--ан абысын!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Перде

## ЕКИНШИ КАРТИНА

Ақ қаланың көриниси. Үргениң таўы, Арал теңизи, төбе-төбе дүмпешиклер узақтан азанғы мәҳәлдиң сағымы менен алыстан булдырасып көзге тасланады. Сахнада Бутаковтың шатыры, шатыр алдында кишигирим стол, стол дөгерегинде сөз тыңлап отырған бир-еки адамлар. Бутаков түргелип турып, бурыннан басланған сөзин даўам еттиреди

### КӨРИНИС

*(Сахнада Бутаков, Есберген ақсақал ҳәм бир-еки адамлар),*

Бутаков. Солай етип, XVIII әсирден баслап, Уллы Россия өзге қоңсылас мәмлекетлер менен саўда сатыныды күшейтип жиберген еди. Ал Бухара әмираты, Хийўа ханлығы менен саўда қарым-қатнасын баслаў ҳәрекети, Россияда мине усы әсирлерден баслап қолға алынады. Буның ушын Россияға қыр қатнас жолларын, суў қатнас жолларын анықлаў керек болды. Мине усы мақсетте, 1717-жылы Петр I тәрепинен князь Бекевич—Черкесский басшылығында Астрахан арқалы Хийўа ханлығына қарай биринши экспедициясын жөнелткен еди. Оның ақыбети не менен аяқланғанын өзлериңиз билесизлер. Хийўа ханы Шерғазы, бул экспедицияны қырғанға ушыратты. Экспедицияны басқарыўшы князь Бекевич-Черкесский усы саўашта Шерғазы хан тәрепинен алдаўлық пенен қолға түсип, өлтирилди.

Есберген ақсақал. *(жағасын услап)*. Тажжип-а?

Бутаков. Ал бирақ, россия буның менен тынышланып қалмайды. Орта Азия ханлықлары менен саўда қарым-қатнасты орнатыў ушын Уллы Императрица Екатерина II Яик дәрьясының бойын жаўлап басып алады. Ески Яик дәрьясының атын Урал дәрьясы деп өзгертеди. Дон дәрьясынан көширилип әкелген дон казакларын Урал казаклары деп атай баслайды.

Ески Яик дәрьясына келип қуятуғын Ор дәрьясы ҳәм Сакмара деген еки дәрья болған. Соның Ор дәрьясына Ор деген ат қойып, оның бойына 1734-жылы Орск деген қала салдырады. Соң, Урал дәрьясының бойына Оренбург қаласы салынып, Орск қаласы россияның Орта Азия менен шегаралас қорғаны болып қалады. Ал Оренбург қаласы болса Оренбург губер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ниясының бас қаласы ўазыйпасын атқарады. 1734-жылы Оренбург губерниясының биринши губернаторы Иван Иванович Неплюев тәрепинен Арал теңизи арқалы суў жолларын анықлаў мақсетинде адмирал Крилловтын басшылығында россия империясының екинши экспедициясын уйыстырған еди. Бул экспедиция Сыр дәрьяның Арал теңизине қуяр жерине шекем жетип, сол жерге россияның ең биринши пристанын салыў менен шекленди.

Арадан жүз жыл өткеннен кейин, яғный 1847-жылы Оренбургтан жиберилген үшинши экспедиция усы пристан арқалы Сыр дәрьяға россияның ең биринши Шхуна деп аталған желқомлы қайықларын салып жүргизген еди.

1848-жылы Оренбургтың төртинши экспедициясы мениң басшылығымда усы жағаға, яғный Әмиўдәрьяның Аралға қуяр жерине биринши болып келип қәдем басқан еди. Мине енди, арадан он бир жыл өткеннен кейин, мен басқарған экспедиция усы жағаға екинши мәртебе келип отыр. Биз бул сапары Арал арқалы шхуна желқомлы қайық пенен емес, пароход пенен келип атырмыз. Бул пароход уллы императорымыздың буйыртпасы бойынша, есап-сансыз пулға шет мәмлекетлерден келтирилди. Ал сайыз суўлардан жүретуғын шхуна желқомлы қайықлар Сырдәрья менен Әмиўдәрьяда. Ҳәзир жетерли дәрежеде көп.

Мине усының ҳәммеси Россия менен Бухара әмираты, Хийўа ханлығы арасындағы қарым-қатнасты күшейтиў ушын исленип отырған илажлар.....

Есберген ақсақал. Ҳә бәрекалла! *(ойланып турып, соң сөзин даўам етеди)*. Усы әзийз меҳман, жаңа сиз Яик дәрья дедиңиз..... Сол, бир заманларда бизлердиң ата-бабаларымыз жасаған Жайық дәрьясы емеспе екен......

Бутаков. Ҳә, билдиңиз.... Сол дәрья. Бир заманларда соның бойында өзге халықлар жасаған....

Есберген ақсақал. Едил, Жайық еки суў,
Ел қонарға тар болды.
Қарағай, қайың, тал-терек,
Тамыр түби таўсылып, қамшы сапқа зар болды—деген өлеңлер руслар басып алған жыллары жазылған өлеңлер екендағы.... Онда....

Бутаков. Мүмкин... 1734-жылы Ор дәрьясы бойына



www.ziyouz.com kutubxonasi

Орск қаласы салынғаннан кейин, бурыннан отырықшы жергиликли халықлар, бас салып көшип, тумлы тусқа тарала баслаған. Олардың орынларына тумлы-тустан руслар көширилип әкелинип қонысластырған. Солай етип, Оренбург губерниясы 1525 квадрат километрлик көлемди өз ишине қамтыған. Бир шети Орта Волга дәрьясынан Арал теңизи аралықты, екинши шети Екатеринбургтан Каспий теңизине шекемги аралықты өзине қаратқан. Солай етип, Петербург қаласы россияның Европа бетке қаратылған дәрўазасы болса, Оренбург қаласы оның Орта Азия бетке қаратылған дәрўазасы болып есапланған.

Есберген ақсақал: Онда ески Жайық дәрьясы бойында, бурынғы жергиликли халықлардан ҳеш ким қалмаған көринеди-ғой?...

Бутаков. Жоқ қалған. Рус тарийхшыларының берген мағлыўматына қарағанда, мысал ушын, Оренбург губерниясының тарийхын арнаўлы түрде изертлеген, белгили рус тарийхшысы П. И. Рычковтың сөзине қарағанда Оренбург губерниясында 11 халықтың ўәкиллери жасаған. Атап айтқанда, булар рус, татар, башқыр, мещеряк, қалмақ, қырғыз-қайсақ, қарақалпақ, мордва, черемеш, вятки, чуваш халықларының ўәкиллери болған. Ал басқа рус тарийхшыларының мағлыўматларына қарағанда 1804-жылы Оренбург қаласының өзинде 20 дан аслам Орта Азиялық хожалықлар жасаған, 1810-жылы 46 хожалық, 1825-жылы 130 хожалық жасаған. 1825-жылы Оренбург қаласында 10 мың халық жасаған болса, соның басым көпшилиги мусырманлар болған.

Есберген ақсақал. О! онда Оренбург мусырманлардың қаласы екен-ғой...

Бутаков. Жоқ, мусырманлар қаласы емес, көп мусырманлар жасайтуғын қала..... Ол уллы рус империясына қараслы қала, соның ушын да ол губернияны руслар басқарады.

Есберген ақсақал. Ҳә..... Солайма?!

Бутаков. Рус императоры ҳәзир ол жерге темир жоллар алып келди. От арбалар көкти гүркиретип жүр. Оның ҳәр бир басқан қәдемине жер солқылдайды.

Есберген ақсақал. *(жағасын услап)*. Әстапыраллла!

Бутаков. Көп ғана ески мусырманлар елатлары, ата-



www.ziyouz.com kutubxonasi

малар, жерлер ҳәзир «қарғалы», «янги юл», «сығанақ», «шоқмарлы», «томар көл»—деген темир жол станциясына айналып кетти. Усы карада жасаўшы жергиликли мусырман халықлар руслар менен бирликте елеге шекем шалы, пахта, буўдай, арпа егип дийханшылық қылады.

Есберген ақсақал. Бәрекелла, алла зият етсин.... Көп нәрсени билип қалдық. Алла разы болсын сизге әзиз мехман!

Бутаков. Уллы Россия империясы, Хийўа ханлығы менен саўда-сатын қатнасларды жолға қойыўды жүдә ғана қуштарлық пенен мақсет етип отыр. Бизиң ҳәзирги экспедициямыз усы мақсетти әмелий иске асырыў ушын хызмет қылмақта. Биз бул жерге келгели Ақ қала, Қара қала, Хийўа ханының жаў-жарақлы қорғаны Серен қала, Барса келмес, Тоқпақ ата ҳәм тағы басқа жерлерди көрип таныстық. Енди бизге Хийўаға шекем Әмиўдәрья арқалы қайық пенен жүрип, жол қатнас жағдайларын көриўимиз керек еди. Бул ақ патшаның ҳәмири.

Есберген ақсақал. Патша ҳәмири қуда ҳәмири деген мехманлар, оны бежериў биз пухараларға парыз ҳәм қарыз.

Бутаков. Еки мәртебе жиберген адамларымыз дәрьядан жол таба алмай, қайықлары қырға тийип қайтып келди. Енди бизге усы дәрьяны жақсы билетуғын жол силтеўши бир адам керек, мине солай ақсақал.

Есберген ақсақал. *(Бираз ўақыт үндемей қалады).* Ой-бой... Буны Хийўа ханы билип қалса, бизлерди дарға асады ғой....

Бутаков. Хийўа ханы буны қайдан билиўи мүмкин деп ойлайсыз?

Есберген ақсақал. О әзиз мехманлар... Хийўа ханы өз сорамын сизлерден, яғный дин руслардан қорғаў ушын, бағана өзиңиз айтқандай, Арал теңизи жағасына Серен қала деген қорған салдырып, ишин ҳәр қыйлы жаў-жарақ ҳәм ләшкерлерге толтырып қойыпты. Оның менен де турмай, дин мусырман адамларын орысларға қарсы қойыў ушын, Қара қумда Қара қум ҳәзиретлерин, усы әтирапқа сақшы етип қойыпты. Оның да ҳәр аўылда Имам қылып қойған сақшысы бар, олар ҳәр жаққа қулағы менен көзин тигип отыр....



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бутаков. Сиз олардан қорықпаңыз. Россия деген Уллы мәмлекет тек Хийўаның ханы емес, оның менен дүнья мәмлекетлериниң ең ири басшылары да санасады.... Биле билсе бул хийўа ханлығы ушын оғада абыройлы жумыс.... Россия арқалы ол өзин дүньяға таныьып қалыўда мүмкин.... Сиз усы Хийўа ханлығының бир әмелдары сыпатында батыр болың. Қорықпаң, усы Ақ қалада бизлерге дәрьядан жол көрсете алатуғын бир адамды таўып бериң.... Я болмаса, биз бенен бирге Хийўаға өзиңиз жүриң....

Есберген ақсақал. Жоқ, жоқ, әзиз мехманлар, мен бул иске тәўекел ете алмайман. Адам да таўып бере алмайман.... Бул келле кететуғын жумыс.... Жоқ, жоқ, болмайды.

Бутаков. Биз бул исти ҳешкимге билдирмей қупыя қылып ислеймиз.... Қорықпаң.... Бизге жол көрсеткен адамға беретуғын үлкен сыйлық сарпайымыз да бар.

Есберген ақсақал. Жоқ, жоқ! Болмайды.

Бутаков. Қорқпаң.... Оның бизге қылған хызметин Ақ патша ҳәзиретлерине жеткеремиз... Барлық Оренбург губерниясына, өзлериңиздиң динлес мусырман халықларыңызға тарқатамыз.... Олар сизлерден ырза болады.

Есберген ақсақал. Жоқ, жоқ... Әзиз мехман.... Биз бул иске тәўекел ете алмаймыз....

Бутаков. Ә.... батыр емес, қорқақ екенсиз ақсақал. Қалай сиз Ақ қалаға ақсақал болып жүрсиз.... Жақында бизлер моторлы қайық пенен Қаражар, Үрге, Қызыл жар, Кешуў, Қыйсық Мәдели, Барса келмести аралап жүргенде моторлы кемемиздиң жанармайы таўсылып қалып, Илме қол деген жерде қалып қойдық. Сонда, Үргениң таўына жақын жердеги Пулжай деген жерден сексеўил тийеп киятырған арбалы бир еки қарақалпақ жигитлерин көрдик. Бизлер оларға өзлеримиздиң аўҳалларымызды айтып едик, арбаға тийеп киятырған сексеўиллерин түсирип, бизлерге берип кетти. Ал бизлер май орнына усы сексеўиллерди жағып, өз шатырымызға жеттик. Мине көрдиңизбе, бул не деген мәртлик... Не деген адамгершилик. Соң еситсек, Хийўа ханы, бизлер қусаған ҳәр бир келген руслардың ҳәр бир геллеси ушын мың тилла сыйлық жәриялап қойған екен.

Есберген ақсақал. Ҳә бәрекелләә! Сизлердиң ба-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сыңыздың қуны мың тилла болса усыдан сизлерге хызмет қылсақ, бизлердиң басымыз таяқлап өлтирилген ийттиң басындай далада қалады.

Бутаков. Онда неге олар бизлерге усы жақсылықты иследи? Жоқ ақсақал, ҳәрқандай адамгершилик, ар-намыс өлимнен күшли. Буның ушын мәртлик керек. Әне жаңағы арбасына сексеўил тийеп киятырған жигитлер, ҳақыйқый мәрт жигитлер. Олар менен ҳәрқандай өлимди жеңиўге болады. Қәне не дейсиз?

Есберген ақсақал. Жоқ, жоқ.... Биз сизге ҳешқандай жәрдем бере алмаймыз. Басымыз кетеди.

Бутаков. Мейли онда.... Лийкин, мениң сизлерден өтинишим, бул туўралы ҳеш бир жерде тис жарып айтып жүрмең.... Егерде айтсаңызлар.... Қатты өкпелесемиз.... Қырып таслайман.

Есберген ақсақал. (*қасындағы адамлар қосыла шуўласып, орынларынан турады*). Жоқ, жоқ.... оннан қәтержәм болың, мехман. Айтпаймыз.

## КӨРИНИС

*(Бутаков звонок қағады. Сырттан бир солдат кирип келип, Бутаковқа честь береди).*

Бутаков. Мына ақсақалларды моторлы қайыққа мингизип үйли-үйлерине апарып тасласын.

Солдат. Әжеп болады (*Есберген ақсақал өз адамлары менен солдатқа ерип сыртқа шығып кетеди*).

## КӨРИНИС

*(Сахнада Бутаковтың жалғыз өзи).*

*Бутаков сөйлескенлерден жуўмақ шығарып, бираз ойланып, әри-бери жүреди. Соң өзиниң жазыў столының қасына келип отырады, өзинше бир қыялға шүмип, соны бир үлкен ҳәм қалың дәптерге жаза баслайды. Соң орнынан бирден турып, әри-бери жүреди.*

Бутаков. (*азғана паузадан кейин*). Да.... Көл ишинде тығылып отырған бул көшпели елди, Хийўаның ханы жақсылап турып ноқталаған екен. Но ничего.... Биз оның бул ноқтасына қарамаймыз.... Үзип-үзип таслаймыз.... Барып, барып, Хийўа ханы Россия менен қарым-қатнас жасаўға өзинен-өзи зар болады. Лийкин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

сол күнди олардың басына бизлер туўдырыўымыз керек. Россиядан келген жекке-жарым экспедиция ағзаларына қарсы турып, оларды қырып-жойып, ўақтынша тосқынлық жасағаны ушын, бул Хийўа ханлығы өзин жәҳанда теңи-тайы жоқ қудиретли күш билип жүрген шығар.... Тоқтап тур еле..- Россияның нағыз бети соған қарағанда көресең еле... Ол күн узақ емес, еледе оны жақынластырыўымыз керек *(Столға қайтадан отырып, және жаза баслайды)*.

## КӨРИНИС

*(Бутаков, Антонов).*

Антонов. *(кирип келип, есик алдында бирден тоқтайды. Азғана паузадан кейин)*. Мүмкинбе, уллы дәрежели капитан?

Бутаков. *(басын қағаздан көтерип)*. А, Иван Петрович! Кел, кел....

Антонов. *(Қолындағы бир рулон қағазды көрсетип)*. Анаў айтқан жерлердиң картасын сызып қағазға түсирип, сизге көрсетиўге әкелип едим. Рухсат болса бир көрип берсеңиз....

Бутаков. Хо, рухсат, рухсат...

Антонов. *(Рулонды стол үстине жайып)*. Мине көриңиз.

Бутаков. *(қайымласады)*. Қәне көрейик....

Антонов. Бул тек наброскасы. Сиз мақуллағаннан кейин қайта сызаман.

Бутаков. Болады, болады *(стол үстине жайылған картаға ҳәр қыйлы позада турып қарай баслайды)*. Так... ҳәмме объектлер есапқа алынған.... Барлығы картаға түскен, орынлары да дурыс көрсетилген... Енди мени ойландырып турған бир нәрсе.... олда болса.... усы пунктлердиң аралығын есапқа алыў мәселеси.... Айтайық, мынаў Әмиўдәрьяның қуяр жери менен Сырдәрьяның қуяр жериниң аралығы неше километр.... Я болмаса, мынаў Барса келмес пенен Николай атаўдың арасы қанша километр.... Сондай-ақ мынаў Ақ қала менен мынаў Қара қаланың, мынаў Тоқпақ ата менен Мойнақ поселкасының, мынаў Қара жар менен мынаў Қызыл жардың аралары қанша..... Мине усы нәрселерди масштаб арқалы бериў керек. Билесеңбе Иван



www.ziyouz.com kutubxonasi

Петрович, бизге тек пунктлердиң аты, қай жерге жайласқаны ғана емес, соның менен бирге, олардың аралығын көрсетиў де жүдә әҳмийетли.

Антонов. Болады, болады, түсиндим уллы дәрежели капитан. Олар туўралы анық мағлыўматлар мениң анаў дневнигимде бар. Оларды да масштаб арқалы сызып усыған қосаман.

Бутаков. Енди, Әмиўдәрьяның Аралға қуяр жеринен Хийўаға шекемги еки аралықты билсек, анықласақ, қал үстинде қал болар еди. Енди соны жақсы билип, Әмиўдәрья арқалы жол көрсететуғын адам керек болып тур.

Антонов. *(картаға үңилип, бирнемелерди қосымша сызып атырып)*. Анаў Ақ қаланың ақсақалы ырзашылық бермедиме?

Бутаков. Есберген ақсақалма?

Антонов. Аўа, бағана бир-еки адам менен сизге қарай жеделленип киятыр еди-ғой....

Бутаков. Ырзашылық бермеди... Өз басынан қорықты. *(бирден бир қыялға дөнип)*. Билесизбе Иван Петрович, мен келгели усы елаттың адамларына ҳәм базыбир жер атамаларына ҳайран қаламан, мысалы мынаў Мойнақ деген атаў Қара теңиз бойында да бар, ол жерде бул ярым атаў Мойнақ емес, Буйнақ деп аталады. Ал, мынаў, Тоқпақ ата деген жер, анаў Түркстанлы қырғызларда да бар. Ол жерде бул Тоқмақ деп аталады. Соған қарағанда, булардың қәдимги ата теклеринде, қандайда бир... жақынлық барма деймен. Түрлери де, жүрис-турысларыда, турмыс дәстүрлери де бир-бирине жүдә жақын ҳәм уқсас...

Антонов. Билесизбе, уллы дәрежели капитан, бир источникте, жер жүзи бойынша 800 миллион мусылманлар бар, 1 миллиард 200 миллион христианлар бар деген мағлыўматты оқыдым. Лийкин олар жердиң түрли-түрли бүршегине жайласқан. Соған қарамастан, усы динниң қай-қайсы ўәкиллерине қарасаң, бәриде өзиниң дин ийелерине уқсаған болып келеди. Ақыры, сиз айтып отырған жерлердеги жасаўшы халықлар, бир динниң ўәкиллери емеспе...

Бутаков. Ҳа дурыс, дурыс..... Дурыс айтасаң Иван Петрович.....



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨРИНИС

*(Сахнада Бутаков, Антонов, солдат).*

Қарауыл солдат· *(кирип келип),* уллы дәрежели капитан, лейтенант Енекеев, қасында бир жергиликли адам менен келип тур, кириўге рухсат сорайды.

Бутаков. *(қуўанып).* Ха, келдиме.... *(Антоновқа).* Мен оны еки күнликте, бир кеме солдатлар менен дәрьяның ығындағы елатларға жиберип едим. Қандай қылып келген екен, ҳәзир оның өз аўзынан еситип көремиз. *(Солдатқа)* лейтенанттың өзин жибер, қасындағы адам тоқтап турсын.

Қарауыл солдат. Әжеп болады. *(шығады, Антонов та кетиўге таярланады).*

Бутаков. Жоқ Иван Петрович, кетпең, бирге еситейик· *(Антонов иркиледи).*

## КӨРИНИС

*(Бурынғылар, Енекеев киреди).*

Енекеев. Сәлем уллы дәрежели капитан. Сәлем Иван Петрович *(жайғасып отырысады).*

Бутаков. Хош Булат Айсинович, қулағым сизде.... Биз бул жерден, Әмиўдәрьяға түсип суўдың ағысы менен ықлап баратыр едик... Бирден үстимизге жаўдың оғы жаўды. Қарасақ Хийўа ханының атлы ләшкерлери тоғайда жасырынып жатқан екен. Бизлер карамельден оқ аттық. Олар кейин серпилди. Бир мәҳәли ығып баратырған қайығымыз бирден дәрьяның ортасында қайырға тийип тоқтап қалды· Ханның атлы нөкерлери соны сезип, бизлерди тирилей услап алыў ушын, өзлерин ат-паты менен дәрьяға атты. Ал бизлер қайыққа жақынласқанын қарсыма-қарсы атып турдық.... Бираз атыспадан кейин, енди қолға түсетуғын болдық-аў дегенде, қайырлап тийип қалған кемемиз өзинен өзи ықты да кетти. Соннан кейин барып, олардан қутылдық. Бизди олар қайтып қуўмады.

Бутаков. Дәрьяның терецине түскениңизди билгенғой олар.....

Антонов. Олардың мылтығы жоқпа екен?

Енекеев. Билмедим, жоқ болса жоқ та шығар. Себеби бизлер оларға қарап оқ аттық, ал олар бизлерге



www.ziyouz.com kutubxonasi

қарап бир де оқ атпады. Тек болғаны оқжайдың оғын қардай бората берди.

Бутаков. Шама менен сол урысқан жериңиз дәрьяның қай жерлери еди? Яғный, ол жер не деп аталған жер екен? Соң сорастырып билмедиңиз бе?

Енекеев. Сорастырдық. Олардың айтыўына қарағанда ол жер Қазан кеткен деген жер болса керек. Дәрьяның жағасында қонып отырған жекке сийрек қара үйли аўыллар да бар еди. Лийкин бизлердиң хан нөкерлери менен атыспамызға аўыл адамлары араласпады. Соған қарағанда, усындай атыспаға көзи үйренискен аўыл екен деп ойладым.

Бутаков. Ал соң не болды?

Енекеев. Кемемиз ықлай баслағаннан кейин, азғана жүрип Таллық деген дәрьяға түстик. Ол үлкен дәрьядан бөлинген және бир дәрья екен.

Бутаков. Оның бойы тыныш па екен?

Енекеев. Тыныш екен. Бираз жүргеннен кейин, қайықты жағаға байлап, өзлеримиз, қамыслы көлдиң ортасы менен жаяўлап елге қарай кеттик. Бир мәҳәли, бийик бир төбениң басында, үймелесип турған көп адамларды көрдик. Бизлер олардан қорықпадық... Мылтықларымызды оқлап алдықта, ийнимизге асып, труба, барабанды шерткизип, тобымызды бузбастан жүре бердик. Бир қызық жери, оларға жақынласқан сайын, төбениң басындағы адамлар кем-кемнен азая баслады. Бизлер сол төбеге 15 адым қалғанда төбениң басында жалғыздан-жалғыз бир адам қалған еди.....

Бутаков. Мине қызық.... Олар не қылған адамлар екен?

Енекеев. Мен сол төбеде қалған жалғыз адамды шақырып алып, өзимше сөйлесип, сорасып қарасам, олар аўыл бийлери екен.

Бутаков. Ал, ал....

Енекеев. Бул аўыл бийлери, бизлердиң сол елатқа киятырғанымызды билип, орысларды аўылға киргизбеймиз, алдынан шығып жолдан кейнине тоқтаймыз деп, аўыз бириктирип пәт пенен шыққан екен....

Бутаков. Ал, ал....

Енекеев. Бизлердиң қарамызды көриўден, олардың баяғы пәти қайтып шөгирмелерин қолтығына қысып селт еттирмей кейин-кейин шегинип, бирим-бирим көлге қарай қашқан екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бутаков. Ҳа-ҳа-ҳа! Ой интересно... *(улыўма күлки).*
Енекеев. Төбеде қашпай жалғыз өзи қалған сол аўыл бийлериниң бири, Қәдирберген бий деген киси екен. Мениң рус емес екенимди билип, соның бәрин қызық қылып айтып берди.
Бутаков. Вот интересно... *(Антоновқа).* Көрдиңбе, батыр адам екен...
Енекеев. Аўа, уллы дәрежели капитан, ол өзи жүдә жақсы, ақыллы, парасатлы, тынық адам екен. Мен оған сизиң дәрья арқалы Хийўаға шекем бармақшы болған сапарыңызды, соған дәрьяны жақсы билетуғын бир жол силтеўши адамның кереклигин айтып едим, мениң кеўлимдегини дәрҳал аңғарып, өзи соған ырзашылық берди. Соның ушын оны, өзим менен бирге алдыңызға ертип, алып келдим...
Бутаков. *(Тезден орнынан турып звонок қағады. Қарауыл солдат киреди).* Даладағы Булат Айсинович пенен бирге келген адамды маған жибериң.
Солдат. Әжеп болады уллы дәрежели капитан· *(кетеди).*

КӨРИНИС

*(Сахнада бурынғылар ҳәм Қәдирберген бий).*

*(Ҳәмме бурылып солдат кеткен жаққа қарайды. Азғана паузадан кейин, күлис арқасынан әсте жүрип Қәдирберген бий сахнаға шығады. Қол қаўсырып, ийилип ҳәмме менен сәлемлеседи. Арты менен жүрип, өзин бир шетке алады. Пауза).*

Енекеев. Алексей Иванович, мен жаңа ғана айтқан адамым усы киси. Рәсмий, ата теги Қәдирберген бий, усы елатқа аты шыққан Ийгилик бий дегенниң улы, улты қарақалпақ, урыўы қыят екен. Бизлерди соншама жыйналған қарақалпақ бийлериниң ишинен қашпай, күтип алған усы адам. *(Қәдирберген бий Бутаковларға ийилип және сәлем берип, арқасы менен жүрип және изине қайтып, өз орнына барады).* Қәдирберген бий, менен сизге бағанағы айтқан ҳүрметли ақсақалым, яғный Макария Москвадағы уллы дәрежели ақ патшаның әмири менен Аралға биринши пароход салып Оренбургтан экспедицияны басқарып келген уллы дәрежели капитан Алексей Иванович Бутаков деген ҳәзи-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ретиңиз, мине усы адам. *(Қәдирберген бий оған жәнe ийилип сәлем береди. Бутаков оның сәлемин қабыл етеди).*

Бутаков. Қәне, отырың, әзиз мехман! *(ишарат етеди).*

Қәдирберген бий. Жоқ, биз сизге емес, Сиз бизге мехмансыз, әзизим. Қәне, ең дәслеп сизден болсын... *(Еки қолын жайып отырыўға ишарат етеди).*

Бутаков. *(таңланып).* О... рахмет! *(отырады).* Қәне енди сиз ҳәм отырың! *(Қәдирберген бий турған жеринде бир дизерлеп диз шөгеди).* Булат Айсинович, бул ақсақалға бизиң экспедициямыздың өз алдына қойған мақсетлерин, рус империясының Хийўа ханлығы менен қарым-қатнас жасағысы келип, бизлерди жибергенин түсиндирип айттыңыз ба?

Енекеев. Айттым, ҳәммесин айтып түсиндирдим Алексей Иванович. Солайма әзиз Қәдирберген бий?

Қәдирберген бий. *(орнынан турып).* Аўа, бәрин түсиндирди, әзиз мехман. Биз бүгин шексиз қуўанышлымыз. Усы көл, дәрьяларды жағалап отырып 1500 шаңарақ қыят, 500 шаңарақ ашамайлы елаты, баспанасыз, әдилсиз заманның қурбаны болып жасамақта. Ақ патшадан мәдар болса, төбемиз көкке жетер еди. Ел-елатымыздың ақыллы адамлары, өткен дана бабалары усыны арзыў-әрман етип кеткен еди. Хош келипсиз әзиз миймалар, бизиң елатымыз сизиң қутлы қәдемлериңизди көзине сүрме, бес рәкат намазына сәжде қылыўға қуштар.

Бутаков. Рахмет, сизге, әй уллы инсан. Ыссы демиңизден шыққан жыллы сөзиңиз ушын мың-мың рахмет. Ал енди, иске көшейик: Бизге ең алды менен, усы әтирaптағы үлкен дәрьяның тармақлары менен танысып шығыў керек еди. Соған бизге жол силтеўши басшы керек, соған сиз қалай қарайсыз?

Қәдирберген бий. *(турып, қол қаўсырып.)* Жаным менен.

Бутаков. Хорошо .... Соның менен бирге... биз Хийўаға шекем барып дәрьяның аўҳалын көрмекшимиз. Соған шекем сиз... Қәдирберген бий... Бизге жол көрсетип бара аласызба?

Қәдирберген бий. *(орнынан жәнe ушып турып).* Апар десеңиз, апараман уллы дәрежели ақ патшаның әмирин тәрк етиў, бизге гүлли гүна, тақсыр *(отырады).*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бутаков. Хорошо... Апарып қайтсаңыз... биз сизге сарпай.... сыйлық беремиз. Сизиң елди.... Сизди мақтап уллы ақ патшамызға жеткеремиз.

Қәдирберген бий. *(Орнынан турып және)*. Куллық, тақсыр, қуллық. *(отырады)*.

Бутаков. Хорошо... Сиз яқшы адам екенсиз, молодец... *(Енекеев, Антоновлар менен өз-ара сыбырласып сөйлесип, тез бир шешимге келеди)*.

Енекеев. Қәдирберген бий. Капитан мырза сизден сапарға ҳәзир тайынсыз ба, деп сорайды.

Қәдирберген бий. Жоқ, ел мени жойтады ғой... Айтып келейин, еки күн мәўлет бериң, тақсырлар *(отырады)*.

Бутаков. Хорошо. *(Звонок қағылады. Солдат киреди)*. Мына ақсақалды кемели өз аўылына апарып қайт. *(Қәдирберген бийге)*. Тез келиң, күтемиз.

Қәдирберген бий. Қуда қәлесе *(Пәтия қылады)*. Ал яқшы, мырзалар. *(кетеди)*.

## КӨРИНИС

*(Сахнада Енекеев, Антонов, Бутаковлар өзли-өзи қалады)*.

Бутаков. Жүдә жақсы адам екен, Булат Айсинович.

Енекеев. Билесиз бе Алексей Антонович, мен бул адам менен жол бойы көп сөйлесип келдим. Бул жердеги еллер анаў Ақмешиттен көшип келген түркстанлылар екен. Ҳәзир Хийўа ханлығы менен адаўатлы көринеди. Айдос бий сол ушын Хийўа ханы тәрепинен гелле етилген. Енди оның инисиниң баласы Ерназар бий Хийўадан бөлинип, өз алдымызға хан боламыз дескен қусайды. Басқалары оған қарсы көринеди. Ҳәзир бул елдиң аўзы бирикпей атырған болса керек. Соннан пайдаланып, Хийўа ханы буларға күш көрсетип атырған. Бағанағы бизлерге оқ атқанлары Хийўа ханлығының усы елатқа күш көрсетиў ушын жиберип қойған ләшкерлери болса керек.

Бутаков. Жаңағы Қәдирберген бий қайсы тәрептен екен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енекеев. Айдос бий баслаған тәрепинен болса керек. Хийўа ханлығына қарсы. Рус империясына қосылыўдың тәрепдары болса керек.
Бутаков. Хо... Солай де... Онда оннан жақсылап пайдаланыў керек екен. Сиз, Булат Айсинович, усы мәселе менен жақсылап шуғылланыңыз. Сиз олардың тилин билесиз ҳәм дин жағынан жақынсыз, сизге олар исенеди. Күнделик дүзип, жазып жүриң, керек болады.
Енекеев. Болады, болады, капитан мырза!
Бутаков. Ал енди, сиз Иван Петрович, мынаў картинаны жаңағы мен айтқанларды есапқа алып, қайта ислеп шығың. Бунның әскерий стратегиялық әҳмийети бар, түсиниклиме?
Антонов. Түсиникли Алексей Иванович. Кетсем болама?
Бутаков. Болады. Ал енди Хийўаға сапарға таярланың. Жол көрсетиўши болса табылды, жақын арада жолға шығамыз.
Антонов. Яқшы, Алексей Иванович. *(картасын тез-тез жыйнап, хошласып шығып кетеди).*

## КӨРИНИС

*(Сахнада Бутаков ҳәм Енекеев.)*

Енекеев. Алексей Иванович *(Айнала дөгерегине сақлық пенен қарап, өз орнына айланып келеди).* Мен сизге ҳәдден тыс бир қызық хабар алып келдим...
Бутаков. *(сезикленип)* Хош-хош... қулағым сизде... еситемен...
Енекеев. Мен жол бойы кеше, Қара қалаға иркилип едим. Өзиңиз тапсырған жумыс бойынша Қара қала адамлары менен басма-бас сөйлесип, бизге жәрдем бергендей бир де адам таппай ҳайран болып отырсам, жақсы жасанып кийинген бир жергиликли ҳаял кирип келди. Хош, келиншек не жумыс деген едим... Ол маған тап-таза рус тилинде сөйлеп, көзде жасы менен келген жумысын баян ете баслады.
Бутаков. Хош... Хош... Не жумыс екен!
Енекеев. Ол әўеле меннен тап-таза рус тилинде капитан Бутаковтың экспедициясынансызба деп сорады. Соң жылап турып, өзиниң басынан өткенин сөйлеп берди. Ол нашар, анаў өзимиздиң Орск қаласынан екен. Әкелери ертеректе Оренбург губерниясына орай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лық Россиядан көшип келип, сол жерге жайласқан көринеди. Бир күни қундақлаўлы балалары менен уш келиншек болып, пишен орыўға көлге келгенде, олардың үстине онлаған атлы хан нөкерлери шығып қалып, оларды услапты. Қундақтағы балаларын суўға ылақтырып, өзлерин қанқа салып алып қашыпты... Бес, алты күн дегенде зорға Хийўаға жетипти.

Бутаков. *(сөзин бөлип)* Хийўаға әкелгеннен кейин үшеўинде жергиликли нашар кийимлерин кийгизип, қул базарына алып шығыпты.

Енекеев. *(Аң-таң болып)* Аўа, сөйтипти.

Бутаков. Молла Мамыт деген бир улама, оны сол базарда сатып алыпты.

Енекеев. *(Аң-таң болып)* Аўа, сатып алыпты...

Бутаков. Өз елине әкелгеннен кейин, молла Мамыт оны өз дининен бездирип, мусырман динине киргизипти...

Енекеев. *(Аң-таң болып)* Аўа, аўа...

Бутаков. Соң молла Мамыт оған үйленипти.

Енекеев. Аўа, ҳәзир сол молланың елтиси екен.

Бутаков. Оның өзиниң аты-заты Татьяна Емельяновна Башкенкова екен, атын өзгертип Бийбимәрям деп қойыпты.

Енекеев. Так, точно... Сиз оны қаяқтан билесиз Алексей Иванович?

Бутаков. *(күледи)*. 1848-жылы шхуна қайығы менен бул жаққа биринши мәртебе келгенде, мен оны көрип едим. Өзи келип маған арза қылған еди, қутқар деп маған жалынған еди. Мине сонда ол маған усының бәрин айтып берген. Лийкин, сонда мен оны қутқаралмай кеткен едим... Аўҳал жүдә жаман еди. Өз басымыз бенен ғай болдық.

Енекеев. Жақында сизиң бул жаққа және келгенлигиңизди еситип, маған келип жолықты. Қорқып жүрген көринеди. Мине мынаў портрети... мынаў сол жақтағы түскен сүўрети... Мынаў ҳәзирги елти қәлбиндеги сүўрети.

Бутаков. Ой-бой... не деген өзгерип кеткен... аянышлы, оғада аянышлы...

Енекеев. Еңирең, жылап турып сизден және жәрдем сорап қалды. Елине қайтқысы келетуғын қусайды. «Ата-анам, туўған-туўысқанларым, ерим бар еди. Олар мениң аўҳалымнан бийхабар, өлдиге шығарып қойыпты»—деп егил-тегил жылады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бутаков. О, қор болған бийшара рус ҳаялы...

Енекеев. Өзиниң аты жаңағы өзиңиз айтқандай Татьяна Емельяновна Башкенкова екен. Ҳәзирги аты Бийбимәрям, ески атын айтыў да, еркек баласы менен жүзлесиў де қадаған көринеди. Ал ғайрыдин адамлары менен болса, базыбаяғы... Торға түскен қаршығадай, қәпесте жасайтуғын көринеди... Соның ушын да маған жасырынып келип усыларды сизге жеткиз деп зинҳарлап қалды.

Бутаков. Хош не қылыў керек?

Енекеев. Қутқарыў керек, Алексей Иванович!

Бутаков. Қалай қылып?

Енекеев. Қалай болмасын...

Бутаков. Күш пенен болса... оп-оңай... Ҳәзир аўылы, қаласы менен қырып таслаўға болады, оған жетерлик күш бар. Әттең... Бизиң ҳәзирги жағдайымыз буны көтермейди. Жергиликли халыққа қурал жумсап күш көрсетиўге болмайды. Биз олардан толық ғәрезлимиз... Олардың жәрдемисиз биз өзимиздиң алдымызға қойған ўазыйпаны бежериўге әззи... Деген менен де бул бийшара рус ҳаялының тилегин және кейинге қалдырыўға болмайды. «Султан сүйегин қорламас» — деген. Бул исти және кейинге қалдырыў адамзаттың иси емес... (ойланады). Тоқта, күни ертең отряд пенен сол жаққа барамыз... Ери менен сөйлесип көремиз...Егерде оның ери өз ерки менен бизиң айтқанымызға көнбесе, онда аўыл улама, кәтқудалары менен ойласып, оларды иске салыў керек. Болама?

Енекеев. Болады, болады, Алексей Иванович.

Бутаков. Онда ойласатуғын адамларды таярла, ишинде кәтқудасы көп болсын.

Енекеев. Әжеп, Алексей Иванович. Онда маған кетиўге рухсат етиң *(честь береди)*.

Бутаков. *(Ол да қолын шекесине апарып)* Мейли, барың лейтенант, исти бәржай етиң!

Енекеев. Әжеп болады, Уллы дәрежели капитан! *(Тез бурылып, шаққан жүрип шығып кетеди)*.

## КӨРИНИС

*(Сахнада Бутаковтың жалғыз өзи)*.

Бутаков. *(Узақ ойланып, столын бир айналып шығады)* Я тоба-а-а! Тәғдир деген усы екендағы... Ол адам-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды түрли жолға салады екен... Мен елден шыққанда усындай ҳәдийселерге гез келемен деп ҳеш ойламаған едим... Кел тәўекел, буны да бир көрейин!

Перде

## ҮШИНШИ ҚАРТИНА

Мойнаққа жақын Тоқпақ ата тобелиги. Ҳаўа райын, шамалды ҳәм тағы тәбият қубылысларын тексеретуғын ҳәр қыйлы аппаратлар узақтан булдыран көзге тасланады. Сахнада қыйлы-қыйлы формадағы ящиклер, қазанлар, темир-терсеклер көринеди. Сахна ашылғанда бир лаборант пашар, соның ҳәр бирине үңилип, қолындағы дәптерине жазып жүреди.

### КӨРИНИС

Лаборант, Бутаков, Енекеевлар.

Бутаков. *(кулис сыртынан Енекеев пенен жеделли ҳалда жүрип, сахнаға кирип келеди. Лаборантқа)* Ҳармаң қарындас! Қалай, анализлериң жақсыма?
Лаборант қыз. Айтарлықтай өзгерис жоқ. Ертең де думан болыў, базда-базда жаўын-шашын күтилмекте. Ҳаўа басым атмосферасы сәл көбирек, күниниң думанласыў түри бар.
Бутаков. Қулласы, тениз жағасының ҳаўа райы, айтарлық өзгерис күтилмейди десеңиш...
Лаборант қыз. Жағдай дәл өзиңиз айтқандай, ҳүрметли капитан. Айта қалғандай өзгерис күтилмейди.
Бутаков. Хорошо. Мынаў беттеги жер, суў, шөп өсимликлер, балық, қаўынлар анализлерин де барын көрип шықтық. Ҳәммесиндеде актуал стабиллик жағдайда. Демек бул, озалдан адаптация етилген аўҳалды билдиреди. Рахмет сизге қарындас, енди исиңизди даўам ете берсеңиз болады.
Лаборант қыз. Рахмет. Енди мен басқа участкаларыма бараман. Бул жердиң анализлерин алып болдым. *(кетеди).*

### КӨРИНИС

(Бутаков, Енекеев)

Енекеев. Солай етип, сизиң тапсырмаңыз бойынша бүгин молла Мамыттың үйине бир емес, бирнеше мәр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тебе бардым, ҳәр барғанымда мен ол рус ҳаялды көре алмадым. Молла Мамыттан сорасам, ҳәр қыйлы сылтаў менен меннен оны қашыртыўға урынды.

Соннан кейин мен, ең соңғы мәртебе оның үйине бардым. Ол рус ҳаялдың бир қурдасы бар еди, аты Гүлшат деген, соның үйине бардым. Анаў рус ҳаял үйинде бар ма деп сорасам, ол бар деди.

Бутаков. Так, так... Баяғыда ол молла Мамыт, оны Шымбайға кетти деп, мени талай алдаған...

Енекеев. Онда сол ҳаялды Ақбеткейге ертип апар, сол жерде бизиң капитан оны күтеди, оның менен өзи бир-еки аўыз сөйлеспекши дедим.

Бутаков. Ақбеткейге? Неге Ақбеткейге?

Енекеев. Ақбеткейден оны мында әкелетуғын адам бар арнаўлы. Тайынлап кеттим.

Бутаков. А, солай де!..

Енекеев. Әлбетте. Ол ҳаял молланың үйине соны айтыўға кетти. Көп кешикпей келип қалыўы керек.

Бутаков. Жақсы қылыпсаң лейтенант. Қәне келсин, көрейик... Егер өз ықтияры менен өз ўатанына қайтқысы келсе биз оған сөзсиз жәрдем етемиз...

Енекеев. Дурыс айтасыз, господин капитан, сөзсиз жәрдем бериў керек. Ақыры ол қорлыққа ушырап, бул жаққа келип қалған, жәнеде ол рус ҳаялы бола турып, ҳешқандай заңға сыймайтуғын ески қуллық дәўириниң қағыйдасы бойынша базарда сатылған.

Бутаков. Конечно! Рус адамын қул қылып сатыўға кимниң ҳақысы бар. Өзлери орасаң артта қалған халық ҳәм ханлық екен. Анаў күни өзиңиз көрдиңизғой, Хийўаға кетип баратырып, дәрья бойында отырған бир аўылдың тусында қайығымызды тоқтатып, ең шеттеги бир қара үйге барып, үй турмысын көре кетейик дегенде, қолларына балта, бел, шанышқы алып, аўыл адамлары бизлерге қарсы шығып, сол үйге киргизбеди. Өзиңиз ҳәм Қәдирберген бий түсиндиргенде де түсингиси келмеди. Бул жердиң жабайыласқан ел екенин соннан-ақ түсинген едим. Енди усы елге, өзимиздиң сүйеклес рус ҳаялын таслап кеткенимиз биз ушын, рус ҳаялының ар-намысы ушын кеширилмес гүна болады. Обязательно алып кетиў керек.

Енекеев. Дурыс айтасыз Алексей Иванович. Әсиресе жәбиркештиң өзи соранғаннан кейин, итибарсыз қалдырып кетиўге болмайды. Ал, бирақ, бул даўды



www.ziyouz.com kutubxonasi

өзиңиз айтқандай, жергиликли халық пенен ойласып, жүдә бир биймәлеллик пенен шешиўдиң жолын табыў керек шығар деп ойлайман. Еситиўиме қарағанда, молла Мамыт деген адам... Хийўа ханы менен байланыслы, ҳәтте соның өз қолы менен усы жерге ҳәм имам ҳәм бий етип қойған адамы болса керек...

Бутаков. Болыўы мүмкин... Сонда сениңше, бизиң не ислеўимиз керек?

Енекеев. Ҳәр жердиң аң аўлайтуғын өз тазысы болады, Алексей Иванович... Соның ушын да, бул аўды өз тазысына аўлатсақ қалай болады?

Бутаков. *(ойланды)* Хош... Сонда... Ашығырақ айт... не демекшисең лейтенант?

Енекеев. Айтайын дегеним... Анаў Қәдирберген бий дегенниң өзи...ҳәмме нәрседен хабардар, ақыллы, зийрек ҳәм кескир адам ба деп ойлайман...

Бутаков. Хош, хош?

Енекеев. Ол жергиликли жағдайды бизге қарағанда анағурлым жақсы биледи. Өз адамларын ол жақсы таныйды кимниң ким екенине ақылы жетеди. Соның ушын да, усы исти биймәлел шешиўдиң жолы туўралы, соның менен азғана мәсләҳәтлесип алынса қәйтеди?

Бутаков. *(узақ ойланады)*. Әлбетте, айтқан сөзлеринде жан бар. Бизге ҳәзир, айрықша ҳәзирги жағдайда, яғный, бизиң алдағы изертлеў жумысларымыз ушын, жергиликли халық пенен жаўласпай, тил табысып ислесиў жүдә керекли. Араны бузыўға болмайды. *(Енекеевке)*. Онда оны шақыртыў керек-ғой лейтенант.

Енекеев. *(күлип)* Егерде маған урыспасаңыз сизден бийрухсат болса да, мен оны усы жерге шақырып келдим. Қара қаладан шығып, жаңа оның аўылына кетип едим. Барсам, аўыл аймағы менен көлге қаза салыўға енди кетейин деп атыр екен. Мени сизге господин капитан жиберди, сизиң менен ойласатуғын бир ойласығы бар екен, шақырып кел деди — дедим оған. Капитан мырза шақырса қайна-қайын бараман деп ўәде қылды. Ол да көп кешикпей келип қалар.

Бутаков. Жақсы қылыпсаң, лейтенант. Онда исти тезлетипсең, молодец!

*(бир мәҳәли сахна сыртынан әтшөк даўысы еситиледи. Күлки бирден тоқтайды. Әтшөк даўысына қулақ салып тыңлайды).*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енекеев. Мине, господин капитан, молла Мамыттың ҳаялы келди. Келгенлерин бизлерге хабарлап атыр. Не қылайын, келеберин деп жуўап қайтарайынба?
Бутаков. Конечно, келеберсин... жуўап қайтар!
Енекеев. Әжеп болады. *(Лейтенант сахнаның екинши тәрепине барып әтшөк болып үш мәртебе сес береди. Соң капитанның қасына қайта келип, олардың келетуғын жолына көз тигип қарап турып қалады).*

КӨРИНИС

(Бутаков, Енекеев, Бийбимәрям, Гүлшат)

*(азғана паузадан кейин, басына жегде жамылған Гүлшат жүрип сахнаға шығады. Бутаковқа ийилип сәлем береди. Соң, қол былғап Енекеевти қасына шақырады).*
Гүлшат. *(Сыбырлап сөйлеп)* Елти келди, жасырынып-жасырынып зорға жеттик.
Билип қойса жақсы болмайды. Бул жерде бизиң адамлардан ҳешким жоқпа?
Енекеев. Ҳешким жоқ. Капитанның жалғыз өзи. Қорықпай келеберсин.
Гүлшат. Ал бала, усыдан анаў-мынаў даў-жәнжел болып қалса, абайла, өзиңниң мойныңа... *(кетеди).*

КӨРИНИС

(Бутаков. Енекеев)

Енекеев. Анаў рус ҳаял келипти, Алексей Иванович, ҳәзир келеди.
Бутаков. Хорошо. Русша сөйлессек не екен, я олардың тилинде ме... сиз қалай деп ойлайсыз?
Енекеев. Ҳәзирше олардың тилинде сөйлескениңиз мақул болар. Қасындағы... ҳаял русша билмейди-ғой... Басқа нәрсе ойлап қалыўы мүмкин.
Бутаков. Хорошо. Так решим...

КӨРИНИС

(Бутаков, Енекеев, Бийбимәрям, Гүлшат)

Бийбимәрям. *(Даладан жуўырып кире басындағы бүркенген жегдесин басынан түсирип, ашық жүз бе-*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*нен, қарсы алдында әскерий формада зиңкийип қатып турған Бутаковтың алдына келе, еки дизерлеп отырып шоқына баслайды. Соң, шоқынып болғансоң, өз ана тилинде сәлемлесе баслайды).*

Здравствуй многоуважаемый капитан!

Здравствуйте дорогие мои земляки!

Б у т а к о в. *(сөзин бөлип)* Сәлем сизге қарындас Татьяна Емельяновна Башкенкова. Сизди көргениме жүдә қуўанышлыман!

Б и й б и м а р я м. *(сам-саз болып, тынып қалады)* дорогой капитан, вы самый...

Б у т а к о в. *(сөзин бөлип)* Ҳүрметли Татьяна Емельяновна, сиз басқаша деп түсинбең, өзимиздиң тилде сөйлесиў енди ҳешжаққа қашпас, келиң ҳәзирше усы жердиң тилинде гәплесейик... *(ымлап Гүлшатты көрсетеди)*.

Б и й б и м а р я м. *(енди түсинип)* Ҳа, солайма... мейли *(орнынан турып, жердеги түсип жатқан жегдесин қайта жамылады)*.

Б у т а к о в. Мен сиз ҳаққында Татьяна Емельяновна, барлық мағлыўматлардан хабардарман. Өз елиңизде, жас келиншек гезиңизде түскен сүўретиңиз бенен, усы жерге келип, елти болғанда түскен сүўретиңиз мениң қолымда. Пишен орып жүргениңизди, сол жаўызлар тәрепинен емизиўли балаңыздың дәрьяға ылақтырылып, өзиңизди базарға шығарып қул ретинде сатқанын, сизиң молла Мамыттың қолына сатылып келгениңизди, соң молла Мамыттың зорлығына ушырап христиан динин безип, мусырман динине киргениңизди, соң мусырман динин қабыл еткеннен кейин молла Мамытқа елти болғаныңызды бәрин-бәрин еситтим, билемен, хабарым бар. Усылардың ҳәммесин буннан 10 жыл бурын өзиңизде маған айтып берген едиңиз. Не илаж, мен сонда ўәдемниң үстинен шыға алмадым. Айтқандай, сизлер пишен орып жүргенде қолға түскен үш келиншек едиңиз-гой, сонда қасыңыздағылар қаяққа сатылған еди?

Б и й б и м ә р я м. *(жылап турып)*. Мен олардан бурын сатылып кеттим, меннен кейин олар базарда қалып еди. Соннан кейингисин билмеймен.

Б у т а к о в. Енди, мен, Татьяна Емельяновна, сизиң өз аўзыңыздан бир-еки нәрсени еситким келеди. Айтыңызшы, өзиңиз қай жердиң қызысыз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бийбимарям. Мениң қолға түскен жерим Орск қаласы, Янги юл темир жол станциясы. Есиңизде болса, бул темир жол станциясы Орск қаласына 200 километр қашықлықта турады. Ал арғы төркинине келгенде, Дон бойының қызыман. Мен еки-үш жасар қыз гезимде, ата-аналарым ашаршылықта Урал дәрьясына көшип келген.

Бутаков. Ну хорошо. Мениң екинши бир сораўым... Сизиң ҳәзирги өз ериңизден көрген қандай қорлығыңыз бар?

Бийбимарям. Өз еримнен ҳәзирше ҳешқандай көрген қорлығым жоқ. Мен еримниң жаманлығы ушын емес, өз елимди, өз жеримди сағынғаным ушын, өз ықтиярым менен... *(жылайды)*. Өз елимди, өз ана топырағымды көргим келеди... Мен бул жерге киси баласыман, «киси баласы кисенлесеңиз де турмас» деген мусырманларда нақыл бар.

Бутаков. Ну, солайда... Неге енди.... Я жаман турмыста жасадыңызба... я өзи болып.... я биреўлер арқалы болып... азап... ақырет....

Бийбимәрям. Ҳасла жоқ, мени ҳешким қорламады, мен ҳеш кимнен қорланбадым... Керисинше, ол адамның бедели арқалы мен ел арасында мудамы ҳүрметте болдым. Лийкин... соған қарамастан... мен мудамы өзимнен өзим... жабығып... жалғызсырап жасадым.. өз елим... өз ата журтым... өз ата-анам... өзимниң жаслайымнан бас қосқан қостарым... қала берсе, кейнимде 3 жасынан тирилей жетим болып қалған қызым.... Мениң көз алдымнан бир ели былай кетпейди... *(жылайды)*. Әй, дosларым, кеўлиң пүтин болмаса, сыртыңның пүтин болғанының бир пулға пайдасы жоқ екен. Қудыққа қулаған қуландай болдым.... Жолдан адастым· Жол таба алмадым... Усы күнге шекем, өз елимнен келген сизлерден бөтен бир де жанлы мақлуқты көрмедим... гезлестирмедим. Мине енди, мен сорлы, өз сүйегим, өз қаналасым деп сизлердиң етегиңизге асылып отырман. *(Өксип-өксип жылайды)* Жалынып-жалбарынаман, мени бир есабын таўып бул жерден алып кетиң.... Өлсем сүйегим өз елимде қалсын, *(аяғына бас урып жылайды)*.

Бутаков. *(Бийбимарям тыңышланғаннан кейин)* Хош Татьяна айтыңызшы, молла Мамыт өз ықтыяры менен сизге рухсат береме?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Б и й б и м а р я м. Жоқ, бермейди.
Б у т а к о в. Онда не қыламыз, күш жумсап, оны қорқытып, зорлап алып кетемизбе?
Б и й б и м а р я м. Жоқ. Ол ондай ўәжге турмайтуғын адам емес. Ол қорлыққа, зорлыққа көнбейди.
Б у т а к о в. Онда не қыламыз? Жалынсақ бермесе, қорқытсақ болмаса...
Б и й б и м а р я м. Билмедим. Ел бар, халық бар... Бундай ислерди халық өзлери ойласып шешеди ғой... Усы жердеги елдиң тәртиби солай...
Б у т а к о в. *(Енекеевке ымлап)* Аҳа... Түсиникли...
Б и й б и м а р я м. Ал енди бизлерге рухсат бериң, бизлер көп турып қалдық.
Б у т а к о в. Мейли онда Татьяна Емельяновна қолдан келгенше ҳәрекет етип көремиз. Лийкин көп нәрсе сизиң өзиңизге байлы.
Б и й б и м а р я м. Ал яқшы онда! *(хошласады)* Ал абысын жүр! Бизлер кетейик. Мал-қоралар пададан келип мөңиреп атырған шығар...
Г ү л ш а т. *(дәлкек етип)* Әне, әне абысын. Усындай аўҳалда да сиз мал қораны ойлайсыз... «Жақсы көрпе жақсы дастық, Жатқармайды дәўлет тасып» — деген усы екендағы.
*(екейи кулиседи. Соң хошласып сахнадан шығып кетеди).*

КӨРИНИС

(Бутаков, Енекеев)

Б у т а к о в. О, рус ҳаял, бул ерин жүдә ҳүрмет қылар екен. Бул жүдә қызық.
Е н е к е е в. Ақыры ол, өзиниң ат-абырайы менен ол ҳаялдың руслығын өз аўылласларына билдирмей үлкен бир уламаның елтиси сыпатында барлық адамларға танытқандағы.
Б у т а к о в. Болмаса оның, яғный уламаның қәдир-қымбаты болама дейсиз ғой...
Е н е к е е в. Әлбетте. Оның үстине бул рус ҳаялының өзи де, еситкениң жаздырмайтуғын ерекше қатықулақлығы бар көринеди. Қала берсе, өзинде әзелден мусырманшылық тәлим-тәрбияға қандайда бир жақынлығы болса да меннен көрмең...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Б у т а к о в. Так, бул жумыс та питти. Өзи менен сөйлескенимиз жақсы болды *(саатына қарап)* Енди Қәдирберген бий менен де... Так, ол кешикти ғой...

Е н е к е е в. *(Сөзин бөлип)* Тоқтап турың, господин капитан. Есилген ескек даўысы шыға ма? *(екеўи де тыңлайды)*.

Б у т а к о в. Аўа, мына шахырлы теңиз беттен киятыр.

Е н е к е е в. Онда бул солар болды. *(сахна сыртына қарап Хо — хо — хоо! — деп даўыс береди. Сахна сыртынан оған сондай жуўап қайтады)* Аўа, тап солардың дәл өзи... *(Бақырып)*. Тоқпақ атаға қарап келе бериң! Биз лер усы жақтамыз... Уллы дәрежели капитан, ырасын айтсам, мен бул Қәдирберген бийди, анаў Әмударья арқалы Хийўаға шеккен сапарда онша жақсы билмеген едим. Усы сапары оның аўылына барып, ел адамларынан еситкен әңгимелериме қарап оның кимлигин жақсырақ биле басладым. Оның аўыллас адамларының сөзлерине қарағанда ол Айдос бий менен бирге Хийўа ханлығына қарсы гүрес майданында болған адам екен. Ҳәтте, керекли жеринде Айдос бийге ақыл берип, жол-жоба көрсетиўши ең жақын кеңесгөйи болған адам екен.

Қарақалпақ халқын өз алдына ханлық қылыў ушын гүрескен, яки болмаса Оренбург арқалы Ақ патша деп аталған россия империясына қараслы болыўдың тәрептары болған адам екен.

Б у т а к о в. Ну!!!

Е н е к е е в. Аўа, Уллы дәрежели капитан, оның жаман шапан кийгенине қарамаң... Ой өриси кең, ақыл-ҳуўшы узақты шолыйтуғын, ақыл-парасаты әлемге жайылған, ерекше бир адам көринеди... *(Азғана паузадан кейин Қәдирберген бий кирип келеди)*.

КӨРИНИС

(Бутаков Енекеев, Қәдирберген бий).

Қ ә д и р б е р г е н б и й. Ассалаўма әлейкум, капитан мырза. Сәлем қосшым Болат.

Б у т а к о в. *(жайғасып болып)* Жақсы болды келгениңиз, биз сизиң жолыңызға айдай қарап отыр едик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәдирберген бий. Ел машқаласы деген аўыр жумыс екен... оның үстине жетиспеўшилик... Бала-шағасы менен аштан қырылып қалайын деп отырған шаңарақлар бар... Солардың напақасын ойламасам... Бәри мениң аўзыма қарасып отыр. Соған бола, азғана иркилиңкирен қалдым, капитан мырза...

Бутаков. Эа, мейли... Зәлели жоқ, Қәдирберген бий... Енди мениң сизди не ушын шақыртқанымды билсеңиз керек?

Қәдирберген бий. Билемен мырза, еситтим. Анаў орыс қатын жөнинде болса керек...

Бутаков. Ҳа бәрекелла, сол ҳаққында. Жаңа сиз келер алдында, сол рус ҳаялдың өзиде усыманға келип кетти. Ол енди өз елине қайтқысы келеди екен. Оның қалай қолга түсип, не дереклп молла Мамыттың қолында жүрген себеплерин билемиз. Мени өзлериңиз бенен бирге алып кетиң деп, жылап, жалынып отыр. Соның биймәлел шешим жолын бизлер таба алмай отырмыз... Жергиликли жағдайды өзиңиз бизден көре жақсырақ билесиз... Өзиңизден бөтен бизиң таныс адамымыз жоқ, Бизлер болсақ, келген жумысларымызды бир қатар жуўмақластыра келдик. Енди мынадай аппаратларымызды жыйнастырып қайтнақпымыз. Соның ушын да жаңағы рус ҳаялы мәселесин шешиўдиң дурысырақ жолын табыў керек болып тур. Соған қандай мәсләҳәт бересиз, Қәдирберген бий?

Қәдирберген бий. Бул жүдә бир нәзик мәселе, капитан мырза. Соның ушын да «Ерли-зайып арасына еси кеткен түседи»—деген де нақыл бар халқымызда. Деген менен де, бул мәселени, мениңше тек қара күш пенен шешиўге болмайды. Кеңес жолы менен, ўәжлесиў жолы менен шешкен жөн болады. Сизлерде өзлериңизге жетерли болған қарыў-жарақтың, күш-қураллардың бар екенин билемен. Соның ушын да анаў турған Барса-келмес қасындағы Серен қаладағы хан лешкерлери де қорқып, көрсе де көрмегендей болып отыр. Ал. егерде, сизлер бирини болып қол көтере қойған жағдайда, бәринен де бурын, усы жерде зорға күн көрип отырган жай пухара халық қырғынга ушырайды. Зинҳар, зинҳар усы жағын ойлай көриң, мырзалар. Халықты бийгуна жылатқанның ақыбети ол дүнья, бул дүньяда жақсы болмайды. Билесиз бе, капитан мырза, сиз келердиң алдында Хийўа ханы Айдос бий, Ерна-



www.ziyouz.com kutubxonasi

зар алакөз көтерилисин зорға басқан еди. Олар қолдаўлы қоңыраттың атақлы бийлери еди. Халықты Хийўа ханының зулымлығына, ашкөзлигине қарсы көтерилиске шақырып, Хийўа ханлығынан бөлинип шығыўға бас байлаған халық батырлары еди. Лийкин айырым сатқынлардың себеплеринен олар усы гүрес жолында өлип кетти. Мине усы көтерилистен қорқып қалған Хийўа ханы, бизге, ҳәзир ашыўлы, исенимсизлик пенен қарайтуғын болды. Халық ҳәзир ҳәр тәреплеме қорланыўда. Билесизбе капитан мырза, Хийўа ханы жақын жылларға шекем, шегараны қорғаў дегенди билмес еди. Бир гезлерде Түрк елатынан келген бир дәрўиш, бир себеплер менен, ханның бас ўәзири менен бир отыраспада отырғанда, ханның бас ўәзирине: «Тақсыр, сиз сорап отырған елатты ҳәр мәмлекетлерден адамлар келип, жериңизди, жолыңызды, көлиңизди, дәрьяңызды қарыслап өлшеп алып жүр, ал сизлер болса, оларға кет демей, арқайын жасап атырсыз. Ал, андай-мындай күн болып қалғанда, сизлер неге, кимге, исенесиз? — деп сорағанда, ўәзир: «Бизиң Хорезмде 360 әўлийелер бар, солардың кәраматына исенемиз!» — деген екен. *(күлиседи)*. Жақын жылларға шекем Хийўа ханының бундай мәселелерге пәрўайы пәнсер еди. Мине, енди, ҳәзир Арал теңизи бойына Серен қала деген қорған қала салдырып, ишине жаў жарағын толтырып қойыпты. Буның менен де турмай, халықты, диний шарият жолы менен өзине бағындырыў ушын, мынаў турған Қара қумда өзиниң диний ҳәзиретлерин сақлап отыр. Мине көрдиңизбе, капитан мырза, Арал теңизине жақын отырған барлық елатлар, усындай қорғанлар менен қоршалған. Ал бурынлары Үстирт арқалы келиўге урынған ақ патшаның бир атлы әскерлери болған, олардың аты-жөнин билмеймен, лийкин олар да сәтсизликке ушырап, көбиси бенде болып қолға түскен. Солардың көплериниң зуладлары өзлерин басқаша деп атап, елеге шекем Хорезмде жасап келмекте. Мине усы әңгимелерден қулласы келип айтқанда, капитан мырза, бул рус ҳаялы мәселесин, сол молла Мамыт отырған Қара қала мешитқаўымы менен бирликте ўәжлесип отырып шешискен ақылға муўапық емеспе екен деп ойлайман. Бизден мәсләҳәт сорасаңыз, бизиң билгенимиз усы мырза.

*(Пауза)*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бутаков. Да... Айтқанызыздың жаны бар, Қәдирберген бий. Рус ҳаялы да усыны тилеген еди. Ал, Қара қала адамлары молла Мамытқа қарсы бир нәрсе айта алармаекен? Өзи жүдә абырайлы адам деседиғой...

Қәдирберген бий. Абырайлысы—абырайлы, ол сөзсиз... Қала берсе Қара қум ийшанларымыздың исенимли уламаларының бири. Ал енди, бул жерде халықтың усы уламаны услайтуғын бир жери, ол өз елтисиниң кимлигин елден жасырып келген. Бул диний шарият-та—натуўры. Екиншн бир услайтуғын жери, елтиниң өз динимс, өз елиме өз ықтыярым менен қайтаман деген жери. Егерде рус ҳаялы өз сөзинде турса, халық сөзсиз қатын тәрепли болады. Әне соннан кейин, молла Мамыттың халық алдында тили байланады. Әне соннан кейин, қуда қәлесе деп айтайын, бул мәселени бийме-лел түрде шешиўге өзинен-өзи жол ашылады.

Бутаков. Мейли, мәсләҳәтиңизди қабыл еттик. Лийкин, усының ишинде өзиңиз де боласыз. Жәнеде қасыңызға бир еки ақсақал табың.

Қәдирберген бий. Ожен болады, Мырза. Қасымда Елмурат ахун деген жүдә бир өткир улама болады. Ал Есенгелди мәҳрем деген бир өте абырайлы ақсақал бар еди, ол ҳәзир Хийўадан көшип келип Қоңыратта жасайды. Бир жағынан узақ, екинши жағынан жүдә картайған адам, жолға жарамас. Болмаса, заманында Хийўаның ханларын да талай-талай сөзге тоқтатқан адам.

Бутаков. Рахмет сизге, Қәдирберген бий (*желкесинен сыйпап ийнинен қағып-қағып қояды. Соң Енкееске*): Лейтенант, онда ертең азанға Қара қаланың халқын таярлайсыз. Молла Мамыттың сыртынан бақлаўға адам қойылсын, ким биледи... Бир жакларга тайынын кетиш жүрмесин: Хайыр, хош, кеттик (*Ҳәммеси капитанның изине ереди*).

Перде

## ТӨРТИНШИ КАРТИНА

Арал бойындағы Қара қала көриниси. Сахна ортасына тигилген қара үйдиң есик бети көринеди Үйдиң қыр әтирапы толған адам. Кимиси отырған, кимиси түргелип турган, кимиси



www.ziyouz.com kutubxonasi

жамбас таслап жатқан. Бутаковтың әскерий форма кийген адамлары көринеди, олар тәртип сақлап жүр еди. Қара үйдиң есигиниң еки қапталында жарақлы еки солдат. Перде ашылыўы менен ғаўырлы сеслер бир көтерилип басылады.

## КӨРИНИС

(Сахнада халық ҳәм Енекеев)

Енекеев. *(сырттан ишкериге әскерий формада кирип келип:)* Халайықлар! Халайықлар! *(ғаўырлы басылады)* Ҳәзир жоқары дәрежели ақ патшаның ҳадал хызметкери капитан Алексей Иванович Бутаков сизлердиң ҳүзириңизге келеди. Сизлер жасап турған усы Қара қалада, елден ерек дегендей, бир күтилмеген әжайып ис жүз берген. Мине, усы ис барлық уллы рус халқының, уллы Россия империясының қала берсе, уллы дәрежели ақ патшаның ар-намысына тийип бизиң ҳүрметли капитанымыз Алексей Иванович Бутаковты қатты бийзар етпекте. Ол да болса, усы қаланың уллы дәрежели иймамы, ҳәзиретий молла Мамыт тақсырымыз, Татьяна Емельяновна Башкенкова деген рус келиншегин, зорлық пенен өзиниң дининен бездирип, мусырман динин қабыл еттирген. Соның менен де турмай, соң ол, усы нашарға неке қыйдырып, оны өзине елти қылып алған.

*(Ғаўырлы даўыслар:)*

—Ҳаў, Ҳаў! Астапыралла—я!—Қой, қой. Бул жала! —Өзи орыс болса, мусырманға неке түсеме екен?! —Қой, мүмкин емес!—Молла Мамыт тақсырдың бул елтисин билемиз—ғо... қой, ол орыс емес.—Әлбетте, елти Бийбимарям орыс емес!—Аўа, ол нағыз мусырман нашар... —Жәнеде ол сондай қайыр сақаўатлы, қоя бересиз...

Енекеев. *(қолын көтерип)* Халайық! Халайық! *(халық тынышланады)* Егерде мениң сөзиме исенбесеңиз, мине мынаў тақсырымыз Елмурат ахунның сөзин тыңлаң. Бул улама ҳасла жалған сөйлемейди. Усы истиң жанлы гүўасы... усы жәнжелди еситип, арнап узақтан келип отыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Д а ў ы с л а р: — Айтсын, айтсын... — Биз бул тақсырды билемиз... — Бул ҳеш қашанда инсанға қыянет қылған адам емес.

Е л м у р а т а х у н. *(ортаға шығып, қолын көтереди, тыныشлық пайда болады).* Мен бул жәнжелди мынаў Қәдирберген бийден еситип қалдым. Тахат етип, үйде шыдап отыра алмадым. Гәптиң поскеллесин айтқанда, халайық мусырманлар, мен молла Мамыт пенен көптен таныспан. Хийўадағы Шерғазы ханның медресесинде бирге тәлим алып, бирге дәрслес болғанбыз... Мениң бул саўдалардың бәринен хабарым бар. *(Енекеевти көрсетип)* Мынаў меҳманның айтқаны ялған емес, бәршеси дурыс. Молла Мамыттың елтиси Бийбимарямның ҳаслы орыс.

Х а л ы қ. — Астапыралла, астапыралла! — Ҳаў — ҳаў... бул не дегениңиз тақсыр?... — Ила илаҳа иллалла! *(жағасын услайды).*

Е л м у р а т а х у н. *(қолын көтерип)* Сабыр-тақат етиңлер мусырманлар. *(Халық тынышланды).* Ал енди меҳман, жүзимизди қублаға қаратып, гәптиң ләпси-нәмәрин айтқанда..... бул исте Шәриятқа қарсы келетуғын ҳешқандай қылапылық жоқ, керисинше, молла Мамыт, ҳақыйқый мухмуни мусырман иретинде, бул ҳаялға көп ғана саўап ис қалды. Ол әўеле, аллатааланың буйрығын бәжа келтирип, бул нашарды қуллық дузағынан қутқарды, және ол бул бийгүна бендеге жақсылық қылып, бийтаныс журтқа тентиретип жибермеди. Және де ол, бул ғайры дин қуда бендесин, мухмуни мусырманлар арасында сарсаң-кесектен аман алып қалды. Ол ушын оған ислам динин үйретип, оған еки бирдей жақты дүньяға жол ашып берди. Қала берсе, молла Мамыт Бийбимарямға үйленип, неке қыйдырғанда шәрияттың жолын бузбады, оны алды менен мусырман етти, жәнеде бул неке Бийбимарямның өз ырзашылығы менен болды. Молла Мамыт, Хийўадағы медресени питкерип шыққаннан кейин, ол Хийўа ханынан қазылық әмелди сораған еди. Хан бермеди, оның алдына шәрт қойған еди. Оннан ең әдеп, Қабадылланы Ҳажы таўап етиўди талап етти. Соң қазылық ҳәмелди ўәде қылған еди. Мине усы жолда молла Мамыт өзиниң жигитлик өмирин ада еткен еди. Лийкин ол зиятқа жете алмай Хийўаға қайтып келгенде, молла Мамыт 40 жасында еди. Мине усы аўҳаллар себепши бо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лып, молла Мамыт Бийбимарямды қул базарынан сатып алыўға ҳәм соң оған үйлениўге мәжбүр болған еди. Мен усы ҳәдийсениң ҳәммесин өз көзим менен көргенмен. *(Енекеевке)* Әзиз меҳман, егерде бүгинги жәмәэттиң бул жерге топланыўы усы мәселеге тән болса ҳәзирети ақ патшаның бизге келген жоқары дәрежели ўәкили, жаңағы мен баян еткен сыпатлардан хабардар екенлер ме?

Енекеев. Уллы мәртебели капитан Алексей Иванович Бутаков бунның ҳәммесинен хабардар, тақсыр.

Елмурат ахун. Ал онда, ол уллы дәрежели меҳман бизге не демекши?

Енекеев. Тақсыр, уллы дәрежели капитанның аңғарына қарағанда, бул нашар Мамыттың қолына өз ықтыяры менен түспеген. Хийўа ханының нөкерлери арқалы зорлық пенен түскен, емизиўли баласы дәрьяға ылақтырылған, және де бул нашар биреўдиң некели ҳаялы болған, артында үш жасар қызы, ери, ата-анасы қалған. Олар бул нашардың елеге шекем өли — тирисин билмейди... Қәне өзиңиз-ақ айтың, биреўдиң некели қатынын, екинши адам неке қыйып алыўға болама? Усы ис шарияққа туўра келеме?

Елмурат ахун. Егерде оны, молла Мамыт алдын ала билген болса, онда бул ис, әлбетте, шубҳәли.

Енекеев. Әлбетте алдын-ала билген, тақсыр. Оны сол нашардың өзи айтып отыр. Лийкин, молла Мамыт оны билмесликке салған.

Елмурат ахун. *(жағасын услап)* Әстапыралла! Ҳей, халайық еситип отырсызларма?

Енекеев. Қала берсе, тақсыр, ол нашар ҳәзир өз елине, ата-анасының, өз перзентиниң алдына өз еркинше қайтқысы келеди.

Елмурат ахун. Астапыралла! «Өз балаң өзегине тепсең де кетпес, киси баласы кисенлесе де турмас» — деген усы екендағы...

Енекеев. Мине усы сөзлерден кейин, уллы дәрежели капитан молла Мамыт пенен сөйлесип көрип еди, мен бул ҳаялды сатып алғанман, ҳеш жаққа жибермеймен— деп табанлап турып алды. Әри түсиндирди, бери түсиндирди, молла Мамыт жибермеймен деп турып алды. Уллы дәрежели капитанның буған ары келди, адамды пулға сатып алыў Россияда жоқ, әлле қашан-ақ қалып қойған. Соның менен ол русларға зорлық көрсетип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ол ҳаялды байлап қул қылып қояжақ. Бул капитанның миллий ар-намысына тийди. Жаў — жарақ бизде көп, әскерий күш жеткиликли. Егерде жаманлығына кетсе бир ақшамда қаласы менен қырып таслап, ол нашарды азат етиўге болады. Деген менсиде, ол жолға бармай, мәсләҳәт қылыўға капитан сизлерди усы жерге шақырып отыр

Е л м у р а т а х у н. *(ойланып)* Қәдирберген бий!

Қ ә д и р б е р г е н б и й. *(көптиң ортасынан суўырылып шығып, қол қаўсырып ийиледи)* Ләббай тақсыр!

Е л м у р а т а х у н. Жас та болсаң ел журтқа бас едиң. Еситип турсаң ба? Сен буған не дейсен?

Қ ә д и р б е р г е н б и й. Мен бунның бәрисинде хабарым бар тақсыр, Енекей мырзаның айтқанларының бәри дурыс. *(Кейин шегинип, өз орнына қайта барады).*

Е л м у р а т а х у н. Есберген қолдаўлы!

Е с б е р г е н а қ с а қ а л. *(ортаға шыға)* Ләббай тақсыр...

Е л м у р а т а х у н. Ақ қаланың ел аўзына түскен атақлы ақсақалы едиң, сен буған не дейсең...

Е с б е р г е н а қ с а қ а л. Тақсыр, молла Мамыт, Хийўадағы хаз ҳәзиретимизге мәлим улама, қала берсе Қарақум ийшанымыз бенен де байланысы бар. Ал анаў... Барса келмес қасындагы ханның салдырған Серен қаланың болса-гой оң қолы... Соны билип, молла Мамытты булар ҳәзир қамап қойыпты деп еситемен... Бул көз-көрсеки бозбырлықгой... Енди сондай әлле неткен келгиндилерге жесиримизди берип жиберип отыра берсек қалай болады.

Қ ә д и р б е р г е н б и й. Ҳәй, Есберген, сен ондай деме... жесиримизди дейсең... ол бир айттырып алған жесириңбе еди? Алды менен гәпке түсип, бул бәрисинде бурын зорлық пенен қолға түскен әлле бирсўдиң жесири... жәнеде ерксиз елинен айырылған нашар, яғный өзге бир халықтың адамы. Енди ол өзи азатлықты тилеп отыр.

Е л м у р а т а х у н. «Ел намысы — ер намысы» — деген. Ҳәр қашан да урыс-жәнжел, жаўгершилик усы ел намысынан келип шығады. Ҳей, қалайық келиң ақыл — парасатқа келейик, мен жақында ҳәзирети Хожа Ахмед Яссаўийдиң мийрасларын оқып отырып, бизиң бүгинги сөзимизге уқсас бир хикаясына көзим түсип жүдә әжепленген едим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Д а ў ы с л а р. Хош, хош, айтың тақсыр, қулағымыз сизде.

Қ ә д и р б е р г е н б и й. Қызық шығар тақсыр, айтың ибрат алайық, хош, хош....

Е л м у р а т а х у н. Ол ҳәзиретимиз Түркстанға келгенде орысиятлар Түркстан ўалаятында жоқ екен.

Д а ў ы с л а р. Хош хош... Ўа әжаб-а...

Е л м у р а т а х у н. Соң олардың бирең-сараңы көшип келе баслаған көринеди.

Қ ә д и р б е р г е н б и й. Әне ҳалас, ал...

Е л м у р а т а х у н. Мусырманлар жерин, суўын қызғаныл, ҳәм орыслар келип жеримизди, суўымызды ҳарамлады деп оларға күн бермепти, көпшилик болғаннан кейин оларға түрли — түрли қысыўметлер көрсете берипти, гез келгенин көринген жерде балталап, пышақлап өлтире берипти. Ақыры орыслар далаға шыға алмастай күн туўған. Ақыры болмаған соң, орыслардың бас көтерген адамлары мусырманның бийлерине келип, болып атырған зулымлықларды айтып шағыныпты ҳәм соған тыйым салыўға олардан жәрдем сорапты.

Қ ә д и р б е р г е н б и й. Орыслар ол заманда жүдә аз екен — аў...

Е л м у р а т а х у н. Аўа, аз көринеди. Сонда мусырманның бийлери оған тыйым салыў бизлердиң қолымыздан келмейди, ҳәзирети Хожа Ахмед Яссаўийге барып жүгинейик депти.

Қ ә д и р б е р г е н б и й. Пай, гәп болғанына... әлбетте динниң жолы бир басқа, бийлик жолы бир басқа... Аўа тақсыр...

Е л м у р а т а х у н. Соннан, бәри қосылып ҳәзиретке барыпты... Ҳәзиретимиз мал сойдырып оларды бир ақшам мийман қылыпты. Ертеңине өзи келип, қонақлардан жол болсын сорапты. Мехманлар баяғы келген жумысларын баян етипти.

Қ ә д и р б е р г е н б и й. Ал, ал.... Ҳәзирети сонда не деген екен?

Е л м у р а т а х у н. Ҳәзирет олардың сөзин тыңлап болып «Ой — бой, бул бир қыйын ис екен...» — деп көп ойланып қалыпты. Соң, келген ақшамның нәзерин қайтармаслық ушын «Кел, тәўекел, яқшы» — депти ол. Лийкин маған үш ай мәўлет бересиз, ал истиң нәтийжесин болса өзлериңиз үш айдан кейин көресиз» — депти. Соның менен келген аламанлар тарқасыпты. Ал ҳәзи-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рети Хожа Ахмед Яссаўий болса, жалма-жан Түркстан ўалаятындағы барлық талип — илим, моллаларды жыйнатып, оларға бир рәўаяттан дәрс берген ҳәм усы раўаятты отырған жериңиздеги бәрше мусырманларға оқып берип, мәнисин түсирдиресиз деп олардың ҳәр бирине тапсырма берипти. Мине сонда усы жыйналған уламалар өз еллерине қайтыў менен ҳәзиретимиздиң үйреткен усы раўаятын өзлериниң ел — елатына оқып еситтирип, түсиник жүргизген екен. ҳәзиретимиздиң айтқанындай үш айдан кейин орыслар менен мусырманлар арасында пышақласпа, балталаспалар тоқтап, өз-өзинен өз-ара жарасыўлар пайда болыпты.

Қәдирберген бий. Әне карамат деген усы, садағасы кетсин.

Елмурат ахун. Мине усы рәўиятта мынадай сөзлер жазылған екен: Бисмилла рахима нуррахим... «Сүннәт емиш капыр болса берме азар, Кели қатты дил азардан қуда бийзар, Алла ҳаққы андақларға дозақ таяр, Бу ишларни арчо устида көрдим дослар!

Қәдирберген бий. Паҳ, паҳ паҳ! Сөз болғаныңа!

Елмурат ахун. Халайық тыңлаңлар! Раўаятларға қарағанда мусырман, капыр деген сөз динине, миллетине қарап айтылмаса керек. Аллаталаның буйрығын бежергенлер мусырман, бежермегенлер капыр деседи. Кеўли қаттылық, дил азарлық — капырлықтың нишаны, соның ушын да, ондай адамларды таңла яумил қыяметте дозақы деп атармыш. Ҳей халайық, ҳәзирети Хожа Ахмед Яссаўийдиң усы ўәсиятларын мудам есте тутпақлық керек ҳәм зәрүр... *(азғана ўақыт суў серпкенкендей тыныншылық сақланады, соң ортаға Есберген ақсақал шығып, халықтың дыққатын өзине аўдармақшы болады)*.

Есберген ақсақал. Әпиў еткейсиз тақсырым... Ҳәзирети Хожа Ахмед Яссаўий, өзиниң бул раўаяты менен бир заманлардағы еки халық арасындағы бийгүна төгилип атырған қанды, қырғыншылық урысты тоқтатпақшы болған екендағы... Қудаға мың қәтле шүкир ҳәзиринше бизиң арамызда ондай қан төгиспе урыслар жоқ.

Қәдирберген бий. *(оның ойын бөлип)* Бүгин жоқ болса, ертең болып қалыўы мүмкин. Есберген ақсақал. Ҳәр нәрсениң келешегин ойлап, алдын алыў керек емес пе?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Е с б е р г е н  а қ с а қ а л. (*Ерегисип*) Сонда шеттен келген әллекимлер бизге өзлери келип тийип, қолымыздан жесиримизди тартып алып кетемен деп атырғанда, бизлердиң тым-тырыс буғып отыра бериўимиз керек пе? Ел еллигимизди етпеймиз бе?

Е л м у р а т  а х у н. Есбергенжан дурыс айтасаң, бул жерде ҳәзиринше қан төгиспе, қырғыншылық жоқ. Ал бирақ, биз ҳәзир усы мәселеге әдил, ақыл-парасат, шарият жолы менен қарамасақ, қырылыспа, қан төгиспениң ийиси мурнымызға келип турған жоқпа... Ақыры, олар бизлерге тийип отырған жоқ — ғой, олар бизлердиң жесиримизге емес, өзлериниң жесирине, зорлыққа ушырап, басы ғаўға түскен жесирине, және сол жесирдиң өз тилеги бойынша, өз елиме кетемен деген сөзине асас асылып отыр. Ақыры адамзатта рәҳим, шафқат деген барғой. Бул жағдайда, ким-кимиң де бийгүна жәбир көрген бендеге бүйири бурады — ғой... Ҳәр ким өз қаналасына, өз халқына, адамына, усындай жағдайда бүйири бурып, қайыр — сақаўатлы ис қылса айыппа? Бул ел, дүнья, бул дүньяда гүна емес, саўап исле, Есберген жан.

Д а ў ы с л а р. — Әлбетте, әлбетте, тақсыр. — Дурыс айтасаң, ақыл менен ис тутыў керек — Бүйири бурмайтуғын адам бар ма... — Бар болса ондай адамды тасбаўыр демейме?

Е с б е р г е н  а қ с а қ а л. Ҳей, халайық, суў көрмей етик шешиўдиң кереги жоқ. Әңгиме тап тақсырымыз айтқандай жағдайда болса басқа гәп... лийкин, мен оны олардың өз аўызларынан еситпегенмен... ырасын айтқанда... шубҳаланаман.

Е л м у р а т  а х у н. Гәптиң ләпси ләмрини айтқанда уллы дәрежели ақ патшадан келген әзиз мехманлар, бизлерди соның ушын усы жерге жыйнаған емеспе... (*Енекеевке қарап*). Солайма мехман?

Е н е к е е в. Туппа-туўры айтасыз, тақсыр. Уллы дәрежели ақ патшаның әдиўли ўәкили капитан Бутаков, усы мәселени сизлер менен биргеликте, биймәләл қылып шешпекши...

Е л м у р а т  а х у н. Әне халайық, еситтиңлер ме? Бәрекелла, алла зият етсин. (*қурдың ортасында турған Кәдирберген бий менен Есбергенниң ортасына өтип, олар менен биргеликте Елмурат ахун көпшилик қур арасына кирип, көринбей кетеди. Адамлар, солдатлар*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*арасында қозғалыс ҳәрекет, гүбирли сөзлер басланады). Сөзсиз ҳәрекетлер: Узақтан пайтон арбаның қамытына тағылған майда қоңырайлар сеслери еситиледи. Ол кем-кемнен жаңғырап, сахнадағы адамлардың дыққатын өзине аўдара баслайды. Адамлар слеўсирел, сес шыққан жаққа қарай аўа қозғалысады.*

1-солдат. *(Кулис арқасынан жүўырып шығып, Енекеевке)* лейтенант, уллы дәрежели капитан Алексей Иванович Бутаков келди.

Енекеев. Экспедиция солдатлары, Смирно! *(жүўырып кулис алдына келип, честь берип турып қалады).*

КӨРИНИС

Сахнада бурынғылар, Бутаков.

Бутаков. *(Жүдә салтанат тутып, сахнаға кирип келеди де авансценаға жақын өтип иркиледи. Ҳәмме аңтаң болып оған қарап турады. Енекеев оның алдына келип рапорт береди).*

Енекеев. Уллы дәрежели капитан, тапсырмаңызға муўапық Қара қала, Ақ қала ҳәм оның әтирапындағы елатлардан шақырылған адамлар келип болды. Енди олар сизиң дана мәсләҳәтиңизди күтпекте.

Бутаков. *(Честь береди)* Бәрекәлла! *(қолын түсирип халыққа)* Сәлем халайық!

Даўыслар. *(Жабырласқан ҳалда, ийилип тәжим берип)* Сәлем уллы дәрежели мехман! Сизге ден саўлық, саламатлық тилеймиз.

Бутаков. Рахмет, рахмет! *(Енекеевқа бурылады. Енекеев солдатларға «Смирно»! командасын береди, Бутаковқа ортадағы қара үйдиң есигин көрсетеди. Бутаков қара үйге қарап жүргенде, көптиң ортасынан Қәдирберген бий жүўырып шығып, қара үйдиң есигин қушақлап ашып төбесине көтереди. Бутаков үйге еңкейип кирер алдында, оған қулаш керип есик ашып турған Қәдирберген бийди көрип қалып, кирмей кейин шегинеди. Қәдирберген бий ийилип оған сәлем береди).*

Бутаков. А, Қәдирберген бий, қалай жақсымысыз? Хийўаның жолындағы шаршағаныңыз шықтыма?

Қәдирберген бий. Қуллық, әзиз мехман. Сиздей заты шәрифлердиң хызметинде болсақ биз ҳеш қашанда шаршамаймыз.

Бутаков. *(Күлип, оның ийнинен қағады)* Ҳа бәре-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кәлла бәрекәлла! *(Қара үйге кирип кетеди. Бираздан соң изинен Енекеев, Аннанковлар да киреди).*

## КӨРИНИС

Сахнада Бутаковтан өзге бурынғылар.

Қәдирберген бий. *(Өз орнына қайтып барып)* Тақсыр, өткен күннен арғы күни мен буларды Әмиўдәрья арқалы Хийўаға шекем апармақшы болып сапар шеккенмен. Мине сонда көрдим бул адамның ғайратын.
Елмурат ахун. Хош хош,...
Қәдирберген бий. Сонда биз... *(сөз бөлинеди, үйден Енекеев асығыслық пенен шығып)*:
Енекеев. Ҳүрметли Қәдирберген бий, Елмурат ахун, Есберген ақсақалларды уллы дәрежели капитан ишкериге шақырады, мәрҳамат, ишкериге кириң! *(Аты аталған адамлар, салдамаллы адым ҳәм тутымлар менен ортадан бөлинип шығып ишкериге киреди. Кейнинен Енекеев те кирип кетеди).*

## КӨРИНИС

Сахнада тек аламан өзли-өзи ҳәм Бутаковтың солдатлары.

1-адам. Әне енди шын мәсләҳәт басланады.
2-адам. Япырмай бала, усы Қәдирберген бийди таныймайтуғын адам жоқ... Өзи бир бәле адам екен...
1-адам. Мыналарға ол қалай танысып, қалай жарапып жүрген..... әлҳәббиз.
2-адам. Оның несине ҳайран қаласаң... Жаңа оның өз аўзынан ушлығын еситтиңиз ғой, жақында бул бий, қонақларды дәрья арқалы жол силтеўши болып; Хийўаға шекем апарып келген.... Ал,, бирақ ҳәзирги ақ қум, Тахия таштан ары өте алмаған көринеди. Сол жерден қайтып келгеннен кейин, ол, аўа... Қәдирберген бий усы қонақлардан көп-көп сыйлықлар алған деседи.
Ҳәмме. *(ғаўырласып)* Әстапыралла, әстапыралла! бәлесине қара...
1-адам. Неге ол жерден қайтқан екен бала? Я дәрьяда жол жоқпа екен...
2-адам. Жағада хан нөкерлери буларға топылысып, жибермеген. Басларын аман алып қайтыў ушын, ғырра кейнине қайтқан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨРИНИС

Бурынғылар, Енекеев.

Енекеев. *(Қара үйден сүңгип шығып)* Ҳей, солдат!
Солдат. *(қасына жуўырып келип)* Тыңлайман лейтенант.
Енекеев. Тез барып, молла Мамытты мында алып келиң!
Солдат. *(честь берип)* Әжеп болады лейтенант! *(солдат кулис сыртына кетеди. Енекеев сүңгип қара үйге киреди. Сам-сазлық кейип пайда болады).*

## КӨРИНИС

Сахнада ел адамлары.

1-адам. Ҳаў, бала, булар адамларды бирим-бирим шақыртыўға қарады — ғой...
2-адам. *Әлбетте, бул даўды шешиў аңсат деп ойлайсаң ба?* Адам тәғдири... Дуньяға еки келмек жоқ...
3-адам. Әне, молла Мамыт тақсырымыз киятыр... *(ҳәмме сол жаққа қарайды, молла Мамыт шапанын желбегей ийнине салып, әсте жүрип келеди. Ҳәмме қол* қаўсырып оған ийиледи. Молла Мамыт басын ийип, *олардың сәлемин әлик алады да, солдаттың силтеўи бойынша қара үйге кирип кетеди. Ҳәмме силтидей тынып, аң-таң болып қалады).*

## КӨРИНИС

Сахнада бурынғылар.

2-адам. Я тоба!! Бир заманда келбети солғын тартып қалыпты...
1-адам. Аңсат испе.... 40 жасында қосылған қостары еди... Кейин усындай боларын ким билипти...
3-адам. Тақсырымыз Қабадыллаға бараман деп, жасын бираз өткерип алып еди... оның менен оған бара алдыма, я бара алмай жолдан қайттыма, билмедим... Қулласы Хийўа ханы оған ўәде еткен әмелин бермеди... Сөйтип бир тис жеген еди, бул бийшара... Енди және мынаў әңгиме шықты.
2-адам. Ол не әмел еди?
3-адам. Хийўа ханы, Мәккеге барып келсең қазылық



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәмел беремен деп ўәде еткени екендағы. Соны бермеген оған...

2-а д а м. Әстапыраллла! Хан да ўәдесин жутады екен-аў

3-а д а м. Молламыздың елтисин ҳасла орыс деп ҳеш ойламаған едим...

1-а д а м. Жасы жетип, азғана албырап жүргенде, мусырманшылық рәсимге келтирип оған үйлене салған — ғой...

2-а д а м. Бийбимарям орыс дегендей нашар емес ғой... «мусырманшылыққа жетик ҳаял».

КӨРИНИС

Бурынғылар, Енекеев.

Е н е к е е в. (*үйден сүңгип шығып*) Солдат!

С о л д а т. (*Жуўырып келип*) Еситемен, лейтенант!

Е н е к е е в. Молланың ҳаялы Татьяна Емельяновна Башенкованы шақырып кел, тез!

С о л д а т. Әжеп болады, лейтенант. (*Кулис сыртына шығып кетеди. Енекеев сүңгип үйге киреди. Ҳәмме сам-саз*)

КӨРИНИС

Сахнада бурынғылар.

1-а д а м. Еситпеген елде көп дегендей, бул бир айта жүргендей әңгиме болатуғын болды.

2-а д а м. Әне, ел'ти киятыр. (*Ҳәмме сол жаққа қарайды*).

КӨРИНИС

*Сахнада бурынғылар, Бийбимарям, Гүлшат, солдат, Елти формасында кийинген Бийбимарям Гүлшат пенен бирге әсте жүрип сахнаға шығады. Бийбимарям аламанды көрип, гилт иркиледи. Жүзин жаўлығы менен бекитип, иийилип оларға сәлем береди. Аламанда иийилип, оған жуўап қайтарады, сәлемин әлик алады, солдаттың силтеўи менен Бийбимарям қара үйге кирип кетеди. Оның қасында ерип келген Гүлшат жолы тосылып, есик аўзында қалып қояды.*

КӨРИНИС

Сахнада Бийбимарямнан өзгелери.

Г ү л ш а т. (*Өзин қолайсыз сезинип*) Әне, жеме-жемеге келгенде, мудамы усындай болып сыртта қала бере-



www.ziyouz.com kutubxonasi

миз! Әдира қалсын!... (*Гүлшат муңайып әсте өз орнына барады. Усы мәҳәли қара үй ишинен қатты-қатты гүбирли сөзлер еситиледи. Ҳәмме қулағын түрип тыңлайды*).

1-адам. Бул, шаңкилдеп сөйлеп атырған Қәдирберген бий — ғой.

2-адам. Аўа, соның даўысы. Өзи қатты зәбердес адам. Турқы-турпаты жудырықтай болса да, даўысының ашшысын-ай... (*қара үйдеги гаўырлы басылады. Аламан өзиниң бурынғы ҳалына қайтады*).

1-адам. Әне, ҳәмме бир көтерилип басылды. Әй, мейли, Қәдирберген бий бир жағына шығарар... Ол қатты зәбердес адам-ғой... Бир күни қыятлардың баяғы кийик саўғанлар әўлады Өтеўли деген бир талип-илим уламасы сыралғы сорап балық алып қайтыў ушын муз үстинен көлге барыпты. Барса қатара кеткен балықшылардың қосы екен. Соншама балықшылардың қосынан биреў де Өтеўли ахунды күтип алмапты. Ең ақырғы қосқа кирсе, Қәдирберген бий отырган екен. Орнынан ушып турып Қәдирберген бий Өтеўли ахунның қолынан алыпты. Төрге отырғызып шай-суў берип, кеште қасына қондырыпты. Сақлап қойған еки балығы бар екен, соны асып, жегизип, жатар алдында:—Ал енди тақсыр, баллар қаза қараўға көлге кетип еди, қазамызға қанша балық түссе, соның бәри сеники, несийбеңе қайыл боласаң, тақсыр депти. Ертеңине азанда көлге барып қараса, қазалары майлап, балықлар үйилип қалған көринеди. Сонда Қәдирберген бий үйилип жатқан балықларды көрсетип Өтеўли ахунға мине тақсыр, мынаў сизиң несийбеңиз, усының ҳәммеси сизики, алың, — депти дейди. Сонда Өтеўли ахун өзине боларын алып, қалғанларын жаңағы онлаған қосқа бөлистирип берипти.

1-адам. Пай, қанатлы адам екендағы.

2-адам. Сонда Өтеўли ахун, Қәдирберген бийге, жети пуштына шекем кәр болмағайсаң — деп пәтиясын берген екен. Мине соннан ба,, ҳәзир Қәдирберген бийден өткир адам жоқ. Ҳәтте баяғы өлип кеткен Айдос бийде, соңғы гезлерде оның менен көп ақылласатуғын болған.

## КӨРИНИС

*Сахнада бурынгылар ҳәм қара үйдегилер. Қара үйдиң ишинде қаттырақ шаўқым көтериледи, сахнадағы аламан бирден тынып, усы шаўқымга қулақ салады. Азғанадан кейин үйдиң есиги ашы-*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*лып, иштегилер бирим-бирим шыға баслайды. Ең ақырында Бутаков шығады. Енекеевке сөйле дегендей ишарат билдиреди.*

Енекеев. Халайықлар, тынышланың, тыныш! Уллы дәрежели капитан Алексей Иванович Бутаков, міне мынаў ақсақал улама, бийлер менен мәсләҳәтлесип, молла Мамыт пенен Татьяна Емельяновна Башкенкова арасындағы қостарлық мәселесин жүдә биймәлел жол менен қайта қарап шығып, мынадай қарарға келди: Биринщиден, молла Мамыт пенен Татьяна Емельяновна Башкенкова арасындағы жуптылық неке-заңсыз деп табылды. Татьяна Емельяновна бурын ерге шыққан, ери тири, бала-шағалары бар. Молла Мамытқа ең дәслеп қул болып сатылып, соң илажсыздан оған басын шатқан. Ал екинщиден болса, молла Мамыттан өз ықтыярынша ажырасып, ол өз ерки менен, өз елине, өзиниң бала-шағасына қайтыўды истейди. Енди олардың өз ырзашылығы менен ажырасыў мәселесин, сизлердиң алдыңызда, көзбе-көз, жүзбе-жүз дегендей, шешиўди уйғарып, мине уллы дәрежели капитан, сизлердиң алдыңызға келип отыр. Қәне, ендиги жумыс булар екеўинде қалды, енди сизлердиң алдыңызда булар сөйлесин. (*кейин шегинеди. Пауза. Молла Мамыттан ҳеш қандай ҳәрекет, нышаны сезилмейди*).

Қәдирберген бий. Қәне, молла Мамыт, буған не дейсең? Айт! мына көпшиликке айтажақ сөзиңди баян ет. (*Мамыт үндемейди*).

Елмурат ахун. Ҳаў, молла Мамыт, неге үндемейсең. Айт қудайылық сөзиңди. (*Мамыт үндемейди, ҳәмме ҳайран болып, ғаўырласа баслайды. Ортаға Бийбимарям шығады, адамлар тым-тырыс болып, ҳәмме соған қарайды*).

*Бийбимарям. (Басын төмен салып, әсте ийбе менен жүрип, төмен қарап, түнжырап турған молла Мамыттың қарсы алдына барып турады. Жыламсыраған ҳалда, әсте сөзин баслайды).* Кешир мени жан моллам, кеширегөр... Кешир мени. Бул иске мен де айыплы емеспен,, сиз де айыпкер емессиз. Бул, өзиңиз айтқандай, тәғдирдиң иси. Мен сизден ҳеш қандай жаманлық көрмедим. Ақшаға сатылған шоры болсам да шоры болмадым, қорланбадым, қорламадың, қорлатпадың. Маған көп нәрсени үйретип, ел алдында мени қәстерлип, қәдирли адам еттиң. Ҳеш ким мени ғайры дин орыс де-



www.ziyouz.com kutubxonasi

меди, елти деп маған исеним билдирди. Сизиң арқаңызда биреўлерге қәдирли шеше болдым, биреўлерге абысын, биреўлерге ең әдепли келин болдым. Усы елде, сизиң арқаңызда, ең жақсы палкер де болдым. Ушықлаўшы, бала туўдырыўшы, ақылгөй де мен болдым. Сизиң бул маған ислеген хызметлериңиз ушын мен сизге өле-өлгенше қарыздарман мың-мың рахмет. Мен буны ҳешқашанда умытпайман. *(Жылап-жылап алады)*. Ал бирақ, туўған жер, туўылған журт, ата-ана, жаслықта берген кеўил, баўырымды жарып шыққан перзент дәрти, мени ақылдан састырып тур... Усы ўаққа шекем, арқа менен қубланы билмей, усылардың ҳәммесин ишиме салып шыдаған едим. Енди бунnан артық шыдаўға тақатым қалмады. Кешир, кешир, кешир мени молла жаным. *(Жылайды)* Маған сизден айырылыў аңсат емес, аўыр, ал қалыў оннан да аўыр болып тур. *(Пауза)* Мениң сизден ҳешқандай зат дәмем жоқ. Мениң сонша жыл ислеген еңбегим, қул базарында маған төлеген пулыңыздың өтеўи болсын. Тек маған мынаў халық алдында, өкпе-гийнесиз жуўабымды берсеңиз болды. Талайыма тән берип, мынаў адамлардан қалмай, өз топарыма қосылсам деген нийеттемен. Өтинемен, жаным молла, мени енди буннан артық қыйнама. *(жылап, аяғына бас урып отырып қалады. Узақ пауза).*
Елмурат ахун. *(пәс даўыс пенен)* Бәрекелла —бәрекелла... Периште адам екенсиз... Әне молла Мамыт, қылған хызметлериң далаға кетпепти. Бул исине бәрше ыразы болса арзыйды. *(көзиниң жасын сүртеди)*. Ал енди сөйле, оншама, өжет бола берме *(молла үндемейди)* Астапыралла, улама адам да усыншама өжет бола береме екен? *(жортаға сөзди басқа жаққа бурып)* уллы дәрежели ақ патша ҳәзиретлери, мен бунnан еки жыл бурын, Қара қум ҳәзиретлериниң илтимасына бола, бир-еки уламалар менен Түркстандағы ҳәзиретлери, хожа Ахмет Яссаўийдиң мазарына барып зиярат қылған едим. Ҳәзиреттиң мазарын бир-еки мәртебе айланып, босағасына маңлайымды тийгизип, гүмбездиң ишине киргенде де төбесиндеги бир тесикке көзим түсти. Сорастырып қарасам, түркстанлы уламалардың гәпине қарағанда, гүмбездиң төбесиндеги бул тесик усы гүмбезди салған устаның өжетлигинен қалған тесик екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәдирберген бий. Ятәәжжыбаа? ?? Ол нешик? Елмурат ахун. Самарқандтағы Әмир Темир Ҳиндстанға сапар шегердиң алдында ең кишкене қатынына усы гүмбезди мен сапардан келгенше салдырып питкерип қоясаң деп тапсырма берген екен. Усы тапсырмаға муўапық, усталарды әлле қайлардан тапсырып усы гүмбезди салдырыпты. Әмир Темир сапардан келер алдын, ҳаял хабар алыўға барса, ҳәзирети Хожа Ахмет Яссаўийдиң усы гүмбези жүдә жақсы болып питкен екен, лийкин төбесинде, бастырылмай қалған еки гербиштиң орны қалғанын көреди. Ханым устаны шақырып алып мына еки гербиш өрилмей қалыпты, соны дәрҳал өрип таслаң деп тапсырма берипти. Уста әжеп болады ханым деп, қала берипти, Әмир Темирдиң ҳаялы жаны төзбей, усы гүмбезге және бир-еки мәртебе келипти, аўҳал өзгермепти. Ақыры болмағансоң, ханым оларды Самарқандтағы сарайға шақырып, оларға жақсылап зияпат берипти. Зияпат тарқар алдында, ханым бири қызыл, бири ақ еки мәйекти қәнизеклерге писирип, устаның алдына қойдырыпты. Соң ханзаданың өзи оның үстине келип, устамыз, мына еки мәйекти сизге арнап өзим писиртип едим, соны жедиңизбе—деп сорапты оннан.—Аўа, жедик ханым—деп жуўап берипти уста оған Соң ханым оннан:—Қәне устамыз, сиз жеген болсаңыз, сол мәйеклердиң бири қызыл, бири ақ еди, айтыңызшы, қайсысы мазалырақ екен?—деп сарапты. Уста ойланып турып, билмедим, екеўиде бирдей болып көринди деп жуўап қайтарыпты. Ал онда бүгиннен баслап жолыңызды меннен аўлаққа салың, қорлық көресиз, мен некели ҳаялман, ана өрилмеген еки гербишти тезден өрип таслаң, болмаса қорлық көресиз—депти. Не себептен бул ҳаял меннен қашады деп, уста өжетленип, баяғы мен айтқан еки гербишти өз орнына өрместен қалдырып, Әмир Темир сапардан келер алдында, өзин там басынан таслап өлип кетипти. Әне молла Мамыт, ҳәзир некалы ҳаялға ашық болып, өлип кеткен устаның өлими аянышлыма, я, оның орынсыз өжетлик қылып, сондай улығ затқа арналған сәнли-шәўкетли гүмбездиң төбесиндеги өрилмей қалған еки гербиштиң орны аянышлыма?! Мине көрдиңиз бе, молла Мамыт, бийорын өжетлик адамды қандай апатқа әкеледи. Ашыўды гүмбезден алма. Биз бул дүньяға келмели—кетпе-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ли инсанбыз, Кейнимизде усы гүмбез қалады. Келеси әўладлар бизге усы гүмбезге қарап баҳа береди.

«Шала ишдан келдур боишига гаўға,
Қорнингин ағыртар булса ҳәм ҳалва» — деп

бийкар айтпаған, ҳәзиретий Абдирахман Джами. Ашыўды қой, өжетликти тасла, истиң ысығына жүр. Мынаў жыйналған аламан алдында, айтар сөзиң болса айт. Олар истен қалып, сениң бетиңе үңилип қарап тур.
Д а ў ы с л а р: —Аўа, аўа, дурыс айтады.
—Пайдалы исимизден қалып, сизге қарап отырмыз.— Илажы болса, тезлеткениңиз жақсы. *(ғаўырлы көтерилип-басылғаннан кейин, молла Мамыт әсте басын көтерип көпшиликке қарайды. Жүдә езилген көкирек пенен қайғы—ҳәсиретли ҳаўаз бенен әсте сөзин баслайды).*
М о л л а М а м ы т. Әй тақсырлар. Меннен не жуўап күтесиз... Мениң берер жуўабым, менсиз-ақ, әлле қашан берилген. Менде қандай өжетлик болсын... Тек босқа өткен өмириме қыйналмақтаман. Бийбимарямды өзиме мәңгиге арқа сүйер асқар таў еттим-аў деп жүрер едим. Не илаж, тәғдир бизге усыны мийрас көрсе... Арамызда бир дәнекер тырнақ болмағанына өкинемен. Болғанда, әлле, бундай ислер болмаспа еди... Аллатала бермесе не илаж... *(төмен қарап қамығады).*
Б и й б и м а р я м. *(Орнынан турып)* Ҳәй, халық халайық. Мен молламыздың қолына қул болып сатылып келгенде 26 жасар келиншек едим. Келгениме де мине саппа-саррас 16 жыл болды, Усы 16 жыл ишинде бизиң басымыздан қандай күнлер өтпеди дейсиз... Соған қарамастан, биз-бир-биримизге елеге шекем сен деген сөзге келмеген едик.... Не илаж тәғдир бизди бир тырнаққа зар етти. Молламыз айтқандай арамызда бир тырнақ болғанда бәлки бул саўдалар болмаспа еди... Өтинемен, молламызға гүна тақпаң! Ол гүнакар емес! Жеплигин жүрген мен, *(жылайды)*. Мени желиктирип турған өзимниң туўған жерим, өскен елим, ана топырағым. Жас тоқтағанда сол еске түсер екен... Кешириң мени ҳәй халайық, кешир мени, ҳәй маған қәдирдан болған жан моллам! *(өксип-өксип жылайды).*

Қ ә д и р б е р г е н б и й *(Орамалы менен көзин сүртип, әсте жуўасыған ҳалда ортаға шығады).* Айтыңызшы, елти ийшан, молла Мамыт сизди зорлап мусырман етти



www.ziyouz.com kutubxonasi

деген сыпсың сөз ел арасына таралған, сол гәп дурыс па?

Бийбимарям. Жоқ, жоқ! Бул жалған! Мени ҳеш ким зорлап өз динимнен бездирген жоқ, я қорқытып мени мусылман еткен жоқ. Мени бул иске ийтермелеген тәғдирдиң өзи, турмыс, тиришилик...

Өзлериңиз-ақ ойлап қараң, егерде мен солай ислемегенде, мен усы күнге шекем, усы ҳалда жасай алар ма едим? Әлбетте, жоқ. Өзимниң тиришилигим ушын. Өзим усылай ислеўге мәжбүр болдым. Мени мусырман динине кириўге мәжбүр еткен бул киси емес, усы жерде жасаўшы ел, елат. олардың турмыс шарўалары болды. Лийкин, усы динге кириўге оның диний дәстүрлерин үйрениўге, тезирек билип өзлестирип алыўға усы киси себепкер болды. Мен өзим, Орск қаласынанман. Ор дәрьясының бойындағы «Янги Юл» темир жол станциясында туўылып өскенмен. Ор дәрьясы Урал дәрьясының бир шақапшасы. Урал дәрьясы ески заманларда «Жайық» деп атанған. Еситиўлериме қарағанда, «Жайық» дәрьясының бойында, көбине көп, мусылманлар жасаған. Мен туўып өскен «Янги Юл», «Қарғалы» темир жол станцияларында мусырманлар көп жасар еди. Бизлер олар менен қарым-қатнаста болып жасар едик. Мен жас гезимде Татар, Башкир қызлары менен көп ойнар едим. Соннан болса керек сол халықлардың турмыс дәстүрлерин, диний исенимлерин, көп қосыққ қатарларын ядқа билгенмен. 1836-жылы, молланың қолына келиншек болып түскенде мусылманшылықтың айырым қағыйдалары менен таныс едим. Молланың қолына келгеннен кейин, тәғдириме тән берип, оны шынтлап үйрене басладым. Мениң ынғайыма қарап, молламызда билимин, ўақтын, күшин меннен аямады. Нәтийжеде молламыздың көп жәрдеми арқасында 16 жыл ишинде мусылман динин үйренип алыўға еристим. «Ат айланып қазығын табар»—деген дей, мен енди усы мусылманшылығымды тәрк етиў мақсетинде емес, өзимниң өнип-өскен қазығыма қайта айланыў мақсетинде, бул истиң басына барып отырман.

Елмурат ахун. Ҳә, бәрекелла Бийбимарям қурдас! Алла ыразы болсын саған. Қәне, молла Мамыт, ендиги сөз сенде, сөйле!

Молла Мамыт. Уллы дәрежели ақ патшаның азаматлары, бағанағы айтқаным-айтқан, соны мына жәмәәтке және қайталап айтаман. Зарым бар да, зорым



www.ziyouz.com kutubxonasi

жоқ. Егерде Бийбимарям өзи, өз елине кетиўди қәлеген болса, мениси рухсат. Мен қуданың басыма не салғанына көндим.

Елмурат ахун. Әне, бәрекелла! Ҳақыйқый мусырманның сөзи. *(Усы мәҳәлге шекем қатын-қызлардың қоршаўында турған Бийбимарям молла Мамыттың алдына келип, миннетдаршылық билдирип диз шөгеди. Адамлар арасында жанланыў пайда болып, өз-ара сөзлер басланады. Қәдирберген бий, Елмурат ахун, Бутаков, Енекеевлер молла Мамыттың жанына топланды).*

Бутаков. Татьяна Емельяновна, от души поздравляю вас. Отныне русская христианка. *(шадлы музыка жаңлайды).*

## ПЕРДЕ

## БЕСИНШИ КАРТИНА

Арал теңизиниң жағасы. Жағыс экспедиция адамлары пароходқа экспедиция материалларын жүклеў менен әўере. Узақтан Арал теңизиниң айнадай жалтыраған келбети көринеди. Усы көриниc бираз даўам етеди.

### КӨРИНИС

Енекеев. *(Қолында бир тода папкасы бар, алақлап сахнаға кирип келеди).* Ҳей, матрослар, тезирек қыймылдаң, тезирек... Пароходтың якорын босатып жолға шығыўына аз ўақыт қалды.

1-матрос. Пароход жүкленип жақынласты лейтенант. Енди анаў шатырларды бузып, соларды жыйнаў қалды.

Енекеев. Онда сен қасыңа бир-еки адам алып, соларды жығып жыйнаўға кирис. Ҳәзир Алексей Ивановичтиң өзи де келип қалады, соған шекем тайын болып турайық. Үлгериў керек.

1-матрос. Әжеп болады лейтенант. *(шығып кетеди).*

Енекеев. *(Бир папканы ашып)* Мине мынаў үш ай бойы жыйналған экспедициялық материаллар. Усы дизим бойынша пароходқа дурыс жүкленди ме екен, я жоқпа, тексерип көриў керек. Усыны анықламасақ капитан бизлерди тирилей жутады ғой. *(далаға қарап)*. Иван Петрович!

Антонов. *(сырттан даўыс береди)* Неўе?

Енекеев. *(бақырып)* Бир минутқа келип кетиң!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨРИНИС

Сахнада Енекеев, Антонов.

Антонов. *(еки жеңи түрилген Антонов, кулис сыртынан сахнаға асыға киреди).* Не буйырасыз, Булат Айсинович?
Енекеев. Иван Петрович, экспедиция материаллары толық жүклендиме екен, соны билмекши едим.
Антонов. *(Ойланып)* Билмедим. Жүкленген болыўы керек...
Енекеев. *(гүманланып)* М. м...сақлықта қорлық жоқ деген, соны және анықлап көрсек қәйтеди?
Онда сиз... сиз анаў палубаға барың, мен усы жерде турып, мынаў дизимди оқыйын, сол бойынша сиз затларды көзден өткериң, яқшыма.
Антонов. Болады Болат Айсинович. Бирақ, сол жерге екеўимиз де барып анықлағанда қәйтеди.
Енекеев. Жоқ, Иван Петрович, маған бул жерден кетиўге болмайды, тапсырма сондай....
Антонов. А..... түсиникли *(кетеди).*

## КӨРИНИС

Сахнада Енекеев, жүк тасып өтип-кетип жүрген матрослар...

Енекеев. *(папканы ашып)* Метрологиялық материаллар салынған ящик бар ма?
Антонов. *(сырттан)* Бар.
Енекеев. Синоптикалық материаллар салынған ящик бар ма?
Антонов. *(сырттан)* Бар.
Енекеев. Тәбият байлықлары ҳаққындағы материаллар, бар ма?
Антонов. *(сырттан)* Бар.
Енекеев. Ҳайўанатлар ҳаққындағы материаллар бар ма?
Антонов. *(сырттан)* Бар.
Енекеев. Қуслар, балықлар, ҳаққындағы материаллар бар ма?
Антонов. Бар..... бар.
Енекеев. Халық хожалығы ҳаққындағы материаллар бар ма?
Антонов. *(сырттан)* Бар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енекеев. Халықтың этникалық түрлери, миллетлик группалары ҳаққындағы материаллар бар ма?
Антонов. *(сырттан)* Бар.
Енекеев. Халықтың мәденияты, турмысы, үрп-әдетлери, жәмийетлик дизимлери ҳаққындағы материаллар бар ма?
Антонов. *(сырттан)* Бар.
Енекеев. Халықтың аўыл хожалық қурал-сайман, жол қатнас көликлери туўралы мағлыўматлар салынған яшиклер бар ма?
Антонов. *(сырттан)* Бар.
Енекеев. Жер асты байлықлары, жер бетиндеги тәбийий ресурслар ҳаққындағы материаллар бар ма?
Антонов *(сырттан)* Бар.
Енекеев. Жер бетиниң көриниси, өсимликлер түрлери, сейсмологиялық жағдайлары туўралы материаллар бар ма?
Антонов. *(сырттан)* Бар.
Енекеев. Усы үлкениң географик карталары, сызылмалары, расчетлары, бар ма?
Антонов. *(сырттан)* Жоқ.
Енекеев. (таң қалып) Неге?!
Антонов. *(сахнаға жүўырып келип)* Олардың ҳәммеси ҳәзиринше менде. Бул капитанның тәнҳа тапсырмасы, Болат Айсинович!
Енекеев. Ҳа, онда мейли Иван Петрович. *(кулиседи)* Демек, биз пароходтың якорын алып, оны бахытлы сапарға жөнелтиўге тайынбыз деген сөз.
Антонов. Енди бизге рухсат па, Болат Айсинович?
Енекеев. Рухсат, Иван Петрович, рухсат *(Антонов кетеди)*.

## КӨРИНИС

Енекеев жалғыз өзи, анда-санда жүк тасыған матрослар оның қасынан өтип турады.

1-матрос. *(кирип келип)* Господин лейтенант, шатырлардың ҳәммесин жығып жыйнап болдық. Әне, хо анаўматрослар соларды пароходқа тасып атыр.
Енекеев. Бәрекелла, ҳеш нәрсе умыт қалмасын. *(матрос пароходқа кетеди)* Так.. капитанның тапсырмалары, бирқанша бәржай болды... *(саатына қарап)* ўа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қыт та аз қалдығой, капитан, еле жоқ... Неге кешигип атыр екен я? *(және саатына қарап, бир бұршекке барып әсте темеки шегип отырады)* Я, әлҳәпбиз-ай! Адам баласының өз қаналасына бүйири бурмайтуғыны жоқпа диймен... Биреўлер оны билдирип ислесе, биреўлер билдирмей ислейди. Капитан Бутаков ҳешнемеден тартынбай, ашықтан ашық ислесе, менше....әй! капитан Бутаковтың арқасы күшли, жоқарыдан таяныш бар, ал менше... Бутаковтың қолындағы күшигимен... Қашаннан да зордың сөзи сөз екендағы... Кешеги бир әлле неткен орыс ҳаял ушын, жыйналған жергиликли халықтың ҳал аўҳалын көрип, жүрегим ўдай ашыды... Олар менен санасып, олардың сөзин тыңлап атырған адам жоқ... Көше-көштен, сансыз жаўгершилик, әдилсизликтен көзи қорқып келген ылый-жылый мусырманлар, бир орыстың жаў-жарағы менен салтанатынан қорқып, өзли-өзин ийттей талады. Қәдирберген бий, Елмурат ахун, Есберген ақсақал-ғой, ақылы пәр кесетуғын дана адамлар... Әттең қолында күши жоқ. Арқа сүйер таўы жоқ... Соның ушында, елин жаўдан аман сақлайман деп, тилине күш салыўға мәжбүр болды.... Мине усы аҳўалларды көрип қаналас, тиллес, динлес болғаным ушын мениң ишимнен қаным қайнады себеби усындай аўҳал, тек мениң усы қанлас, баўырласларымда ғана емес, сонша жыл ел басқарып, тарийхта аты қалған мениң татар халқымнында басында бар. Бир татар емес, барлық мусырман халқы усы аўҳалда. Әттең, әттең!! Тилиң таңлайға тығылып, усыларды ашық айдын айтарға ярамий, ярамий... Усы исти өзим басласам да, истиң ақыбетин көрип ишим оттай жанды... Күшлиниң үйи жансын деген усы екендағы... *(Алыстан ат арбаның қоңырау сести еситиледи. Енекеев секирип турып, сол жаққа қарайды)* Әне капитанның өзи киятыр. Қасындағы Қәдирберген бий—ғой... *(Сыртқа даўыслап)* Әй матрослар, әй механиклер, капитан Бутаков киятыр, орны-орынларыңызға, тез! тез!! Якорды босатыўға таярланың!

*Сөзсиз ҳәрекетлер:*

*(Сахнада ол жақтан бул жаққа, бул жақтан ол жаққа қарай жүўырыспа басланып, ол бираз ўақыт даўам етеди. Жолға қарап отырған Енекеев жүўырысы менен авансценаға келип, бир шетке честь берип қатып қалады).*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨРИНИС

Кулис арқасынан зуўлап өткен Бутаков, сахна ортасына келип тоқтайды. Лейтенант Енекеев оның алдына келип рапорт береди.

Енекеев. Уллы дәрежели капитан Алексей Иванович, барлық затлар пароходқа жүкленип болынды, пароход сапарға таяр.

Бутаков. Жүдә жақсы.

Енекеев. *(папканы оган берип)* Мине, мына тәртипте экспедиция материаллары пароход палубасына жайғастырылды.

Бутаков. *(папканы ашып, дизимди көзден өткереди).* Бопты. Ал енди упаковкалары қалай екен?

Енекеев. Барлығы ящик, картон қуты, темир бидонларға жайластырылған. Ықшамлы хәм итияжлы, Алексей Иванович.

Бутаков. Жыйналған барлық материаллар стационарлық анализге сапалы болып жетиўи керек. Соны барғанша өзиң бақла, лейтенант, Хош кешеги рус хаялы Татьяна Емельяновна Башкенкова келди ме?

Енекеев. Жоқ, господин капитан.

Бутаков. Қызық, неге кешикти екен? Айтқандай, кешеги кийим-кеншеклерди оған берип жибергенбе едиңиз, лейтенант?

Енекеев. Әлбетте, жиберилди, господин капитан.

Бутаков. Қәдирберген бий, сизиң бул истен хабарыңыз болмады ма?

Қәдирберген бий. *(қуллық қылып)* Жоқ, мырза, мен сизиң кешеги тапсырмаңыз бенен шыға алмадым. Келип қалар. Сонша жыл бас қосқан қостары менен, сонша жыл дуз дәмек болысқан ел-елаты менен хошласып шыға алмай атырған шығар... Аңсатпа ақыры. *(Сырттан шаўқым еситиледи, хәмме сол жаққа нәзер аўдарады.)* Әне киятыр.... Охо, қасындағы адамларға қараң... Хаў.... Гилең қатын, бала-шағалар гой.......

## КӨРИНИС

Сахнадағы адамлар орынлы-орынларына қайтады. Азғана паузадан кейин, европаша кийинген Бийбимарям сахнаға шығады. Изинен бирим-бирим хаял, бала-шагалар шығады. Ең алдында Бийбимарямның түйиншигин көтерген Гулшат көринеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бутаков. (Еки қолын жайып ортаға шығады) О, о, о, Мине енди өзиңниң шын нәсилиңе усадың, қутлықлайман сизди Татьяна Емельяновна. Өзиңизге өз липасларыңыз жүдә жарасады. Қәдди-қәўметиңиз де пүткиллей өзгерип кетипти.

Бийбимарям. *(уялып, қысынып)* Рахмет, рахмет,

Бутаков. Хош, қәне айтыңызшы, усындай өзимиздиң миллий кийимди киймегениңизге неше жыл болады?

Бийбимарям. *(уялып)* Киймек түўе, көрмегениме 16 жыл болып қалды.

Бутаков. Мине, енди, дымнан басқаша адам болып көринесиз...

Гүлшат. Таныған жерде ой сыйлы, танымаған жерде бой сыйлы деген, Сонша жыл бирге жасаған елти абысынды, мынаў кийимде көргенде өзлеримиз де танымай қалдық. Солай емеспе, келинлер?

Ҳәмме *(шуўласып)* Аўа, аўа, танымай қалдық... Елтимиз мүсиндей сымбатлы нашар екен ғой... *(жалпы күлки)*.

Бутаков. Қәне лейтенант, сапарға арналған биринши гудок берилсин!

Енекеев. *(честь берип)* Әжеп болады капитан! *(Кулис сыртына қарап, бақырады)* Дыққат! Гудок!

*(Қатты-қатты гудок бериледи, ҳәмме қулағын басып, отырып қалады).*

Бутаков. *(гудок тынғаннан кейин)* Қәне енди Татьяна Емельяновна мынаў адамлар менен тез-тез хошласыңыз да, пароходқа миниўге таярланың! *(саатына қарап)* Азғана ўақыт қалды *(өзин шетке алады. Қайғылы музыка жараңлайды. Усы музыка фонында Бийбимарям ортаға шығып ҳәммеге, ҳәмме әтирапқа бир шолып қарап шығады-да өзиниң хошласыў монологин баслайды.)*

Бийбимарям. Ал альвуда! Аумин! *Ҳәмме отырып қол жаяды)* Әдиўли абысынларым, әдиўли қәйнене, келинлерим. Аман болың, саў болың, баўырыңыз пүтин болғай қанаңыз ҳеш бузылмағай, бала-шағаларыңыздың рәҳәтин көргейсиз. Аўмин, аллахи әкбар! *(Пәтия қылады, соң қамығып, қайғылы гәпин даўам етеди).* Мен бир озалдан қанасы бузылған адамман. Жәнеде өз елим, өз журтым, өз қаналасларым деп қатықтай уйып отырған қанамды бузып, сизлердей ардақлы адамлардан бөлекленип кетип баратырман. Мени күнлей



www.ziyouz.com kutubxonasi

көрмеҳ, қарғай-көрмеҳ, сөге көрмеҳ, меннен ибрат ала көрмеҳ. Мениҳ жолымды сизлердиҳ ҳеш биреўиҳизге, ҳешбир урим-путағыңызға бермегей. *(Қамығып азғана еҳиреп жылап алады соҳ, азғана паузадан кейин аянышлы сөзин даўам етеди).*

Бир тилегим, мениҳ жаҳа көз жасын төгип, жетим баладай бозлап қалған шалыма қарай көриҳ. Ғамхорлық етип, тезирек бир басын екеў ете көриҳ. Ол өзи бир жақсы адам, иймаплы адам. Мен оның жаманлығынан кетип баратырғаным жоқ. Мағап ол жүдә аянышлы, қәдирли... Оннан бир тырнақлы бола алмағаныма өкинемен. *(сырттан пароходтыҳ гудоги еситиледи).* Өйбей Пароход жүрип кетер, ал яқшы қәдирданларым *(тез-тез қушақласып хошласыў басланады).*

Гулшат. Кел абысын.

Жақсы көрпе, жақсы жастық, Жатқармайды-аў дәўлет тасып. *(өзин бир шетке алады. Оның менен ерекше қушақласып хошласыў ушын, еки қолын кеҳнен ашып оған қарай жүреди)*

Бийбимарям. *(жалт бурылып Гулшатқа кеҳнен қулашын жайып).* Ал, жаман көрпе, жаман жастық, Турғызбайды қара басып... Хош бол жан абысын! *(Екеўи еки жақтан келип ыссы қушақласып хошласады. Көпшилик арасында жыласпа... Қатты-қатты берилген пароход гудоги еситиледи. Бийбимарям түйиншигин ала сыртқа қарай жуўырып кетеди. Пароход ходланып, қозғала баслағаны еситиледи. Ҳаял-бала-шағалар сахна артына жыйналып алысқа қол былғасады. Узыннан узақ берилген гудок алыслай баслайды.*

Гулшат. Әне абысынлар, арамыздағы иске асар жалғыз елтимиз де кетти. Бийшара, Хийўа нөкерлерине бенде болып келген еди... *(азғана ойланып)* Ҳай, бий қайнаға, усы Хийўаның нөкерлери ол жақта не қылып жүрген-ай?

Қәдирберген бий. Хийўаның саўдагерлери кәрўан тартып мудамы Оренбургқа қатнап турған ғой... Олар жол қәўетеринен қорқып, мудамы өзлери менен жалланба нөкер алып жүрер екен. Соннан қайтқан нөкерлердиҳ биреўиниҳ қолына түскен ғой...

Гулшат. Хо, солайма... Неде болса, бийшара, бенделиктен қутылды.

2-адам. «Адам адамнан қутылар. Лийкин адам өз пей-



www.ziyouz.com kutubxonasi

линен қутылмас»! деген. Ақыры молла Мамыттан қутылды, бирақ...

1-адам. Бәрин айт та, бирин айт, әлленеткен бир орыс ҳаялына, мына ақ патшадан келген мехманның жаны ашып, ғаўғадан оны аман алып шығысына қараң... Саддақ сениң ғайратыңа!

Қәдирберген бий. «Султан сүйегин қорламас» — деген усы екендағы... (*Күшли ҳәм қәҳәрли музыка жаңлайды. Соның фонында ҳәмме қолын бәлент көтерип, узақ-узаққа қол былғайды. Молла Мамыт ҳаўлығып сахнаға шығады, қатынының кеткенин билип, қолын бир силтеп, еки қолы менен бетин жасырып, аўыр гүрсинген ҳалда жүресине отырып қалады...*)

Перде



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

Айдос баба. . . . . . . . 3
Султан сүйегин қорламас . . . . . . 75



www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

**Тореш Алланазаров**

# АЙДОС БАБА

Пьесы

Издательство «Қаракалпакстан»
Нукус — 1992



www.ziyouz.com kutubxonasi

Редакторы *Патима Мырзабаева*
Художниги *Исмайыл Қыдыров*
Худ, редакторы *Ўайис Ережепов*
Тех редакторы *Оралбай Жумабаев*
Корректоры *Жамила Алманова*

ИБ 4377

Териўге берилди 13. 10. 92. Басыўға рухсат етилди. 15. 12. 92. Қағаз форматы 84x108$^1/_{32}$ Типографиялық қағаз № 2. Әдебий гарнитура кегль. № 10. Жоқарғы баспа усылында басылды. Көлеми 4,375 баспа табақ 7,35 шәртли баспа табақ 7,37 есап баспа табақ. Тиражы 3000. Буйыртпа № 266. Баҳасы шәртнама бойынша

«Қарақалпақстан» баспасы Нөкис қаласы, Қ. Маркс көшеси, 9.

ҚР Мәмлекетлик Баспасөз комитетиниң «Правданың 50 жыллығы» Нөкис полиграфкомбинаты. Нөкис қаласы, Қ. Маркс көшеси 9.



www.ziyouz.com kutubxonasi